

**PROJET DE LOI N° 1/ DU / /2023
PORTANT CODE DES COMMUNICATIONS
ELECTRONIQUES ET POSTALES**

**INTEGURO Y'IBWIRIZWA INOMERO 1/
RYO KU WA / /2023 RISHINGA
IGITABU C'AMATEGEKO ARINGANIZA
IVYEREKEYE UGUHANAHANA AMAKURU
MU BUHINGA BWA NONE N'IBIJANYE
N'AMAPOSITA**

EXPOSE DES MOTIFS

MVO N'IMVANO

I. CONTEXTE ET JUSTIFICATION

Le présent projet de loi s'inscrit dans une perspective de donner effet aux orientations de la Politique Nationale de Développement des Technologies de l'Information et de la Communication (PNDTIC 2010-2025), adoptée par le Conseil des Ministres en sa séance du 13 Juillet 2011.

La Politique Nationale de Développement des TIC envisage dans le cadre de l'amélioration de l'adaptation du cadre politique, juridique, réglementaire et de régulation à l'ère de la convergence des technologies, de réaliser les objectifs spécifiques ci-après :

- Procéder à la révision de loi sur les Télécommunications en s'inspirant des meilleures pratiques régionales et internationales et en tenant compte également de convergences des technologies ;
- Mettre en place une législation sur le secteur postal qui consacre la libéralisation et réglementation des activités de ce secteur ;
- Etendre les missions de l'ARCT à la régulation du secteur des postes et augmenter son indépendance de gestion pour en faire un régulateur convergent et indépendant ;

**I. IBITUMYE IRI BWIRIZWA
RITEGURWA**

Iyi nteguro y'ibwirizwa igizwe kugira hashirwe mu ngiro intumbero ya Poritike y'igihugu yerekeye uguteza imbere ubuhinga bwa none bw'ukumenyeshya n'uguhanahana amakuru (mu mpfunyapfunyo y'igifaransa PNDTIC 2010-2025) yemejwe n'Inama Nshikiranganji mu nama yayo yo ku wa 13 Mukakaro 2011.

Poritike y'igihugu yerekeye uguteza imbere ubuhinga bwa none bw'ukumenyeshya n'uguhanahana amakuru itegekanya mu bijanye n'ukuroranya neza gusumba ivyerekeye poritike, amategeko hamwe n'ibijanye n'ugucungera muri iki gihe c'ubwanzurirahamwe mu bijanye n'ubuhinga bwa none, iyo poritike ikaba ifise amahangiro akurikira:

- Gusubiramwo ibwirizwa ryerekeye ugutumatumanako amakuru hakoreshejwe ubuhinga bwa none ku rwego rw'akarere na mpuzamakungu hisunzwe ubwanzurirahamwe mu bijanye n'ubuhinga bw'uguhanahana amakuru;
- Gushiraho amategeko agenga igisata c'amaposita arekurira ababishoboye gukorera muri ico gisata n'ayagenga ibikorwa vyo muri ico gisata;
- Kwongereza imirimo y'Urwego ARCT hagashirwamwo uwo gucungera igisata c'amaposita no kwongereza ubwigenge bw'urwo Rwego bw'ukwitunganiriza ivy'intwano n'ikigega kugira rube Urwego

rucungera kandi rube ihuriro mu bijanye n'ugutumatumana amakuru rwongere rwigenge.

Quant au secteur postal, il connaît actuellement des mutations liées notamment à l'évolution technologique, à l'émergence de nouveaux services postaux et à l'entrée de nouveaux opérateurs privés en l'absence de la régulation.

Ku bijanye n'igisata c'amapositiona, hariho ibiriko birahinduka bivuye canecane kw'iterambere ry'ubuhinga bwa none, kw'igwirirana ry'ibisata bishasha vy'amapositiona hamwe n'umuzo w'amashirahamwe y'abikorera utwabo akorerera muri ico gisata ariko ata rwego rwayacungera.

Il est donc apparu nécessaire de mettre en place un environnement juridique permettant d'assurer une concurrence loyale dans ce secteur.

Vyabonetse rero ko bikenewe gushiraho amategeko atuma hakurikiranwa neza ihiganwa ryisunze amategeko muri ico gisata.

Ces objectifs spécifiques sont en droite ligne avec les orientations et les directives de l'East African Communications Organisation (EACO), de l'Union Africaine des Télécommunications (UAT), de l'Union Panafricaine des Postes (UPAP), de la Conférence des Postes et Télécommunications de l'Afrique Centrale (COPTAC), de l'Union Internationale des Télécommunications (UIT) et de l'Union Postale Universelle (UPU).

Ayo mahangiro ajanye n'intumbero n'ivyasabwe n'Ishirahamwe rijejwe guhanahana amakuru ry'ibihugu vya Afrika y'Ubugeruko (EACO), Ishirahamwe rijejwe gutumatumanako amakuru ry'Ubumwe bwa Afrika (UAT), Ishirahamwe ry'amapositiona muri Afrika (UPAP), Inama y'uguhanahana ivyiyumviro bijanye n'amapositiona n'ugutumatumana y'Ubumwe bwa Afrika yo hagati (COPTAC), Ishirahamwe rijejwe gutumatumanako amakuru ku rwego mpuzamakungu (UIT) hamwe n' Ishirahamwe ry'amapositiona kw'isi yose (UPU).

Ces objectifs spécifiques concourent aussi à la mise en œuvre de l'Objectif de Développement Durable (ODD) n° 9 en rapport avec l'industrie, l'innovation et les infrastructures) en matière des communications électroniques et des postes. En guise de rappel cet ODD précise qu'il faut permettre l'accès de tous aux nouvelles technologies. Il n'est plus à démontrer aujourd'hui que les TIC sont un accélérateur de développement en son sens qu'elles sont utilisées dans tous les domaines pour améliorer la qualité des services et prestations.

Ayo mahangiro akaba afasha mugushira mungiro umugambi-hangiro mpuzamakungu inomero y'9 (ODD 9) werekeye amahinguriro n'inyubako rusangi mubijanye no gutumatumanako amakuru n'amapositiona. Twokwibutsa ko uwo mugambi-hangiro avuga ko ari ugukora ibishoboka vyose kugira abantu bose bashobore gukoresha ubuhinga bwa none. Si agaseseshwarumuri, ubuhinga bwa none si kirumara mw'iterambere kuburyo bukoreshwa mu bisata vyo mu ntumbero yo kwongereza akanovera k'ibirangurwa.

Or, le décret-loi n°1/11 du 4 septembre 1997 portant dispositions organiques sur les télécommunications qui régit le secteur des communications électroniques ne permet pas de garantir la sécurité juridique des intervenants dans le secteur et des activités y relatives.

Ledit décret-loi est muet sur la régulation de nouveaux services actuellement exploités dans notre pays ainsi que sur les questions de licences unifiées et de renouvellement des licences à l'échéance des contrats de concession ; les transactions électroniques, la confidentialité et la protection des données à caractère personnel.

L'environnement juridique actuel précaire n'est pas de nature à garantir l'aboutissement du chantier de digitalisation, de l'économie numérique et ne stimule pas les investissements au Burundi.

Dans le secteur postal, la loi du 10 octobre 1962 sur l'Administration des postes consacre le monopole d'exploitation du secteur postal par la Régie Nationale des Postes (RNP). Entretemps, des opérateurs privés sont apparus dans ce secteur.

Les raisons majeures qui militent en faveur de l'adoption de ce projet de loi portant Code des communications électroniques et postales sont les suivantes :

1. L'actualisation du cadre légal et réglementaire et du mode de régulation dans les secteurs des communications électroniques et des postes.

Mugihe biri uko, Itegeko-bwirizwa inomero 1/11 ryo ku wa 4 Nyakanga 1997 ritunganya igisata co gutumatumanako ntaco rivuga kubijanye no gukingira abakorera muri ico gisata ndetse n'ibikorwa biberamwo.

Iryo tegeko nyene ntaco rivuga kubijanye n'imirimo mishasha ibera muri ico gisata no ku vyerekeye impusha zikivunga z'abakorera muri ico gisata, ukugura no kugurisha biciye mu buhinga bwa none, kubika amabanga aciye mu buhinga bwo guhana amakuru no gukingira abakoresha ubwo duhinga.

Amategeko akiri uko ari, biraboneka ko umugambi wo gukoresha ubuhinga bwa none muri vyose bigoye ko ugenda neza, ndetse n'abarwizatunga ntibashora guhurumbira kuzana imitahe yabo mu Burundi.

Mu gisata c'amaposita, ibwirizwa ryo ku wa 10 Gitugutu 1962 ryerekeye uburungozi bw'amaposita buha ububasha ishirahamwe RNP gukorera muri ico gisata ryonyene mugihe tubona uyu munsu ayandi amashirahamwe y'abikorera utwabo akora ibisa n'ivyo.

Imvo nyamakuru zitumye iri bwirizwa rishasha riringaniza ivyerekeye uguhanahana amakuru mu buhinga bwa none n'ibijanye n'amaposita rishirwaho ni izi zikurikira :

1. Ukurororisha amabwirizwa, amategeko n'uburyo bw'ugucungera mu vyerekeye ihiganwa mu budandaji mu bisata bijewe uguhanahana amakuru mu buhinga bwa none hamwe n'ibijanye n'amaposita.

Les textes actuellement en vigueur ne permettent pas de lever les défis auxquels les secteurs des communications électroniques et des postes sont aujourd'hui confrontés.

En effet, ces textes :

- règlementent les secteurs des communications électroniques et des postes sans tenir compte de la convergence des technologies et des services ;
- ne règlementent pas les transactions électroniques, la cybersécurité et la répression de la cybercriminalité ;
- ne tiennent pas compte des exigences de la numérisation du secteur de radiodiffusion sonore et télévisuelle
- ne dotent pas le régulateur des pouvoirs suffisants pour s'adapter à l'émergence de nouveaux réseaux et services, lutter contre les pratiques anticoncurrentielles, garantir et assurer le partage d'infrastructures, encadrer les tarifs pratiqués par les opérateurs, promouvoir la qualité de service afin de protéger les consommateurs ;
- ne permettent pas de mettre en œuvre une stratégie de service universel aussi bien dans le secteur des communications électroniques que dans celui des postes.

Le présent projet de loi portant code des communications électroniques et postales vient donc pour combler ce vide juridique. Sa

Amategeko ariko arakurikizwa ubu ntatuma ingorane ibisata bijejwe uguhanahana amakuru ku buhinga bwa none hamwe n'ibijanye n'amaposita zihera.

Nkako, ayo mategeko :

- aringaniza ibisata bijejwe uguhanahana amakuru ku buhinga bwa none hamwe n'ibijanye amaposita adafatiye ku bwanzurirahamwe mu buhinga none ;
- ntatunganya ibijanye n'uguhanahana ibidandazwa biciye mu buhinga bwa none, ugucungera umutekano w'ubuhinga ngurukanabumenyi n'uguhasha ubukozi bw'ikibi bukorwa biciye mu buhinga ngurukanabumenyi ;
- ntategekanya ibitegerejwe mu kumenyesha amakuru biciye mu nsamirizi canke ku mboneshakure kandi mu buhinga bwa nimerike ;
- ntaha ububasha bukwiye urwego rujewe gucungera, bw'ukurwanya ibikorwa biteye kubiri n'ihiganwa, ugukurikirana ibijanye n'ugusangira ivyubatswe, ugukurikirana ishingwa ry'ibiciro amashirahamwe akoresha mu gikorwa kimwe kimwe cose arangura no kugira abaguzi bakingirwe bimwe bishemeye ;
- ntiyorohera ko hashirwa mu ngiro umugambi utuma bese bashobora gukoresha ivyerekeye uguhanahana amakuru haba mu gisata c'uguhanahana amakuru biciye mu buhinga bwa none canke mu gisata c'amaposita.

Iyi nteguro y'ibwirizwa riringaniza ivyerekeye uguhanahana amakuru mu buhinga bwa none n'ibijanye n'amaposita ikaba izanye

promulgation permettra de :

inyishu kuri ivyo bibazo vyose. Ugutangazwa kwaryo kuzozana uturusho dukurikira:

- Créer un environnement propice et favorable au développement des affaires en réglementant notamment les transactions électroniques, la Cybersécurité et en régulant le secteur postal ;
- Favoriser la mise en œuvre des stratégies et politiques du Gouvernement dans le secteur du numérique ;
- Garantir les prestations du Service Universel dans les secteurs des communications électroniques et des postes ;
- Réglementer et encourager le partage des infrastructures TIC notamment les antennes et les stations d'émission/réception d'ondes radioélectriques ;
- Renforcer le régulateur des communications électroniques et postales;
- Réglementer la mise en place et le fonctionnement des centres d'alerte informatiques (CERT) en vue de lutter contre les attaques informatiques ;
- Gushiraho umwuka utuma ivyashara bitera imbere biciye cane cane mu gutunganya neza ivyerekeye kugura no kugurisha hakoreshejwe ubuhinga bwa none, gucungera umutekano muri ico gisata no kugenzura igisata c'amaposita ;
- Kworohereza ishirwa mu ngiro ry'imigambi na poritike vya Reta mu gisata ca nimerike ;
- Gushiraho ivyotuma umugambi w'ugutuma bose bashobora gukoresha ubuhinga bwa none bw'uguhanahana amakuru n'ibijanye n'amaposita ;
- Gutunganya ivyerekeye gusangira inyubako zimwe zimwe za nkenerwa mu vyo gutumatumanako amakuru cane cane amantene, hamwe no guhamagarira amashirahamwe akorera muri ico gisata gushira imbere gusangira bene izo nyubako ;
- Gukomeza urwego rujejwe kugenzura ubuhinga bwa none bw'ukumenyeshya n'uguhanahana amakuru n'ibijanye n'amaposita ;
- Gushiraho amategeko agenga ingene ibibanza vy'uguhanahaniramwo ubutumwa bikora biciye mu buhinga ngurukanabumenyi n'ugushinga ibigo vy'igihugu vy'ukugabisha no gutorera inyishu ibibangamira ikoresheya ry'imashini nyabwonko (CERT) hamwe n'ibiro vy'iyandikiro vy'amazina yerekana urubuga mvajuru;

2. La régulation du secteur postal par la mise en place d'un cadre légal et réglementaire actualisé:

2. Ukurekurira ababishoboye bose gukora mu bijanye n'amaposita hamwe n'ukugenzura ico gisata biciye mu mategeko ajanye n'igihe.

Le secteur postal est régi par un cadre légal lacunaire qui date du 10 octobre 1962 et mérite d'être révisé et actualisé.

Igisata c'amaposita kigengwa gushika ubu n'itegeko ritikwiye ryo ku wa 10 Gitugutu 1962, rikaba rikwiye gusurirwamwo kugira rijane n'ibihe.

L'absence de régulation de ce secteur qui ne compte déjà pas mal d'opérateurs privés constitue une lacune et une perte de recettes pour l'Etat.

Kuba atawujwe kugenzura no gucungera ibikorera muri ico gisata gisanzwe gikorera n'amashirahamwe y'abigenga atari make ni agahaze n'uruhombo muvuyerekeye amakori Reta yabwiriza kwinjiza.

Ces opérateurs privés sont notamment le DHL, le TNT, le FEDEX, le SKYNET, l'UPS et d'autres compagnies de transport du secteur informel qui font la collecte et la distribution du courrier.

Ayo mashirahamwe y'abikorera utwabo ni nka : DHL, TNT, FEDEX, SKYNET, UPS hamwe n'ayandi mashirahamwe ajejwe gutwara abantu n'ibintu yo mu gisata ata mategeko ahari akigenga kandi bagatanga ubutumwa.

3. La promotion et la sécurisation des investissements nationaux et étrangers.

3. Guteza imbere no gucungera imitahe mvamakungu n'iyi mu gihugu.

La modernisation du cadre légal et réglementaire en l'adaptant à l'évolution du secteur des communications électroniques et postales permettra au Burundi d'être l'un des pays les plus attractifs pour les investisseurs.

Kuroranisha n'ibihe amategeko agenga igisata co gutumatumanako n'amaposita bizotuma igihugu c'Uburundi gihurumbirwa cane n'abarwizatunga.

4. La maximisation de la collecte des recettes fiscales et des redevances.

4. Kwongereza bihagije amakori, amatagisi n'ayandi ma faranga ategakanijwe n'amategeko

L'existence des activités qui sont menées à l'informel notamment dans le secteur postal ne permet pas à l'Etat de bénéficier des recettes et des redevances issues de l'exploitation de ce secteur, ce qui constitue un manque à gagner pour le Trésor public.

Imirimo irangurwa n'amashirahamwe amwe amwe bidatomoye mu mategeko, cane cane mu gisata c'amaposita ntakarusho iheza ngo izane mu kigega ca Reta biciye mu makori.

5. La création d'emplois direct et indirect.

5. Gutanga ubuzi

Avec la promulgation du présent code, il y aura de nouveaux emplois directs notamment lorsqu'il s'agira pour l'Etat de mettre en place

Iyi nteguro niyamara gutanganzwa n'umukuru w'igihugu, hazoboneka ubuzi bushasha ku bazokorera mu rwego CERT, mu migambi yo

des structures et des équipes techniques spécialisées en charge de la gestion des CERT, de la digitalisation des services publics ainsi que des emplois indirects à travers l'exploitation des nouveaux services.

6. La production des statistiques relatives aux activités postales.

L'actuel cadre légal et réglementaire est lacunaire. En plus, l'absence de régulation des activités postales ne permettent pas à l'Etat de disposer d'une base de données statistiques fiables.

Le présent projet de loi vient donc à point nommé puisqu'il prévoit des dispositions relatives aux conditions d'exploitation des secteurs des communications électroniques et des postes.

II. GRANDES INNOVATIONS DU PRESENT PROJET DE LOI

Le présent projet de loi consacre les grandes innovations suivantes :

1. Il place dans une même institution de régulation le secteur des communications électroniques et le secteur des postes ;
2. Il définit les régimes juridiques applicables aux secteurs des communications électroniques et des postes ;
3. Il prend en compte l'évolution technologique et la possibilité de délivrance des licences unifiées grâce à la convergence des technologies ;
4. Il consacre la libéralisation et la

gukoresha ubuhinga bwa none mu buzi bwa leta n'ibindi bikorwa bishasha vyerekeye ubuhinga bwa none.

6. Gutunganya ibiharuro vyerekeye amaposita

Amategeko asanzwe agenga ico gisata ntaco abivugako. Vyongeye, ntivyoroshe ko Reta igira ibiharuro bitomoye vyerekeye amaposita mugihe ata rwego ruyagenzura ku munsu ku munsu ruhari.

Iyi nteguro y'ibwirizwa ije rero hageze kubera itegekanya ingingo zerekeye ibisabwa kugira habe ikoresha ry'ibisata vy'uguhanahana amakuru biciye mu buhinga bwa none n'ibijanye n'amaposita.

II. IBIKURUBIKURU IRI BWIRIZWA RIZANYE

Iyi nteguro y'ibwirizwa izanye ibikubikuru bikurikira :

1. Ishira mu rwego rumwe rujewe icungera igisata kijejwe uguhanahana amakuru biciye mu buhinga bwa none n'igisata c'ibijanye n'amaposita ;
2. Iratomora amategeko akurikizwa mu bisata bijewe uguhanahana amakuru biciye mu buhinga bwa none n'ibijanye n'amaposita ;
3. Ifatira ku kuntu ubuhinga bugenda buratera imbere n'ugushobora gutanga uruhusha rumwe ku bikorwa vyinshi kubera ubwanzurirahamwe bw'ubuhinga bw'uguhanahana amakuru ;

- régulation du secteur postal ;
4. Irarekurira ababishoboye bose gukorera mu bijanye n'amapositiona ikongera igategekanya ivyerekeye gucungera ico gisata ;
5. Il réglemente la concurrence ;
5. Irashiraho amategeko yerekeye ihiganwa muri ico gisata;
6. Il réglemente le service universel pour les secteurs des communications électroniques et des postes ;
6. Irategukanya ubuhinga butuma bose bashobora guhanahana amakuru ku bisata bijejwe uguhanahana amakuru biciye mu buhinga bwa none n'ibijanye n'amapositiona ;
7. Il permet la reconnaissance de la valeur juridique des messages de données et de la signature électronique ;
7. Ituma ubutumwa bugizwe n'ivyatororokanyijwe hamwe n'umukono wo mu buhinga bwa none bigira agaciro imbere y'amategeko;
8. Il fixe les modalités de formation des contrats sous forme électronique et de taxation des transactions électroniques ;
8. Irashinga ivyisungwa mu kugira amasezernao biciye mu buhinga bwa none hamwe n'ugutangisha amatagisi y'ukugura n'ukugurisha biciye mu buhinga bwa none;
9. Il prévoit la mise en place des plates formes relatives au cyber-Gouvernement ;
9. Iratomora ingingo ngenderwako z'urubuga ngurukanabumenyi rwa Reta ;
10. Il comporte des dispositions relatives à la cyber sécurité.
10. Iratunganya ibijanye n'ugucungera umutekano w'ubuhinga ngurukanabumenyi.
11. Il garantit la protection des consommateurs en matière de commerce électronique et des données personnelles.
11. Irakingira amashirahamwe y'abakorera mu bijanye n'urudandazwa rucishwa mu buhinga bwa none hamwe n'ibitororokanywa n'ishirahamwe rimwerimwe.

III. STRUCTURE GENERALE DU PROJET DE LOI

Ce projet de loi s'articule autour des titres, chapitres et sections suivants :

III. INGENE IYI NTEGURO Y'I BWIRIZWA IRINGANIJWE

Iyi nteguro y'ibwirizwa iringaniye mu bigabane, ibice no mu duce uku gukurikira:

TITRE PREMIER : DES DISPOSITIONS COMMUNES	IKIGABANE CA MBERE: INGINGO RUSANGI
CHAPITRE PREMIER : De l'objet et du champ d'application	IGICE CA MBERE : Intumbero n'ivyo iyi nteguro yerekeye
CHAPITRE II : Des définitions	IGICE CA II. INSIGURO Y'AMAJAMBO
CHAPITRE III : Du cadre institutionnel des secteurs des communications électroniques et des postes	IGICE CA III: Ivyerekeye inzego zitunganya igisata c'uguhanahana amakuru ku buhinga bwa none n'igisata c'amaposita
TITRE II : DES DISPOSITIONS REGISSANT LES COMMUNICATIONS ELECTRONIQUES	IKIGABANE CA II: IBITEGEKANIJWE BIGENGA IVYEREKEYE UGUHANAHANA AMAKURU MU BUHINGA BWA NONE
CHAPITRE I : Des régimes applicables	IGICE CA I: Amategeko akurikizwa
Section 1 : Des régimes applicables aux réseaux et aux services des communications électroniques	Agace ka 1: Amategeko akurikizwa ku vyuma bitanga imihora n'ivyerekeye ubuhinga bwa none bw'uguhanahana amakuru
Section 2 : Des régimes applicables aux ressources rares	Agace ka 2: Amategeko akurikizwa ku matungo adahuta araboneka
Section 3 : Des régimes applicables aux noms de domaine, aux points d'échange Internet et aux centres d'alerte et de réaction aux attaques informatiques	Agace ka 3: Amategeko akurikizwa ku mazina yerekana urubuga mvajuru, ibibanza vy'uguhanahaniramwo ubutumwa biciye ku buhinga ngurukanabumenyi no mu bigo bijejwe kugabisha no gutorera inyishu ibibangamira ubuhinga bwa none
Section 4 : Des régimes applicables aux équipements radioélectriques et aux terminaux	Agace ka 4: Amategeko akorehwa ku vyuma birungika imishwarara ikorehwa mu vyerekeye amaradiyo no ku bikoreho vyakira ubutumwa ubwa nyuma
Section 5 : Du régime applicable aux redevances	Agace ka 5: Amategeko akurikizwa ku mafaranga aja ararihwa
CHAPITRE III : Des règles d'interconnexion, d'accès, de servitudes et de partage d'infrastructures	IGICE CA III: Amategeko yerekeye uguhana imihora, ugushobora gukoreha ivyuma vy'ishirahamwe ry'uguhanahana amakuru ku buhinga bwa none, ingabanyabubasha n'ugusangira

ivyubatswe

Section 1 : Des règles d'interconnexion	Agace ka 1: Amategeko yerekeye uguhana imihora
Section 2 : De l'accès à la boucle locale	Agace ka 2: Ivyerekeye ugushobora gukoresha inzira ya terefone y'ahantu
Section 3 : De l'accès au domaine public et des servitudes	Agace ka 3: Ivyerekeye uburenganzira bw'ugukoresha amatongo ya Reta hamwe n'ingabanyabubasha
Section 4 : Du partage d'infrastructures et des biens fonciers	Agace ka 4: Ugusangira ivyubatswe hamwe n'amatongo
CHAPITRE IV : De la prohibition des pratiques anticoncurrentielles	IGICE CA IV: Ivyerekeye ukubuza ibikorwa bitubahiriza ihiganwa mu budandaji
CHAPITRE V : Des obligations spécifiques aux opérateurs dominants	IGICE CA V: Iryo amashirahamwe akomeye y'uguhanahana amakuru ategerejwe
CHAPITRE VI : Des règles d'encadrement tarifaire	IGICE CA VI: Amategeko yisungwa mu gukurikirana ishingwa ry' ibiciro
CHAPITRE VII : De l'accès au service universel	IGICE CA VII: Ivyerekeye ugushobora gukoresha ubuhinga butuma bose bahanahana amakuru
CHAPITRE VIII : Des transactions électroniques	IGICE CA VIII: Ivyerekeye ukugura n'ukugurisha biciye mu buhinga bwa none
Section 1 : De la reconnaissance de la valeur juridique des messages de données	Agace ka 1: Ukwemeza agaciro ubutumwa biciye mu buhinga bwa none bufise imbere y'amategeko
Section 2 : De la formation des contrats sous forme électronique	Agace ka 2: Ivyerekeye ukugira amasezerano biciye mu buhinga bwa none
Section 3 : Du commerce électronique	Agace ka 3: Urudandazwa rukorwa biciye mu buhinga bwa none
Section 4 : Du Cyber-Gouvernement	Agace ka 4: Ivyerekeye urubuga mvajuru rwa Reta

CHAPITRE IX : De la protection des utilisateurs	IGICE CA IX: Ivyerekeye ugukingira abakoresha ubuhinga bw'uguhanahana amakuru
CHAPITRE X : De la cybersécurité	IGICE CA X : Ivyerekeye ugucungera umutekano w'ubuhinga ngurukanabumenyi
CHAPITRE XI : Du règlement des différends	IGICE CA XI: Ivyerekeye ugutatura amatati
CHAPITRE XII : Des pouvoirs d'enquêtes et des sanctions	IGICE CA XII: Ububasha bw'ukugira amatohoza n'ugutanga ibihano
Section 1 : Des pouvoirs d'enquêtes	Agace ka 1: Ububasha bw'ukugira amatohoza
Section 2 : Des sanctions	Agace ka 2: Ibihano
TITRE III : DES DISPOSITIONS REGISSANT LES POSTES	IKIGABANE CA III: INGINGO ZIGENGA IVYEREKEYE AMAPOSITA
CHAPITRE I : Des principes	IGICE CA I: Ingingo ngenderwako
CHAPITRE II : Des activités postales	IGICE CA II: Ibirangurwa n'amaposita
Section 1 : Des services postaux	Agace ka 1: Ibikorwa amaposita arangurira abantu
Section 2 : Du service public postal	Agace ka 2: Ibikorwa bituma bose bashobora gukoresha ivy'amaposita
Section 3 : Des services postaux réservés à l'opérateur désigné	Agace ka 3 : Ibikorwa birangurwa gusa n'amaposita yabigenewe
Section 4 : Des services postaux non réservés	Agace ka 4: Ibikorwa vy'amaposita birangurwa n'amashirahamwe ayo ari yo yose akora ibijanye n'amaposita
CHAPITRE III : Des conditions d'exploitation des services postaux	IGICE CA III : Ibisabwa kugira harangurwe ibikorwa bijanye n'amaposita
Section 1 : Des régimes juridiques applicables aux réseaux et aux services postaux	Agace ka 1: Amategeko akurikizwa mu mihora y'amaposita no mu buzi amaposita arangurira abantu

Section 2 : De la responsabilité des
opérateurs postaux

**CHAPITRE IV : Des pouvoirs d'enquêtes
et de sanctions**

Section 1 : Des pouvoirs d'enquêtes

Section 2 : Des sanctions

**TITRE IV : DES DISPOSITIONS
TRANSITOIRES ET FINALES**

Agace ka 2: Ivyo amashirahamwe akora
ibijanye n'amapositiona abazwa

**IGICE CA IV: Ububasha bw'ukugira
amatohoza n'ugutanga ibihano**

Agace ka 1: Ububasha bw'ukugira
amatohoza

Agace ka 2 : Ibihano

**IKIGABANE CA IV: INGINGO
MFATAKIBANZA N'IZISOZERA**

REPUBLIQUE DU BURUNDI



MINISTRE DE LA COMMUNICATION, DES
TECHNOLOGIES DE L'INFORMATION ET
DES MEDIAS

CABINET DU MINISTRE

SYNTHESE SUR LA PRISE EN COMPTE DES RECOMMANDATIONS DU CONSEIL DES MINISTRES SUR LE PROJET DE LOI
PORTANT CODE DES COMMUNICATIONS ELECTRONIQUES ET DES POSTES

N°	Libellé des recommandations issues de la réunion du Conseil des Ministres tenue le 05 avril 2023	Modifications apportées pour prendre en compte les recommandations du Conseil des Ministres
1	Reformuler le « titre » de manière suivante : « Projet de loi portant Code des communications électroniques et postales.	Remplacement du groupe de mots « des postes » par l'adjectif « postales » dans le titre.
2	Dans l'exposé des motifs, indiquer clairement les raisons qui militent en faveur de la mise en place de cette loi.	<ul style="list-style-type: none">• Mise en exergue de l'alignement des objectifs poursuivis par ce projet de loi à l'Objectif de développement durable (ODD) n° 9 en rapport avec l'industrie, l'innovation et les infrastructures) en matière des communications électroniques et des postes (cfr page 2), pour montrer davantage que la matière sous examen relève du domaine de la loi (Constitution du Burundi, art. 164, 8° - le régime de développement durable).• Introduction de nouveaux passages dans les pages 2 et 3 pour expliquer davantage les raisons qui militent en faveur de la mise en place de cette loi.

3	Mettre dans les visas la loi n° 1/10 du 16 mars 2022 portant prévention et répression de la cybercriminalité du Burundi	Ajout dudit visa à la page 3.
4	Supprimer l'alinéa 2 de l'article 8	Suppression dudit alinéa (cfr page 8 de la nouvelle version)
5	Expurger du projet ce qui est en rapport avec la Poste-Banque et maintenir le volet Poste-Courier	Suppression du point 6° de l'article 210 devenu article 194 et des points 7° et suivants de l'article 215 devenu article 199.
6	Transférer les infractions dans le code pénal	<p>Suppression de l'alinéa 3 de l'article 1^{er} libellé comme suit : « Elle porte aussi sur la cybersécurité et sur la répression de la cybercriminalité pour toutes les infractions cybernétiques qui sont commises à l'intérieur ou à l'extérieur du Burundi si ces infractions produisent leurs effets au Burundi, ainsi que sur toutes les infractions pénales dont la constatation requiert la collecte d'une preuve électronique ».</p> <p>Suppression du Chapitre sur la répression de la cybercriminalité, des sections sur les sanctions pénales et de tous les articles en rapport avec les infractions. Les dispositions élaguées ont été remplacées, dans la nouvelle version par deux articles seulement à savoir :</p> <p>L'article 188 libellé comme suit : « Les auteurs, co-auteurs et complices des infractions résultant de la violation des dispositions du titre II de la présente loi sont punis conformément au code pénal et à d'autres lois spéciales en vigueur au Burundi ».</p> <p>L'article 232 libellé comme suit : « Les auteurs, co-auteurs et complices des infractions résultant de la violation des dispositions du titre III de la présente loi sont punis conformément au code pénal et à d'autres lois spéciales en vigueur au Burundi ».</p> <p>Les dispositions élaguées sont à introduire dans le code pénal lors de sa modification en temps utile.</p>
7	Au lieu d'instituer un Fonds de financement de service postal universel, indiquer seulement que l'Etat va accorder des facilités (article 217).	L'article 217 devenu 201 a été reformulé comme suit : « Dans le souci de rendre effectif le service postal universel, le Gouvernement accorde les facilités à l'opérateur désigné à cet effet ».
8	Vérifier si ce projet couvre tous les aspects électroniques comme la politique de digitalisation, la confidentialité et la protection des données personnelles	Le projet contient des dispositions couvrant notamment l'accès au service universel, la reconnaissance de la valeur juridique des messages de données, la formation des contrats sous forme électronique, le commerce électronique, le Cyber-Gouvernement la protection des utilisateurs et la cybersécurité.

9	S'assurer qu'il n'y a pas de chevauchements entre ce projet de loi et la loi sur la cybercriminalité	<ul style="list-style-type: none"> • Suppression du titre III relatif à la cybersécurité et la répression de la cybercriminalité et création du chapitre X sur la cybersécurité dans le titre II (articles 167 à 174). Le document a été conséquent ajusté au niveau des titres, chapitres et des articles. La nouvelle version comprend 4 titres au lieu de 5 (Titre premier sur des dispositions communes, Titre II sur des dispositions régissant les communications électroniques, Titre III sur des dispositions régissant les postes et Titre IV sur des dispositions transitoires et finales) et 236 articles. Le titre II comporte désormais 12 chapitres au lieu de 11. • Introduction d'une nouvelle disposition (Article 167) qui consacre la complémentarité entre les dispositions de la loi portant prévention et répression de la cybercriminalité et les dispositions du présent projet de loi en ce qui concerne la cybersécurité. Elle est formulée comme suit : « Les dispositions du présent chapitre s'appliquent sans préjudice des obligations des fournisseurs des services et des opérateurs des réseaux telles que déterminées par la loi n°1/10 du 16 mars 2022 portant prévention et répression de la cybercriminalité au Burundi ».
10	Tenir compte des corrections de formes suggérées par la Primature	<ul style="list-style-type: none"> • Introduction d'un nouveau visa portant sur la loi n° 1/10 du 16 mars 2022 portant prévention et répression de la cybercriminalité du Burundi » telle que suggérée par la Primature (cfr page 3). • Mise à jour du visa en rapport avec la loi régissant la police Nationale du Burundi telle que suggérée par la Primature (cfr 2^{ème} visa à la première page). • Suppression du mot « être » dans l'alinéa 3 de l'article 131 du projet de loi telle que suggérée par la Primature (cfr page 55). • Remplacement du mot « agréé » par le mot « agréé » dans l'article 247 qui est devenu article 231 (cfr page 94).
11	Procéder au toilettage de ce projet en collaboration avec les Ministres en charge de la justice et du commerce	Le travail effectué conformément à ladite recommandation.

**PROJET DE LOI N°1/ DU / /2023
PORTANT CODE DES COMMUNICATIONS
ELECTRONIQUES ET POSTALES**

**INTEGURO Y'IBWIRIZWA INOMERO 1/ RYO KU
WA / /2023 RISHINGA IGITABU C'AMATEGEKO
ARINGANIZA IVYEREKEYE UGUHANAHANA
AMAKURU MU BUHINGA BWA NONE N'IBIJANYE
N'AMAPOSITA**

LE PRESIDENT DE LA REPUBLIQUE,

UMUKURU W'IGIHUGU,

Vu la Constitution de la République du Burundi ;

Yihweje Ibwirizwa Shingiro rya Repuburika y'Uburundi;

Vu la loi organique n° 1/27 du 9 décembre 2021 portant modification de la loi organique n° 1/03 du 20 février 2017 portant missions, organisation, composition et fonctionnement de la Police Nationale du Burundi ;

Yihweje Ibwirizwa ryunganira Ibwirizwa Shingiro inomero 1/27 ryo ku wa 9 Kigarama 2021 risubiramwo Ibwirizwa ryunganira Ibwirizwa Shingiro inomero 1/03 ryo ku wa 20 Ruhuhuma 2017 ritomora amabanga y'Urwego rw'Igipolisi c'Uburundi, abarugize n'ingene rukora ;

Vu le décret-loi n°100/190 du 22 décembre 1976 portant ratification de la Convention internationale des télécommunications signée à Malaga-Torremolinos le 25 octobre 1973 ;

Yihweje Itegeko bwirizwa inomero 100/190 ryo ku wa 22 Kigarama 1976 ryemeza Amasezerano mpuzamakungu yerekeye ugutumatumana amakuru yashizweko umukono i Malaga-Torremolinos ku wa 25 Gitugutu 1973 ;

Vu le décret-loi n°1/23 du 26 juillet 1988 portant cadre organique des établissements publics burundais ;

Yihweje Itegeko bwirizwa Inomero 1/23 ryo ku wa 26 Mukakaro 1988 ryerekeye amategeko agenga amashirahamwe ya Reta ;

Vu le décret-loi n°1/4 du 9 octobre 1998 portant ratification de la Constitution et Convention de l'Union internationale des télécommunications signées à Genève le 22 décembre 1992 ;

Yihweje Itegeko bwirizwa inomero 1/4 ryo ku wa 9 Gitugutu 1998 ryemeza Ibwirizwa Shingiro n'Amasezerano vy'Ishirahamwe mpuzamakungu rishinzwe ivyerekeye ugutumatumana amakuru vyateweko igikumu i Genève ku wa 22 Kigarama 1992;

Vu la loi n°1/020 du 31 décembre 2002 portant ratification des instruments d'amendement à la Constitution et à la Convention de l'Union internationale des télécommunications tels qu'amendés par la Conférence des plénipotentiaires (Kyoto, 1994) et signés à Minneapolis le 6 novembre 1998 ;

Yihweje Ibwirizwa inomero 1/020 ryo ku wa 31 Kigarama 2002 ryemeza amategeko ahindura Ibwirizwa Shingiro n'Amasezerano y'Ishirahamwe mpuzamakungu rishinzwe ivyerekeye ugutumatumana amakuru nk'uko yahinduwe n'inama y'abaserukiye ibihugu vyabo (Kyoto, 1994) agaterwako igikumu i Minneapolis ku wa 6 Munyonyo 1998 ;

Vu la loi n°1/021 du 30 décembre 2005 portant protection du droit d'auteur et des droits voisins au Burundi ;

Yihweje Ibwirizwa inomero 1/021 ryo ku wa 30 Kigarama 2005 rikingira uburenganzira bw'uwitirirwa igikorwa n'uburenganzira bufitaniye isano n'ubwo mu Burundi ;

Vu la loi n°1/08 du 30 juin 2007 portant ratification par la République du Burundi du traité d'adhésion du Burundi à la Communauté est- africaine ;	Yihweje Ibwirizwa inomero 1/08 ryo ku wa 30 Ruheshi 2007 ryerekeye iyemezwa na Reta y'Uburundi ry'amasezerano yerekeye ukwinjira kw'Uburundi mw'Ishirahamwe ry'ibihugu vya Afrika yo mu Buseruko
Vu la loi n° 1/02 du 4 février 2008 portant lutte contre le blanchiment de capitaux et le financement du terrorisme ;	Yihweje Ibwirizwa inomero 1/02 ryo ku wa 4 Ruhuhuma 2008 rirwanya ukweza amatungo akomoka ku caha n'ugutanga amafaranga akoreshwa mw'iterabwoba ;
Vu la loi n°1/13 du 28 juillet 2009 relative à la propriété industrielle au Burundi ;	Yihweje Ibwirizwa inomero 1/13 ryo ku wa 28 Mukakaro 2009 ryerekeye itunga mvabwenge ryerekeye ibihingurwa mu Burundi ;
Vu la loi n°1/06 du 25 mars 2010 portant régime juridique de la concurrence ;	Yihweje Ibwirizwa inomero 1/06 ryo ku wa 25 Ntwarante 2010 rishinga amategeko yerekeye ihiganwa mu budandaji ;
Vu la loi n°1/09 du 30 mai 2011 portant code des sociétés privées et à participation publique ;	Yihweje Ibwirizwa inomero 1/09 ryo ku wa 30 Rusama 2011 rishinga Igitabu c'amategeko agenga amashirahamwe y'abikorera utwabo n'ayo Reta ifisemwo umutahe ;
Vu la loi n°1/03 du 02 avril 2012 portant ratification par la République du Burundi de la Convention des Nations Unies contre la criminalité transnationale organisée ;	Yihweje Ibwirizwa inomero 1/03 ryo ku wa 4 Ndamukiza 2012 ryemeza ko Repuburika y'Uburundi yemeje Amasezerano y'Ishirahamwe mpuzamakungu ONU yerekeye ukurwanya ubukozi bw'ikibi ndengerambibe bukorwa n'imirwi yitunganiye ;
Vu la loi n°1/22 du 25 juillet 2014 portant règlement de l'action récursoire et directe de l'Etat et des communes contre leurs mandataires et leurs préposés ;	Yihweje Ibwirizwa inomero 1/22 ryo ku wa 25 Mukakaro 2014 Rishinga ingene Reta n'amakomine bishingisha imanza z'ukwishuza amafaranga yarishwe kubera amakosa yakozwe n'abo yashinze amabanga, abakozi bayo n'ab'amakomine ;
Vu la loi n°1/01 du 16 janvier 2015 portant révision de la loi n °1/07 du 26 avril 2010 portant code de commerce ;	Yihweje Ibwirizwa inomero 1/01 ryo ku wa 16 Nzero 2015 risubiramwo Ibwirizwa inomero 1/07 ryo ku wa 26 Ndamukiza 2010 rishinga Igitabu c'amategeko agenga ubudandaji ;
Vu la loi n°1/17 du 22 août 2017 régissant les activités bancaires ;	Yihweje Ibwirizwa inomero 1/17 ryo ku wa 22 Myandagaaro 2017 rigenga ibikorwa vy'amabanki ;
Vu la loi n°1 / 27 du 29 décembre 2017 portant révision du code pénal ;	Yihweje Ibwirizwa inomero 1/27 ryo ku wa 29 Kigarama 2017 risubiramwo Igitabu c'amategeko mpanavyaha ;

Vu la loi n°1/09 du 11 mai 2018 portant code de procédure pénale ;	Yihweje Ibwirizwa inomero 1/09 ryo ku wa 11 Rusama 2018 risubiramwo igitabu c'amategeko yerekeye ingene imanza z'ivyaha zitohozwa, ziburanishwa n'ingene zicibwa ;
Vu la loi n°1/19 du 14 septembre 2018 portant modification de la loi n°1/15 du 09 mai 2015 régissant la presse au Burundi ;	Yihweje Ibwirizwa inomero 1/19 ryo ku wa 14 Ruheshi 2018 rihindura Ibwirizwa inomero 1/15 ryo ku wa 09 Rusama 2015 rigenga ivyerekeye ukumenyeshya amakuru mu Burundi ;
Vu la loi n°1/19 du 19 juillet 2019 portant modification de la loi n°1/14 du 27 avril 2015 portant régime général des contrats de partenariat public-privé ;	Yihweje Ibwirizwa inomero 1/19 ryo ku wa 19 Mukakaro 2019 risubiramwo Ibwirizwa inomero 1/14 ryo ku wa 27 Ndamukiza uburyo hagirwa amasezerano y'ingene Reta ikorana n'abikorera ivyabo ;
Vu la loi n°1/10 du 16 novembre 2020 portant modification de la loi n°1/12 du 29 juillet 2013 portant révision de la loi n°1/02 du 17 février 2009 portant institution de la taxe sur la valeur ajoutée « TVA » ;	Yihweje Ibwirizwa inomero 1/10 ryo ku wa 16 Munyonyo 2020 rihindura Ibwirizwa inomero 1/12 ryo ku wa 29 Mukakaro 2013 risubiramwo Ibwirizwa inomero 1/02 ryo ku wa 17 Ruhuhuma 2009 rishinga itagisi ku gaciro kiyongera ku kidandazwa « TVA » ;
Vu la loi n° 1/19 du 17 juin 2021 portant modification de la loi n°1/24 du 10 septembre 2008 portant code des investissements ;	Yihweje Ibwirizwa inomero 1/19 ryo ku wa 17 Ruheshi 2021 rihindura Ibwirizwa inomero 1/24 ryo ku wa 10 Nyakanga 2008 rishinga igitabu c'amategeko yerekeye ishingwa ry'imitahe;
Vu la loi n° 1/10 du 16 mars 2022 portant prévention et répression de la cybercriminalité du Burundi	Yihweje Ibwirizwa inomero 1/10 ryo ku wa 16 Ntwarante 2022 ryerekeye gukinga no n'uguhasha ubukozi bw'ikibi bukorwa biciye mu buhinga ngurukanabumenyi
Revu le décret-loi n°1/11 du 4 septembre 1997 portant dispositions organiques sur les télécommunications ;	Asubiye kwihweza itegeko-bwirizwa inomero 1/11 ryo ku wa 4 Myandagaro 1997 ritunganya ivyerekeye gutumatumanako amakuru ;
Revu la loi du 10 octobre 1962 sur l'administration des postes ;	Asubiye kwihweza Ibwirizwa ryo ku wa 10 Gitugutu 1962 ryerekeye itunganywa ry'amaposita ;
Le Conseil des Ministres ayant délibéré ;	Inama Nshikiranganji imaze kubica irya n'ino;
L'Assemblée nationale et le Sénat ayant adopté ;	Inama Nshingamateka n'Inama Nkenguzamateka zimaze kuvyemeza ;

PROMULGUE :

ATANGAJE :

TITRE PREMIER. DES DISPOSITIONS COMMUNES IKIGABANE CA I. INGINGO RUSANGI

CHAPITRE PREMIER. DE L'OBJET ET DU CHAMP D'APPLICATION IGICE CA MBERE. INTUMBERO Y'IRI BWIRIZWA N'IVYO RYEREKEYE

Article 1^{er}

La présente loi régit les activités des communications électroniques et des postes sur le territoire national sans préjudice des dispositions relatives au droit de la concurrence.

Elle s'applique à l'ensemble des transactions électroniques dans tous les domaines.

Article 2

Sont exclus du champ d'application de la présente loi :

- 1° Les installations de l'Etat établies pour ses besoins propres de communications électroniques ainsi que pour les besoins de la défense nationale et de la sécurité publique ;
- 2° L'acheminement de correspondances et de documents effectué entre les différents bureaux ou autorités d'une même entreprise par un de ses préposés, par les missions diplomatiques accréditées au Burundi et les organisations internationales, conformément aux conventions internationales en vigueur ;
- 3° Les actes sous seing privé relatifs au droit de la famille et des successions ;
- 4° Les activités de représentation et d'assistance en justice ;
- 5° Les activités exercées par les notaires.

Ingingo ya mbere

Iri bwirizwa rigenga ibikorwa bijanye n'uguhanahana amakuru mu buhinga bwa none n'ivyerekeye amapostita mu Burundi hatirengagijwe amategeko yerekeye uburenganzira bw'uguhiganwa mu budandaji.

Iri bwirizwa rirakurikizwa ku bijanye n'ukugura n'ukugurisha biciye mu buhinga bwa none mu bisata vyose.

Article 2

Ibiterekewe n'iri bwirizwa ni :

- 1° Ivyubakwa vya Reta kugira ibikoreshe mu vyo ikeneye yo nyene mu bijanye n'uguhanahana amakuru mu buhinga bwa none hamwe n'ivyo ikeneye mu vyerekeye ukwivuna abansi n'ugucungera umutekano mu gihugu ;
- 2° Ugutwara amakete n'inzandiko biva mu biro vy'ishirahamwe bijanwa mu bindi biro vy'iryo shirahamwe nyene canke birungitswe n'abategetsi b'ishirahamwe babirungikiye abandi bategetsi b'iryo shirahamwe nyene bigatwarwa n'umukozi w'iryo shirahamwe nyene, bikarungikwa n'ibiro vy'abaserukira ibihugu vyabo mu Burundi hamwe n'amashirahamwe mpuzamakungu, hisunzwe amasezerano mpuzamakungu asanzwe akurikizwa ;
- 3° Amasezerano ashirwako umukono n'abayagiranira bonyene yisunga amategeko agenga ingo n'ugutorana;
- 4° Ibikorwa vy'uguserukira hamwe n'ugufasha umuntu mu butungane;
- 5° Ibikorwa birangurwa n'abashingwanzandiko.

CHAPITRE II. DES DEFINITIONS

Article 3

Aux termes de la présente loi, on entend par :

acheminement, les prestations et opérations de transport, sous toutes leurs formes, d'envois postaux, du point d'accès aux destinataires ;

affranchissement, la marque apposée sur l'objet de correspondance en vue de matérialiser l'acquittement du prix du service au moyen de timbres-poste ou d'empreintes de machines à affranchir ou de tout autre procédé admis ;

autorisation, le titre (licence, contrat de concession, agrément ou autres autorisations) délivré, qui confère à une entreprise un certain nombre de droits et obligations ;

boîte aux lettres, le récipient destiné au dépôt des correspondances ;

boucle locale, le circuit physique qui relie le point de terminaison du réseau dans les locaux de l'abonné au répartiteur principal ou à toute autre installation équivalente du réseau téléphonique fixe ;

catalogue d'interconnexion, l'offre technique et tarifaire d'interconnexion publiée par les opérateurs de réseaux de communications électroniques ouverts au public, déclarés dominants sur le marché de l'interconnexion ;

certificat, une attestation électronique qui lie les données afférentes à la vérification de signature à une personne et confirme l'identité de cette personne ;

certificat qualifié, le certificat dont les caractéristiques sont décrites par un texte réglementaire ;

IGICE CA II. INSIGURO Y'AMAJAMBO

Ingingo ya 3

Muri iri bwirizwa, amajambo akurikira asigura gutya :

ugutwara ubutumwa ni ibikorwa vy'uguherekana, mu buryo ubwo ari bwo bwose, ibicishwa mu maposita, kuva aho vyashikirijwe gushika ku bo vyarungikiwe ;

cemeza ko ubutumwa bwarihiwe ni ikimenyetso gishirwa ku butumwa burungikwa kugira herekanwe ko harishwe amafaranga y'ukuburungika, hakoreshejwe amatembure ya posita canke ikidodo c'imashini ishirako ivyo bimenyetso canke hakoreshejwe ubundi buryo bwose bwemewe ;

uruhusha ni urwandiko (urwandiko rutanga uburenganzira, amasezerano y'intizo, ukwemererwa gukora canke izindi mpusha) rutangwa, rugaha ishirahamwe uburenganzira bumwebumwe, bugatomora n'ivyo iryo shirahamwe ritegerejwe ;

isandugu ry'amakete ni ikintu kigenewe gushirwamwo amakete ;

inzira y'uguhanahana amakuru ni inzira ifatanyaho ahaherera umuhora mu nyubakwa z'umunywanyu ku vyuma bishikiramwo intsinga z'igisata gitanga imihora yo gutumatumanako yo mu nzu canke ibindi vyuma bikora nk'ivyo ;

igitabu c'itororokanirizo ry'ivyerekeye uguhana imihora ni igitabu cerekana ubuhinga bukoreshejwe n'ibiciro bijanye mu vyerekeye uguhana imihora gisohorwa n'amashirahamwe ajejwe gutanga imihora kuri bose yemewe ko ari yo akomeye mu bijanye n'uguhana imihora ;

iseredifika ni urwandiko rwo mu buhinga bwa none rwerekana ko ibitororokanywa bijanye n'uguhinyuza umukono w'umuntu ari ivy'uwo muntu kandi rukemeza ibiranga uwo muntu ;

iseredifika ikwije ibisabwa ni iseredifika ibiyiranga bitomorwa n'amategeko ;

colis postal, l'envoi postal contenant des marchandises ou objets de toute autre nature, à l'exception des envois de la poste aux lettres, et dont le poids est inférieur ou égal à trente kilogrammes dans les relations internationales, et cinquante kilogrammes à l'intérieur du territoire national ;

colocalisation, toute prestation offerte par un exploitant de réseau de communications électroniques consistant en la fourniture d'un espace et des ressources techniques nécessaires à l'hébergement et à la connexion, dans des conditions raisonnables, des équipements pertinents d'autres exploitants ;

commerce électronique, l'activité économique par laquelle une personne propose ou assure à distance et par voie électronique la fourniture de biens ou de services. Entrent également dans le champ du commerce électronique les services tels que ceux consistant à fournir des informations en ligne, des communications commerciales et des outils de recherche, d'accès et de récupération de données, d'accès à un réseau de communication ou d'hébergement d'informations, y compris lorsqu'ils ne sont pas rémunérés par ceux qui les reçoivent ;

communications électroniques, les émissions, transmissions ou réceptions de signes, de signaux, d'écrits, d'images, de sons ou renseignements de toute nature, par voie électronique ;

compte courant postal, le compte courant géré par un établissement postal spécialisé ;

concession, l'acte administratif accordé par l'Etat à un opérateur public ou privé, et qui donne à l'entreprise des droits spécifiques y compris le droit de fournir, à ses risques, un service public postal ou de communications électroniques et soumet les activités de ladite entreprise à des obligations

umuzigo ucishwa mw'iposita ni ibirungikwa n'iposita bitekewe bigizwe n'ibidandazwa canke ibindi bintu vy'ubwoko ubwo ari bwo bwose, kiretse amakete arungikwa n'amaposita, bikaba bitarenza uburemere bw'ibiro mirongo itatu ku birungikwa mu makungu n'ibiro mirongo itanu ku birungikwa hagati mu gihugu ;

ugukorera mu vyubatswe vy'uwundi ni igikorwa cose ishirahamwe ritanga imihora y'uguhanahana amakuru mu buhinga bwa none rirangurira ayandi mashirahamwe c'ukuyarekurira gukorera mu vyubatswe vyaryo bitanga imihora n'ugukoresha ibikenewe mu vyerekeye ubuhinga kugira ayo mashirahamwe ashireho ibikoresho vya ngombwa vyayo yongere aronke imihora hasabwe ibitavuna;

urudandazwa ruca mu buhinga bwa none ni igikorwa cerekeye ubutunzi aho umuntu yerekana canke agurisha ibidandazwa canke ubuzi ari kure na kure y'abo avyereka canke abo abigurishako abicishije mu buhinga ngurukanabumenyi. Ibindi bishirwa mu rudandazwa ruca mu buhinga bwa none ni nk'ibikorwa vyerekeye gutanga inkuru hakoreshejwe ubuhinga ngurukanabumenyi, uguhanahana amakuru ajanye n'urudandazwa hamwe n'uburyo bw'ukurondera ivyo umuntu akeneye, ubw'ukubishikira n'ukubivoma, ugushobora gukoresha imihora y'uguhanahana amakuru canke iy'ukubika amakuru, n'aho ababironka boba ata co barinda kuriha;

uguhanahana amakuru biciye mu buhinga bwa none ni ukurungika canke ukuronka ibimenyetso, inkuru ipfinitse, ivyandiko, amasanamu, amajwi canke inkuru zo mu buryo ubwo ari bwo bwose biciye mu buhinga bwa none ;

ikonte itunguka yo mw'iposita ni ikonte itunguka itunganywa n'iposita yishinze gukora ico gikorwa ;

amasezerano y'intizo ni urwandiko rutangwa na Reta ruha ishirahamwe rya Reta canke iry'abikorera utwabo, uburenganzira kanaka harimwo ubw'ugukora ibikorwa vya posita bikenerwa na bese, rikaba ari ryo ryimanya ku ngorane zobivamwo canke ku bijanye n'uguhanahana amakuru mu buhinga bwa none kandi ayo masezerano agategekanya ivyo iryo shirahamwe

spécifiques ;

consommateur, la personne utilisant ou consommant un produit ou un service postal ou de communication électronique et qui agit à des fins qui n'entrent pas dans le cadre de son activité commerciale, industrielle, artisanale ou libérale ;

contrat de service financier à distance, tout contrat concernant des services financiers conclu entre un fournisseur et un consommateur dans le cadre d'un système de vente ou de prestations de services à distance organisé par le fournisseur, qui, pour ce contrat, utilise exclusivement une ou plusieurs techniques de communication à distance jusqu'à la conclusion du contrat ;

courrier électronique, tout message sous forme de texte, de voix, de son et d'image envoyé par un réseau public de communications électroniques, qui peut être stocké dans le réseau ou dans l'équipement terminal du destinataire jusqu'à ce que ce dernier le récupère ;

courrier express, le service de distribution rapide, de bout en bout, à forte valeur ajoutée, caractérisé par un suivi des envois depuis leur point de départ jusqu'à leur lieu de distribution finale ;

cybersécurité, ensemble de mesures de prévention, de protection et de dissuasion d'ordre technique, organisationnel, juridique, financier, humain, procédural et autres actions permettant d'atteindre les objectifs de sécurité fixés à travers les réseaux de communications électroniques, les systèmes d'information et pour la protection de la vie privée des personnes ;

ritegerejwe ;

umuguzi ni umuntu akoresha canke agura ivyakozwe canke ibirangurwa na posita canke ibijanye n'uguhanahana amakuru mu buhinga bwa none kandi akabikora atari mu ntumbero yo gukora igikorwa kijanye n'ubudandaji, uguhingura, utugenegene canke akora yigenga.

amasezerano y'ivyerekeye amafaranga abayagiranira bari kure na kure ni amasezerano yose yerekeye ibikorwa bijanye n'amafaranga agirwa hagati y'uwugurisha n'uwugura batari kumwe mu buryo bw'ukugurisha ibintu canke ugukorera uwundi ubuzi, ubwo buryo bugatunganywa n'uwugurisha, akaba, ku bijanye n'ayo masezerano, akoresha gusa ubuhinga bumwe canke bwinshi bw'uguhanahana amakuru hagati y'abantu batari kumwe gushika ayo masezerano apfunditswe;

ubutumwa bucishwa mu buhinga bwa none ni ubutumwa ubwo ari bwo bwose buba bwanditse, buvuzwe, ryaba ijwi canke isanamu burungikwa biciye mu muhora w'uguhanahana amakuru mu buhinga bwa none ukoresha ku neza ya bose , ubwo butumwa bugashobora kubikwa muri uwo muhora canke mu vyuma vyakira ubutumwa ubwa nyuma vy'uwuburungikiwe kugeza aho uwo aburungikiwe abwakira ;

ubutumwa bwihuta ni ukurungika ubutumwa ku buryo bwihuta bifise akarusho kanini gusumba ubutumwa busanzwe, ubwo buryo bukarangwa n' uko ubutumwa burungikwa bukurikiranwa kuva aho burungikirwa gushika bushikirizwe uwo bugenewe ;

ugucungera umutekano w'ubuhinga ngurukanabumenyi ni ingingo zose zijanye n'ugukinga, ugukingira n'ugukangira mu bijanye n'ubuhinga, itunganywa, amategeko, amafaranga, abakozi, ingene bikorwa n'ibindi bikorwa bishikana ku mahangiro vyerekeye umutekano ashingwa biciye mu mihora y'uguhanahana amakuru mu buhinga bwa none, mu buhinga bw'ukumenyesha amakuru n'ugukinga ibijanye n'ukwinjira mu buzima bw'abantu.

cybercriminalité, ensemble des infractions s'effectuant à travers le cyberspace par d'autres moyens que ceux habituellement mis en œuvre, et de manière complémentaire à la criminalité classique ;

déclaration, l'acte à accomplir préalablement au commencement de certaines activités postales ou de communications électroniques, avant de pouvoir légalement exercer lesdites activités ;

dépôt, l'action par laquelle un client confie un envoi au service postal aux fins de distribution à son destinataire ;

distribution, la phase finale de traitement des envois postaux consistant à remettre l'objet au destinataire ou à le mettre à sa disposition, au guichet, à son domicile, dans sa boîte postale, à son lieu de travail ou à toute autre adresse indiquée ;

données personnelles, toute information concernant une personne physique identifiée ou identifiable ; est réputée identifiable une personne qui peut être identifiée, directement ou indirectement, notamment par référence à un numéro d'identification ou à un ou plusieurs éléments spécifiques, propres à son identité physique, physiologique, psychique, économique, culturelle ou sociale ;

envoi avec valeur déclarée, l'envoi postal assuré à concurrence de la valeur déclarée par l'expéditeur contre les risques de perte, de vol ou de détérioration ;

envoi recommandé, l'envoi postal garanti forfaitairement contre les risques de perte, de vol ou de détérioration et pour lequel il est délivré à l'expéditeur une preuve du dépôt ;

ubukozi bw'ikibi bukorwa biciye mu buhinga ngurukanabumenyi ni ivyaha vyose bikorerwa mu buhinga ngurukanabumenyi hakoreshejwe ubundi buryo atari ubusanzwe bukoreshwa kandi bwunganira ubukozi bw'ikibi bumenyerewe.

ukumenyeshya ibikorwa ni igikorwa gitegerezwa kubanza kugirwa imbere y'ugutangura kurangura ibikorwa bimwebimwe vyerekeye amapositiona canke uguhanahana amakuru biciye mu buhinga bwa none, imbere yo gukora ivyo bikorwa biciye mu mategeko ;

ugushira ubutumwa kw'ipositiona ni igikorwa umunywanyani wa positiona akora c'ugushikiriza ubutumwa ipositiona kugira na yo ibushikirize uwo bugenewe ;

ugushikiriza ubutumwa ni intambwe ya nyuma y'ugutunganya ivyerekeye ubutumwa bucishwa muri positiona yerekeye guha ikintu carungikiwe uwo kigenewe canke kugishira aho uwo kigenewe ashobora kucakira, ku biro vya positiona, ku rugo iwe, mu gasandugu ka positiona kiwe, aho akorera canke aho hose uwarungitse ubutumwa yerekanye ko uwuburungikiwe ashobora kubarizwa ;

ibitororokanywa vyerekeye umuntu kanaka ni inkuru yose yerekeye umuntu azwi uwo ari we canke umuntu ashobora kumenyekana uwo ari we; umuntu afatwa ko ashobora kumenyekana uwo ari we iyo bishoboka ko ashoka amenyekana canke akamenyekana biciye mu bundi buryo canke biciye ku numero ituma amenyekana canke ku kintu kimwe canke vyinshi yisangije, vyerekeye ibimuranga ku mubiri, ibimuranga bijanye n'ingene umubiri ukora, ubwenge, ubutunzi, imico kama canke imibano yiwe ;

ikirungikwa agaciro kaco kamenyeshejwe ni ikirungikwa gicishijwe mw'ipositiona kigategakanirizwa ishumbusho hafatiwe ku gaciro kamenyeshejwe n'uwakirungitse igihe gitakaye, cibwe canke cononekaye ;

ikirungikwa kigatangirwa icemeza ko cakiriwe ni ikirungikwa gicishijwe mw'ipositiona gitegekakanirizwa ishumbusho icamaso igihe gitakaye, cibwe canke cononekaye kandi uwukirungika agahabwa urwandiko rwemeza ko cashikirijwe ipositiona ;

envoi postal, l'envoi portant une adresse sous laquelle il doit être acheminé par un opérateur postal ; il s'agit, en plus des envois de correspondances, de livres, de catalogues, de journaux, de périodiques, de colis postaux contenant des marchandises avec ou sans valeur commerciale ;

envois pour les aveugles, tous les envois pour les aveugles envoyés à ou pour une organisation pour les personnes aveugles, ou envoyés à ou par une personne aveugle, sont exonérés de toutes taxes postales, à l'exclusion des surtaxes aériennes, dans la mesure où ces envois sont admissibles comme tels dans le service intérieur de l'opérateur désigné d'origine ;

équipement terminal, tout appareil, toute installation ou tout ensemble d'installations destiné à être connecté directement ou indirectement à un point de terminaison d'un réseau en vue de la transmission, du traitement ou de la réception d'informations ;

exigences essentielles, les exigences nécessaires pour garantir dans l'intérêt général, la sécurité du personnel exploitant des réseaux de communications électroniques ainsi que des utilisateurs, la protection des réseaux et notamment des échanges d'informations de commande et de gestion qui y sont associées, l'interopérabilité des services et des équipements terminaux et la protection des données personnelles et, le cas échéant, la bonne utilisation du spectre radioélectrique ;

fonds du service universel, le fonds créé en vue de financer les différentes prestations de service universel en matière de communications électroniques ;

fonds du service postal universel, le fonds dont le produit est affecté au financement du service postal universel ;

ikirungikwa gicishijwe mw'iposita ni ikirungikwa kiriko aho iposita itegerezwa kugishikana, ibirungikwa na vyo, kiretse amakete, harimwo kandi ibitabu, ibitabu birimwo indondoro y'ibidandazwa, ibinyamakuru bisohoka ku musu ku musu n'ibisohoka haciye ikiringo kanaka, ni imizigo ica mw'iposita irimwo ibidandazwa vy'ukudandaza canke atari ivyo kudandaza ;

ibirungikwa kw'izina ry'impumyi ni ibirungikwa impumyi vyose birungikiwe canke birungitswe kw'izina ry'ishirahamwe ryitaho impumyi canke ibirungikwa canke ibirungitswe n'impumyi bikurwako itagisi iryo ari ryo ryose rya posita kiretse amatagisi yiyongera atangwa ku bicishwa mu kirere, mu gihe ivyo birungikwa biri mu vyemererwa kurungikwa uko mw'ishirahamwe rya posita ribirungika;

igikoresho cakira ubutumwa ubwa nyuma ni igikoresho cose, icubatswe cose canke ivyubakiwe hamwe vyose bigenewe gufatanywa vyo nyene canke bicishijwe ku bindi bikoresho, kw'iherezo ry'umuhora utwara inkuru mu ntumbero y'ukurungika, gukoresha canke kwakira inkuru;

ibitegerejwe nyamukuru ni ibitegerejwe bikenewe kugira, ku neza ya bese, abakozi b'imihora y'uguhanahana amakuru mu buhinga bwa none hamwe n'abayikoresha bakingirwe, hakingirwe imihora, nko mu guhanahana amakuru atuma ivyuma bikora bikongera bigakoreshwa, kugira ubuhinga butandukanye hamwe n'ibikoresho vyakira ubutumwa ubwa nyuma bikorane neza no kugira amabanga y'umuntu umwumwe akingirwe kandi bikenewe kugira urukurikirane rw'imirongo y'amaradiyo rukoreshwe neza ;

ikigega kigenewe ubuhinga butuma bese bashobora guhanahana amakuru ni ikigega cashinzwe kugira ngo gishigikire ibikorwa bijanye n'uguhanahana amakuru kuri bese biciye mu buhinga bwa none ;

ikigega kigenewe ibikorwa vya posita bidahara ni ikigega amafaranga yaco akoreshwa mu gufasha ibikorwa bidahara mu bijanye n'amaposita;

franchise postale, la dispense d'affranchissement prévue au bénéfice de certains envois compte tenu de la qualité de l'expéditeur ; les correspondances exonérées d'affranchissement sont dites expédiées en franchise ;

interconnexion :

- toute liaison logique ou physique des réseaux ouverts au public exploités par le même opérateur ou un opérateur différent, afin de permettre à tout utilisateur de communiquer avec les utilisateurs d'un autre opérateur, ou bien d'accéder aux services fournis par un autre opérateur ; les services peuvent être fournis par les parties concernées ou par d'autres parties qui ont accès au réseau ; l'interconnexion constitue un type particulier d'accès mis en œuvre entre opérateurs de réseaux ouverts au public ;
- l'ensemble de liaisons qui se forment sur la base des accords, entre différents opérateurs de réseaux postaux, pour permettre aux utilisateurs de bénéficier des prestations de bonne qualité ;

interopérabilité des équipements terminaux, l'aptitude de ces équipements à fonctionner, d'une part, avec le réseau et, d'autre part, avec les autres équipements terminaux ;

itinérance nationale, toute prestation fournie par un opérateur de communications électroniques mobiles à un autre opérateur de communications électroniques mobiles en vue de permettre, sur une zone qui n'était pas couverte, à l'origine, par aucun opérateur de radiocommunications mobiles, l'accueil, sur le réseau du premier, des clients du second ;

ukutarihishwa amafaranga ya posita ni uguheberwa amafaranga ategakanijwe ku birungikwa biciye mw'iposita hafatiwe ku co uwubirungika ari; ubutumwa butarihirwa amafaranga y'ukuburungika bwitwa ko bwarungitswe atakirishwe ;

uguhana imihora :

- ugufatanywa biciye mu buhinga bwa none imihora ikoresheya na bose canke biciye mu gufatanywa iyo mihora yo nyene ubwayo ikoresheya n'ishirahamwe rimwe canke vy'amashirahamwe atandukanye kugira umunywanyi uwo ari we wese w'ishirahamwe ashobore guhanahana amakuru n'abanywanyi b'irindi shirahamwe canke ashobore gukoresha ubuhinga bw'irindi shirahamwe; ubwo buhinga bushobora gutangwa n'amashirahamwe yafatanije imihora canke ayandi mashirahamwe ashobora gukoresha iyo mihora; uguhana imihora ni bumwe mu buryo bukoresheya n'amashirahamwe atanga imihora ikoresheya na bose;
- uruhererekane rugirwa hagati y'amashirahamwe atandukanye akora ivyerekeye amaposita biciye mu masezerano kugira abacisha ubutumwa bwabo muri posita barangurirwe ibikorwa neza ;

ugukorana kw'ibikoresho bitandukanye vyakira ubutumwa ubwa nyuma ni ubushobozi ivyo bikoresho bifise bw'ugukorana n'ibikoresho bitanga imihora bikongera bigashobora gukorana n'ibindi bikoresho vyakira ubutumwa ubwa nyuma ;

uguhana imihora mu turere two mu gihugu ni igikorwa kirangurwa n'ishirahamwe ry'uguhanahana amakuru mu buhinga bwa none hakoreshejwe ibikoresho ngendanwa rigaha umuhora irindi shirahamwe rikoresha ibikoresho nk'ivyo kugira abanywanyi baryo bo mu karere ata rindi shirahamwe ryahakorera bashobore guhanahana amakuru bakoresheje imihora y'iryo shirahamwe ;

licence Unifiée, une autorisation délivrée à un opérateur pour l'exploitation de l'ensemble des technologies et des services de Communications électroniques ;

marché pertinent, le segment du marché des communications électroniques dont les caractéristiques peuvent justifier l'imposition d'obligations réglementaires spécifiques aux opérateurs dominants qui y exercent une influence significative ;

nom de domaine, la dénomination alphanumérique unique pour accéder au serveur sur l'internet ;

office d'enregistrement, une entreprise qui gère la réservation de noms de domaine ainsi que l'attribution des adresses IP (Internet Protocol) pour ces noms de domaine ;

opérateur désigné ou opérateur postal en charge du service postal universel, l'opérateur postal chargé par l'Etat d'assurer le service postal universel ;

opérateur postal, la personne morale ou physique habilitée à effectuer des opérations et prestations postales ;

opérateur dominant, tout opérateur qui exerce une influence significative sur un marché pertinent en détenant une part supérieure à 30% de celui-ci ; il est également tenu compte d'autres critères pour apprécier la puissance, notamment, le chiffre d'affaires par rapport à la taille du marché considéré ou encore le contrôle des moyens d'accès à l'utilisateur final ;

urwandiko rutanga uburenganzira ku bikorwa bitandukanye ni uruhusha ruhabwa ishirahamwe kugira rikoreshe ubuhinga n'ubuzi vyerekeye uguhanahana amakuru biciye mu buhinga bwa none ;

isoko rihambaye ni isoko rigizwe n'umugwi w'amashirahamwe akomeye mu vyerekeye uguhanahana amakuru mu buhinga bwa none, ibiriranga bigashobora gutuma hashingwa ibitegerezwa gukurikizwa n'amashirahamwe akomeye afise uruhara runini muri iryo soko ;

izina ryerekana urubuga mvajuru ni izina rigizwe n'indome hamwe n'ibiharuro ryisangijwe n'abarikoresha kugira bashobore gukorana n'imashini nyabwonko mu vyerekeye ubuhinga ngurukanabumenyi ;

ibiro vy'iyandikiro ni ishirahamwe ritunganya ibijanye n'ukubika amazina yerekana urubuga mvajuru hamwe n'itangwa ry'inomero IP (inomero iranga igikoresha ubuhinga ngurukanabumenyi) kuri ayo mazina yerekana urubuga mvajuru ;

ishirahamwe ryagenywe canke uwurangura ibijanye n'amaposita ashinzwe kurangura ibikorwa bidahara ni uwurangura ibijanye n'amaposita yashinzwe na Reta kugira arangure ibikorwa bidahara bituma bose bashobora gukoresha ibijanye n'amaposita ;

uwurangura ibijanye n'amaposita ni ishirahamwe canke umuntu afise uburenganzira bwo kurangura ibikorwa canke agakorera abandi ubuzi bujanye n'ivy'amaposita ;

ishirahamwe ry'uguhanahana amakuru rikomeye ni ishirahamwe iryo ari ryo ryose rifise uruhara runini kw'isoko rihambaye, rikaba rifise ibice birenga 30% vy'iryo soko. Hariho kandi ibindi bifatirwako mu kwemeza ubukomezi bw'ishirahamwe nka canecane amafaranga ryinjiza agereranijwe n'ayinjira muri iryo soko ryose canke hafatiwe kw'isuzuma ry'uburyo rifise kugira umunywanyi w'ishirahamwe ashobore gukoresha ubuhinga bwaryo ;

opérateur, toute personne morale exploitant un réseau de communications électroniques ouvert au public ou fournissant au public un service de communications électroniques ;

ishirahamwe ry'uguhanahana amakuru ni ishirahamwe iryo ari ryo ryose rikoresha imihora y'uguhanahana amakuru ku buhinga bwa none ishobora gukoreshwa na bese canke rikorera abantu bese ibijanye n'ubwo buhinga ;

points d'accès, les installations physiques, notamment les boîtes postales, les boîtes aux lettres mises à la disposition du public ainsi que les locaux dédiés aux services postaux ;

ahashirwa ubutumwa ni ivyubatswe nk'udusadundugu twa posita, udusandugu tw'amakete abantu bese bashobora gukoresha hamwe n'inyubakwa zigenewe ibirangurwa n'amaposita ;

prescription, l'acquisition définitive à l'opérateur du montant de tout mandat qui n'a pas été réclamé dans un délai de deux ans à compter de sa date d'émission ;

ugutakaza uburenganzira ni ukuba amafaranga yarungitswe nk'imanda atigeze atorwa mu kiringo c'imyaka ibiri kuva kw'igenekerezo yarungikiweko yegukira ishirahamwe ry'iposita ;

publipostage, une communication consistant uniquement en matériel de publicité et de marketing contenant un message identique à l'exception du nom de l'adresse et du numéro d'identification du destinataire ainsi que d'autres variables qui ne modifient pas la nature du message envoyé à un nombre significatif de personnes et qui doit être acheminé et remis à l'adresse indiquée par l'expéditeur sur l'envoi lui-même ou sur son conditionnement ;

ubuhinga bw'ukumenyekanisha ikidandazwa ni uguhanahana amakuru biciye gusa mu bikoreho bimenyekanisha ibidandazwa n'ibikwegakwega abaguzi burimwo ubutumwa busa kiretse izina n'inomero biranga uwo ubutumwa bugenewe n'ibindi bifatirwako bidahindura ingene ubutumwa burungikirwa abantu batari bake buba bumeze kandi bugategerezwa gushikanwa no gushikirizwa aho uwuburungika aba yerekanye we nyene ubwiwe canke ahanditswe ku co butekeyemwo ;

radiodiffusion, l'émission ou la transmission de sons ou d'images pour réception par le public par voie de récepteurs adaptés à cette fin, que l'émission se fasse à l'aide du spectre de fréquences radio ou par câble, fibre optique, satellite ou par conjugaison de ces moyens ;

ugusamiriza ni ugusohora canke ukurungika amajwi canke amasanamu kugira abantu bayaronke hakoreshejwe ivyuma bishobora kuyakira, akarungikwa biciye mu gukoresha imirongo y'iradiyo canke intsinga, intsinga zitwara umuco, ibigendajuru canke ubwo buhinga bwose bukoresherejwe rimwe ;

réseau de communications électroniques, les systèmes de transmission et, le cas échéant, les équipements de commutation ou de routage et les autres ressources qui permettent l'acheminement de signaux par câble, par voie hertzienne, par moyen optique ou par d'autres moyens électromagnétiques, comprenant les réseaux satellitaires, les réseaux terrestres fixes (avec commutation de circuits ou de

imihora y'uguhanahana amakuru mu buhinga bwa none ni uburyo bukoreshwa mu kurungika amakuru canke naho ibikoreho bitanga umurongo hamwe n'ibindi bikoreho bitwara inkuru zipfinitse bibicishije mu ntsinga , mu kirere, mu ntsinga zitwara umuco canke mu bundi buryo bwo kurungika imishwarara harimwo ukuyicisha mu bigendajuru canke mu vyuma vyo kw'isi bitanga imihora bitunguruzwa(hakoreshejwe ubuhinga bwo kurondeza imirongo canke ubuhinga bw'ukurungikira icarimwe umuganda w'ibitamikwa

paquets, y compris l'Internet) et mobiles, les systèmes utilisant le réseau électrique, pour autant qu'ils servent à la transmission de signaux, les réseaux utilisés pour la radiodiffusion sonore et télévisuelle ainsi que les réseaux câblés de télévision, quel que soit le type d'information transmise ;

réseau indépendant, tout réseau de communications électroniques réservé à un usage privé ou partagé. Un réseau indépendant est dit à usage privé, lorsqu'il est réservé à l'usage interne de la personne physique ou morale qui l'établit et à usage partagé, lorsqu'il est réservé à l'usage de plusieurs personnes physiques ou morales constituées en un ou plusieurs groupes fermés d'utilisateurs, en vue d'échanger des communications internes au sein d'un même groupe ;

réseau ouvert au public, tout réseau de communications électroniques établi ou utilisé pour la fourniture au public de services de communications électroniques ou de services de communication au public par voie électronique ;

réseau postal, l'ensemble de l'organisation et des moyens de toute nature mis en œuvre par le prestataire d'un service postal, qui concourent au traitement du courrier et à la réalisation des opérations financières postales ;

réseau radioélectrique, tout réseau qui utilise des fréquences radioélectriques pour la propagation des ondes en espace libre, y compris les réseaux utilisant les capacités de satellite ;

réseau téléphonique public, tout réseau de communications électroniques utilisé pour la fourniture de services téléphoniques accessibles au public ;

imashini nyabwonko, harimwo n'ubuhinga ngurukanabumenyi) n'ivyunguruzwa, ubuhinga bukoresha intsinga z'umuyagankuba mu gihe bikoreshejwe mu kurungika inkuru zipfinitse, ivyuma bikoreshwa mu kurungika amajwi canke amasanamu hamwe n'ubuhinga bwo kuronka amasanamu, hatarinze kurabwa ubwoko bw'inkuru zirungikwa ;

imihora yiharijwe na bamwebamwe ni imihora y'uguhanahana amakuru ku buhinga bwa none itagenewe gukoreshwa n'uwo ari we wese canke isangiwe n'abantu bamwebamwe. Imihora yiharijwe na bamwebamwe ni imihora itagenewe gukoreshwa n'uwo ari we wese mu gihe igenewe gukoreshwa n'umuntu umwe iwe canke ishirahamwe riyishiraho, igafatwa ko isangiwe mu gihe igenewe gukoreshwa n'abantu benshi canke amashirahamwe yishize mu mugwi umwe canke imigwi myinshi y'abantu bayikoresha bonyene kugira bahanahane inkuru hagati yabo mu mugwi umwe ;

imihora ikoreshwa na bese ni imihora iyo ari yo yose y'uguhanahana amakuru ku buhinga bwa none ishirwaho canke ikoreshwa mu ntumbero y'uguha abanyagihugu uburyo bwo guhanahana amakuru mu buhinga bwa none canke mu ntumbero y'uguha abanyagihugu amakuru biciye mu buhinga bwa none ;

imihora ya posita ni imihora iyo ari yo yose ijanye n'ingene iposita itunganijwe hamwe n'uburyo bwo uwugura ibikorwa vya posita akoresha bifasha mu gikorwa c'ukurungika n'ukwakira amakete no mw'irangurwa ry'ibikorwa vyerekeye amafaranga mu maposita ;

imihora ikoreshwa mu vyerekeye amaradiyo ni imihora yose ikoresha imirongo y'ukurungika imishwarara ikoreshwa mu vyerekeye amaradiyo mu gutuma imishwarara ishwarara mu kirere; muri iyo mihora harimwo iyikoresha ubushobozi bw'ibigendajuru ;

imihora y'iterefone igenewe gukoreshwa na bese ni imihora iyo ari yo yose y'uguhanahana amakuru mu buhinga bwa none ikoreshwa mu ntumbero y'ugutuma abantu bese bashobora kuronka imirongo ya terefone ;

sélection du transporteur, tout mécanisme permettant à un utilisateur de choisir entre un ensemble de réseaux publics de communications électroniques autorisés ou de fournisseurs de services de communications électroniques autorisés pour acheminer une partie ou l'intégralité de ses appels ;

service à valeur ajoutée, tout service de communications électroniques qui, n'étant pas un service de diffusion, utilise des services supports ou les services de communications électroniques finales et y ajoute d'autres services pour répondre à de nouveaux besoins spécifiques de communications électroniques ;

service de communications électroniques, les services d'émission, de transmission ou de réception de signaux sur des réseaux de communications électroniques accessibles au public, quel que soit le type d'information transmise notamment le son, la voix, l'image, les données ;

service postal universel, l'ensemble de services postaux de base que l'Etat s'engage à garantir à toutes les couches de la population, de manière permanente, selon des normes de qualité spécifiques et à des prix abordables, susceptibles de contribuer au développement du pays ;

service public des postes, l'ensemble des services postaux et financiers dont l'activité concourt sur l'ensemble du territoire national, à la réalisation de la mission de service public ;

service support, tout service de simple transport d'informations dont l'objet est, soit de transmettre, soit de transmettre et d'acheminer des signaux entre les points de terminaison d'un réseau de communications

uguhitamwo ishirahamwe rifise umuhora ushikana amakuru ni uburyo butuma umunywanyi ahitamwo mu mashirahamwe menshi y'uguhanahana amakuru mu buhinga bwa none yemewe n'amategeko canke ayakora ibikorwa bijanye n'uguhanahana amakuru mu buhinga bwa none yemewe n'amategeko kugira ashikane ubutumwa bumwebumwe canke bwose ;

ubuhinga butuma ubuhasanzwe bwongereza agaciro ni ubuhinga ubwo ari bwo bwose bw'uguhanahana amakuru mu buhinga bwa none budasanzwe ari ubuhinga bw'ugukwiragiza inkuru, bukoresha ubuhinga busanzwe bw'uguhanahana amakuru canke ubugezweko bugaca bwongerako ubundi buhinga kugira hatorerwe inyishu ibikenewe bishasha mu vyerekeye uguhanahana amakuru mu buhinga bwa none ;

ubuhinga bwa none bw'uguhanahana amakuru ni uburyo bw'ukurungika canke ukuronka inkuru zipfinitse biciye mu vyuma vy'uguhanahana amakuru mu buhinga bwa none bishobora gukoreshwa na bese, hatarinze kurabwa ubwoko bw'inkuru itangwa ryaba ijwi, ijwi ry'umuntu, isanamu, ibijanye n'uguhanahana amakuru bipfandurwa n'imashini nyabwonko

ibikorwa vy'amaposita bidahara ni ibikorwa vyose nyamukuru vy'amaposita Reta yiyemeje kwama irangurira abanyagihugu, hisunzwe amategeko avyerekeye kandi ku biciro bitavuna. Ivyo bikorwa bikaba bishobora gufasha mw'iterambere ry'igihugu ;

imirimo ya posita irangurirwa bese ni ibikorwa vyose vy'amaposita hamwe n'ivyerekeye amafaranga bifasha mw'irangurwa ry'umurimo urangurirwa bese mu gihugu cose ;

ubuhinga bw'ukurungika inkuru ni ubuhinga bwo gutwara inkuru mu buryo busanzwe haba mu ntumbero yo kuzirungika canke kurungika no kushikana inkuru zipfinitse hagati y'ivyuma bituma imihora y'uguhanahana amakuru ku buhinga bwa none

électroniques, sans faire subir à ces signaux des traitements autres que ceux nécessaires à leur transmission, à leur acheminement et au contrôle de ces fonctions ;

service universel, l'ensemble minimal de services définis dans la présente loi qui est accessible à l'ensemble de la population dans des conditions tarifaires abordables, indépendamment de la localisation géographique ;

services financiers postaux, les services bancaires postaux, qui confèrent aux postes un rôle important en tant que prestataire de services bancaires à faible coût ; il s'agit des services de collecte et de gestion de l'épargne, de facilités de crédits, de paiement de factures des grands facturiers telles les compagnies d'eau, d'électricité et de téléphone ;

services postaux non réservés, les services postaux exploités à des fins commerciales sans obligation de service public.

services postaux réservés, les services postaux dont l'exploitation est réservée à l'opérateur postal en charge du service postal universel ;

servitudes, les droits portants, d'une part, sur la mise en place des infrastructures et tout équipement sur, au-dessus ou en dessous de propriétés privées, et d'autre part, sur la protection de ceux-ci ;

signature électronique, une donnée sous forme électronique qui est jointe ou liée logiquement à d'autres données électroniques et qui sert de méthode d'authentification ;

ishobora gushikirwa, ata gihinduwe kuri izo nkuru zipfanditse kiretse ibikenewe mu kuzirungika, mu kuzishikana no mu gusuzuma ko zashitse ;

ibikorwa bidahara ni ibikorwa vyose ni miburiburi bitomowe muri iri bwirizwa bishobora gukoreshwa n'abantu bose, mu karere kose baherereyemwo, ku biciro bitavuna ;

ibisata vy'amaposita bijejwe ivy'amafaranga ni ibisata vya posita bikora nk'amabanki bituma amaposita agira uruhara ruhambaye mu vyerekeye ukurangura ibikorwa vy'amabanki hasabwe amafaranga abayabaye; ivyo bikorwa vyerekeye ukwegeranya n'ugutunganya amafaranga y'ukuziganya, ukworohereza abanywanyi kuronka ingurane, ukuriha amafagitire y'amashirahamwe asohora amafagitire menshi, nk'amashirahamwe ajejwe ivy'amazi, umuyagankuba na terefone ;

ibikorwa vy'amaposita birekuriwe amashirahamwe ayo ari yo yose akora ibijanye n'amaposita ni ibikorwa vy'amaposita bikorwa mu ntumbero y'ubudandaji, ariko bidategerejwe gukorerwa uwo ari we wese ;

ibikorwa vy'amaposita birekuriwe gusa amaposita ni ibikorwa vy'amaposita birangurwa gusa n'ishirahamwe rikora ibijanye n'amaposita rijejwe gutuma bose bashobora gukoresha ivy'amaposita

ingabanyabubasha ni uburenganzira bw'ugushinga ivyubakwa n'ibindi bikoreshe vyose bijanye n'uguhanahana amakuru mu buhinga bwa none bigashirwa kw'itongo ry'umuntu, hejuru canke muni yaryo hamwe n'ubw'ukubikingira ;

umukono wo mu buhinga bwa none ni igipfundurwa hakoreshejwe ubuhinga bwa none congerwa canke gifatanye n'ibindi bitororokanywa bipfundurwa n'imashini nyabwonko bikaba bifasha mu kumenya nyene urwandiko;

signature électronique avancée, une signature électronique qui satisfait aux exigences suivantes :

- être liée uniquement au signataire ;
- permettre d'identifier le signataire ;
- être créée par des moyens que le signataire puisse garder sous son contrôle exclusif ;
- être liée aux données auxquelles elle se rapporte de telle sorte que toute modification ultérieure des données soit détectable.

signataire, toute personne qui détient un dispositif de création de signature et qui agit soit pour son propre compte soit pour celui d'une entité ou personne physique ou morale qu'elle représente ;

système d'information, un système utilisé pour créer, envoyer, recevoir, conserver ou traiter de toute autre manière des messages de données ;

timbre-poste, la vignette ayant une valeur faciale et qui sert à l'affranchissement du courrier postal ; les seuls timbres-poste valables pour l'affranchissement sont ceux du pays d'origine des correspondances ;

transaction électronique, ensemble cohérent d'échanges d'informations susceptibles de produire un effet de droit tels que l'envoi de facture, le virement de fonds, l'achat entre deux équipements terminaux de communication.

usager, toute personne physique ou morale bénéficiaire d'une prestation du service public des postes ;

umukono wo mu buhinga bwa none wo ku rugero ruhanitse ni umukono wo ku buhinga bwa none ukwije ibisabwa bikurikira:

- kuba uhuye gusa n'uwakoze uwo mukono;
- gutuma hamenyekana uwawukoze;
- kuba uwakoze uwo mukono yawukoze ku buryo ari we wenyene aguma yiharije ubuhinga yakoresheje;
- kuba uhuye n'ibipfindurwa n'imashini nyabwonko ku buryo icohindurwa cose mu nyuma kuri ivyo coca kimenyekana.

uwukora imikono yo mu buhinga bwa none ni umuntu wese afise ibikoresho bituma ashobora gukora imikono yo mu buhinga bwa none akora ku giti ciwe canke akorera igisata, umuntu canke ishirahamwe aserukira;

uburyo bw'ukumenyeshya ubutumwa ni ubuhinga bukoreshe mu gutegura ubutumwa bugizwe n'ibipfindurwa n'imashini nyabwonko, kuburungika, kubwakira, kububika canke kubuhinyanyura mu bundi buryo ubwo ari bwo bwose;

itembure ya posita ni ivinyeti yanditseko agaciro kayo ikerekana ko ubutumwa bucishwa muri posita bwarihiwe; amatembure ya posita yemewe mu kurihira ubutumwa burungikwa ni ayo gusa yo mu gihugu ubutumwa bwaje buvamwo ;

ukugura n'ukugurisha biciye mu buhinga bwa none ni uburyo bwose buroranye bw'uguhanahana amakuru mu buhinga bwa none, ashobora gutanga uburenganzira nk'ukurungika ifagitire, ugukura amafaranga kw'ikonte ashirwa ku yindi, ukugura biciye mu buhinga bwa none bw'uguhanahana amakuru hakoreshejwe ibikoresho vyakira ubutumwa ubwa nyuma bibiri;

uwukorerwa igikorwa na posita ni umuntu wese canke ishirahamwe ryose rikorerwa imirimo ya posita irangurirwa bose ;

utilisateur, toute personne physique ou morale utilisant un service de communications électroniques à des fins privées ou professionnelles sans être nécessairement abonnée à ce service.

uwukoresha ubuhinga bwa none bw'uguhanahana amakuru ni umuntu wese canke ishirahamwe ryose rikoresha uburyo bw'uguhanahana amakuru ku buhinga bwa none akabigira ku nyungu ziwe canke kubera akazi akora n'aho atoba ari umunywanyi w'iryo shirahamwe ry'uguhanahana amakuru.

CHAPITRE III. DU CADRE INSTITUTIONNEL DU SECTEUR DES COMMUNICATIONS ELECTRONIQUES ET DES POSTES

IGICE CA III. IVYEREKEYE INZEGO ZITUNGANYA IGISATA C'UGUHANAHANA AMAKURU MU BUHINGA BWA NONE N'AMAPOSITA

Article 4

Le cadre institutionnel du secteur des communications électroniques et des postes comprend :

Ingingo ya 4

Inzego zitunganya igisata c'uguhanahana amakuru mu buhinga bwa none n'amaposita ni izi zikurikira:

1° Le Ministère en charge des communications électroniques et des postes ;

1° Ubushikiranganji bujejwe ivyerekeye uguhanahana amakuru mu buhinga bwa none n'amaposita;

2° La Commission nationale de la société de l'information et de la communication ;

2° Umugwi w'Igihugu ujejwe gukurikirana ivyerekeye ukumenyesha n'uguhanahana amakuru ;

3° Le Secrétariat exécutif des technologies de l'information et de la communication ;

3° Ibiro vy'umunyamabanga nshingwabikorwa bijejwe ubuhinga bwa none bw'ukumenyesha n'uguhanahana amakuru ;

4° L'Autorité de régulation des communications électroniques et des postes.

4° Urwego rujejwe gucungera ivyerekeye uguhanahana amakuru mu buhinga bwa none n'amaposita.

Article 5

Le Ministère en charge des communications électroniques et des postes conçoit, promeut et exécute la politique du Gouvernement dans le secteur des communications électroniques et des postes.

Ingingo ya 5

Ubushikiranganji bujejwe ivyerekeye uguhanahana amakuru mu buhinga bwa none n'amaposita ni bwo butegura, bumenyekanisha bukongera bugashira mu mu ngiro poritike ya Reta mu vyerekeye uguhanahana amakuru mu buhinga bwa none n'amaposita.

Les missions, l'organisation et le fonctionnement du Ministère en charge des communications électroniques et des postes sont fixés par décret.

Imirimo Ubushikiranganji bujejwe ivyerekeye uguhanahana amakuru mu buhinga bwa none n'amaposita bushinzwe, ingene butunganijwe n'ingene bukora bishingwa n'itegeko ry'Umukuru w'Igihugu.

Article 6

La Commission nationale pour la société de l'information appuie le Gouvernement dans la coordination et la mise en œuvre de la politique

Ingingo ya 6

Umugwi w'Igihugu ujejwe gukurikirana ivyerekeye ukumenyesha amakuru urashigikira Reta mu gukurikiranira hafi no mu gushira mu ngiro poritike

de développement des communications électroniques et des postes.

Les missions, l'organisation et le fonctionnement de la Commission sont fixés par décret.

Article 7

Le Secrétariat exécutif des technologies de l'information et de la communication est chargé de coordonner et suivre tous les projets et programmes visant la mise en œuvre de la politique nationale de développement des technologies de l'information et de la communication.

Les missions, l'organisation et le fonctionnement du Secrétariat exécutif sont fixés par décret.

Article 8

L'Autorité de régulation des communications électroniques et des postes, ci-après dénommée ARCEP, est chargée de la régulation et du contrôle des communications électroniques et des postes.

Les missions, l'organisation et le fonctionnement de l'Autorité de régulation des communications électroniques et des postes sont fixés par décret.

TITRE II. DES DISPOSITIONS REGISSANT LES COMMUNICATIONS ELECTRONIQUES

CHAPITRE I. DES REGIMES APPLICABLES

Section 1. Des régimes applicables aux réseaux et aux services de communications électroniques

Article 9

Les réseaux et services de communications électroniques sont soumis à l'un des régimes ci-après :

y'uguteza imbere ivyerekeye uguhanahana amakuru mu buhinga bwa none n'ivyerekeye amaposita.

Imirimo Umugwi ushinzwe, ingene utunganijwe n'ingene ukora bishingwa n'itegeko ry'Umukuru w'Igihugu.

Ingingo ya 7

Ibiro vy'umunyamabanga nshingwabikorwa bijejwe ivyerekeye ubuhinga bw'ukumenyeshya n'uguhanahana amakuru bishinzwe kuringaniza no gukurikiranira hafi imigambi n'indinganizo vyose bifise intumbero yo gushira mu ngiro poritike y'igihugu y'uguteza imbere ivyerekeye ubuhinga bw'ukumenyeshya n'uguhanahana amakuru.

Imirimo Ibiro nshingwabikorwa bishinzwe, ingene bitunganijwe n'ingene bikora bishingwa n'itegeko ry'Umukuru w'Igihugu.

Ingingo ya 8

Urwego rujejwe ugucungera ivyerekeye uguhanahana amakuru mu buhinga bwa none n'ivyerekeye amaposita rwiswe ARCEP, rushinzwe gucungera n'ugusuzuma ivyerekeye uguhanahana amakuru mu buhinga bwa none n'amaposita.

Imirimo Urwego rujejwe ugucungera ivyerekeye uguhanahana amakuru mu buhinga bwa none n'ivyerekeye amaposita rushinzwe, ingene rutunganijwe n'ingene rukora bishingwa n'itegeko ry'Umukuru w'Igihugu.

IKIGABANE CA II. IBITEGEKANIJWE BIGENGA IVYEREKEYE UGUHANAHANA AMAKURU MU BUHINGA BWA NONE

IGICE CA I. AMATEGEKO AKURIKIZWA

Agace ka 1. Amategeko akurikizwa ku mihora no ku buhinga bwa none vy'uguhanahana amakuru

Ingingo ya 9

Imihora n'ubuhinga bwa none vy'uguhanahana amakuru bigengwa n'amwe mu mategeko akurikira:

- 1° Le régime de licence ;
- 2° Le régime de l'autorisation ;
- 3° Le régime de la déclaration.

Article 10

L'octroi de licence ou d'autorisation se fait dans le respect du principe de neutralité technologique et de service afin de faire face à la convergence.

Paragraphe 1. Le régime de licence

Article 11

L'Etat peut concéder à un opérateur public ou privé, par voie de licence, l'exécution des travaux d'installation et/ou d'exploitation de réseaux de communications électroniques ouverts au public.

Compte tenu de l'évolution technologique et de la convergence des technologies, la délivrance des licences unifiées est autorisée.

Article 12

La licence est octroyée par l'autorité compétente désignée par le Gouvernement, après avis technique de l'ARCEP.

Article 13

L'ARCEP reçoit et instruit les demandes de licence.

L'instruction du dossier ne peut excéder une durée de quatre-vingt-dix jours calendriers à compter du jour de la réception de la demande.

Article 14

L'ARCEP signe le contrat de concession avec le titulaire de la licence.

Le contrat de concession fixe les droits et obligations du concessionnaire et du concédant. Il comprend notamment les conditions minimales énumérées aux articles 17, 18 et 19

- 1° Amategeko agenga uburenganzira bw'ugukora;
- 2° Amategeko agenga uruhusha rw'ugukora;
- 3° Amategeko agenga ukumenyeshya ibikorwa.

Ingingo ya 10

Uburenganzira canke uruhusha rw'ugukora bitangwa hubahirijwe ingingo ngenderwako y'ukudahengama mu vy'ubuhinga bwa none no mu kurangurira abantu ubuzi mu ntumbero yo guhangana n'ubwanzurirahamwe mu vy'ubuhinga.

Agahimba ka 1. Amategeko agenga uburenganzira bw'ugukora

Ingingo ya 11

Reta irashobora gutiza ishirahamwe rya Reta canke iry'abikorera utwabo ububasha bw'ugushiraho n'ubwo gukoresha imihora ikoresha na bese ibicishije mu gutanga uburenganzira bw'ugukora.

Hafatiwe ku kugene ubuhinga bugenda buratera imbere n'ubwanzurirahamwe mu vy'ubuhinga, birarekuwe ko hatangwa urwandiko rutanga uburenganzira ku bikorwa bitandukanye.

Ingingo ya 12

Uburenganzira bw'ugukora butangwa n'umutegetsi abifitiye ububasha agenwa na Reta, Urwego ARCEP rumaze kugira ico rubivuzeko mu bijanye n'ubuhinga.

Ingingo ya 13

Urwego ARCEP rurakira rukongera rukihweza amadosiye y'ugusaba uburenganzira bw'ugukora.

Idosiye ntishobora kwihwezwa mu kiringo kirenza imisi mirongo icenda ikurikirana iharurwa kuva umusi idosiye y'ugusaba uburenganzira yakiririweko.

Ingingo ya 14

Urwego ARCEP n'uwahawe uburenganzira barashira umukono ku masezerano y'intizo.

Amasezerano y'intizo arashinga uburenganzira bw'uwahawe intizo hamwe n'ubwo ubutegetsi buyitanga n'ivyo bategerejwe. Ayo masezerano ategerezwa kuba arimwo n'imiburiburi ibisabwa

de la présente loi.

Article 15

Toute licence délivrée en application de la présente loi est personnelle à son titulaire. Sans préjudice des dispositions pertinentes du code des sociétés privées et à participation publique, elle peut être cédée à un tiers avec le consentement préalable du Concédant.

Le concédant vérifie si le nouvel acquéreur remplit les conditions nécessaires pour la poursuite des engagements initialement pris par l'ancien concessionnaire.

Article 16

La concession est accordée à titre personnel. Le concessionnaire ne peut modifier, céder, transférer ou donner en gage, tout ou partie, directement ou indirectement, la concession sans l'accord préalable et écrit du concédant.

Le concessionnaire ne peut se substituer à un tiers sans l'accord exprès et préalable du concédant pour l'exercice partiel ou total des attributions, obligations ou compétences qui lui incombent au titre de la concession.

Pour le cas des radiodiffuseurs sonores et/ou télévisuels, la réception puis émission des programmes d'une station tierce est interdite sans l'accord préalable du concédant.

Dans le cas où un recours à des tiers pour l'exécution de certaines de ses attributions serait autorisé, le concessionnaire demeure seul responsable à l'égard du concédant.

Article 17

Les conditions et les modalités dans lesquelles les licences peuvent être demandées, refusées, accordées, suspendues ou retirées sont

bitegekanijwe mu ngingo ya 17, iya 18 n'ya 19 z'iri bwirizwa.

Ingingo ya 15

Ubuganzira bwose bw'ugukora butanzwe hisunzwe iri bwirizwa ni ubwa nyenebwo gusa. Hatirengagijwe ingingo zivyerekeye zitegekanijwe mu Gitabu c'amategeko agenga amashirahamwe y'abikorera utwabo n'ayo Reta ifisemwo umutahe, ubuganzira burashobora guhabwa uwundi ari uko ubutegetsi bubutanga bwabanje kuvyemeza.

Ubutegetsi butanga ubuganzira burahinyuza ko uwubuhabwa akwije ibisabwa bikenewe kugira ngo ivyo uwari yabuhawe yiyemeje bibandanya vyubahirizwa.

Ingingo ya 16

Amasezerano y'intizo ahabwa umuntu ku giti ciwe. Uwahawe intizo ntashobora guhindura ibirimwo vyose canke bimwebimwe biri muri yo, kuyaha uwundi, kuyimurira ahandi canke kuyatangako ingwati, we nyene ubwiwe canke abicishije ku wundi, atabanje guhabwa uruhusha kandi biciye mu rwandiko rw'ubutegetsi butanga iyo ntizo.

Uwahawe intizo ntashobora gusubirirwa n'uwundi muntu atabanje guhabwa uruhusha biciye mu rwandiko rutangwa n'umutegetsi atanga iyo ntizo kugira arangure bimwebimwe canke vyose mu vyo yari ajejwe, ategerejwe canke afitiye ububasha bijanye n'iyi ntizo.

Ku vyerekeye insamirizi canke imboneshakure, ukwakira ibiganiro vy'iyindi nsamirizi canke iyindi mboneshakure hamwe n'ukubirungikira iyindi birabujijwe ata ruhusha rubanje gutangwa n'umutegetsi atanga intizo.

Mu gihe birekuwe kwikora ku bandi bantu mu gushira mu ngiro bimwebimwe mu vyo bajejwe, uwahawe intizo ni we nyene abibazwa imbere y'umutegetsi atanga iyo ntizo.

Ingingo ya 17

Ibisabwa n'ibikurikizwa kugira ubwo burenganzira bushobore gusabwa, kudatangwa, gutangwa, guhagarikwa canke kwakwa bitomorwa n'itegeko

précisées par décret.

Article 18

L'installation et/ou l'exploitation des réseaux ouverts au public sont soumises au respect d'un cahier des charges portant notamment sur :

- 1° les conditions d'installation du réseau, sa zone de couverture et son calendrier de déploiement ;
- 2° les conditions d'utilisation des fréquences allouées ;
- 3° Les conditions de permanence, de qualité et de disponibilité du réseau et du service ;
- 4° les conditions de confidentialité et de neutralité au regard des messages et des informations échangés, chaque partie en ce qui la concerne ;
- 5° les normes et spécifications du réseau et du service ;
- 6° les prescriptions exigées par la protection de la santé, de l'environnement et par les objectifs d'aménagement du territoire et d'urbanisme, comportant, le cas échéant, les conditions d'occupation du domaine public, les garanties financières ou techniques nécessaires à la bonne exécution des travaux d'infrastructures et les modalités de partage des infrastructures et d'itinérance locale ;
- 7° les prescriptions exigées par l'ordre public, la défense nationale et la sécurité publique, notamment celles nécessaires à la mise en œuvre des interceptions justifiées par les nécessités de la sécurité publique, l'identification des abonnés et leur localisation en temps réels ainsi que les garanties d'une juste rémunération des prestations assurées à ce titre ;
- 8° le financement du service universel et la fourniture du service universel ;

ry'Umukuru w'Igihugu.

Ingingo ya 18

Imihora ikoresha na bese itegerezwa gushirwaho hubahirijwe ibiri mu gitabu cerekana ibitegerezwa gukurikizwa ari vyo vy'ibi bikurikira :

- 1° Ibisabwa mu gushiraho umuhora, akarere vyerekeye n'ikirangamisi c'ingene imihora izokwiragizwa muri ako karere ;
- 2° Ibisabwa mu gukoresha imirongo itangwa;
- 3° Ibitegerejwe kugira imihora ikore ubudahengeshanya, ikore neza kandi imirongo n'ivyo abanywanyi bakeneye bigume biboneka ;
- 4° Ibisabwa kugira ubutumwa burungikwa n'inkuru zijanye n'uguhanahana amakuru bigumizwe mw'ibanga n'ukutagira aho uhengamira mu bijanye n'ubutumwa buhanahanwa ;
- 5° Amategeko imihora n'ubuhinga busabirwa uruhusha vyisunga n'ibibiranga ;
- 6° Ibitegerejwe kugira amagara y'abantu n'ibidukikije bikingirwe hamwe n'ibitegerejwe mu gutunganya amatongo n'ibisagara harimwo, bikenewe, ibisabwa kugira amatongo ya Reta akoreshe, ivyerekana ko hari amafaranga n'ubuhinga bikenewe kugira ibikorwa vyo gushiraho iyo mihora birangurwe neza hamwe n'uburyo bw'ugusangira n'abandi ivyubatswe n'uguhanahana imihora mu karere gakorerwamwo ;
- 7° Ibitegerejwe vyerekeye ukubungabunga umutekano w'abanyagihugu, ukwivuna abansi n'ugucungera umutekano mu gihugu nk'ibikenewe kugira bishoboke ko amakuru ahanahanwa yaburwa ku mvo z'umutekano, ukumenya abanywanyi no kumenya aho bari mu mwanya ubereye hamwe n'ivyemeza ko hazorihwa amafaranga ahuye n'ivyo bikorwa ;
- 8° Ingene hatangwa uburyo bufasha mu bikorwa bidahara n'ukubirangurira abenegihugu;

- 9° les conditions d'interconnexion, d'accès et de partage d'infrastructures ;
- 9° Ibisabwa mu guhana imihora, ibisabwa kugira ishobore gukoreshwa no mu gusangira ivyubatswe;
- 10° les conditions nécessaires pour assurer l'équivalence de traitement des opérateurs internationaux ;
- 10° Ibisabwa bikenewe kugira hafatwe kumwe amashirahamwe mpuzamakungu akoresha imihora y'uguhanahana amakuru ;
- 11° les conditions nécessaires pour assurer l'interopérabilité des services et la concurrence loyale ;
- 11° Ibisabwa bikenewe kugira ubuhinga butandukanye bushobore gukorana n'ihiganwa mu rudandazwa rigirwa biciye mu mategeko ;
- 12° les obligations qui s'imposent à l'exploitant pour permettre son contrôle par l'autorité de régulation ;
- 12° Ivyo ishira hamwe ritanga imihora ritegerejwe kugira Urwego rujwe gucungera ivyerekeye uguhanahana amakuru ku buhinga bwa none rushobore kurisuzuma;
- 13° l'acquittement des redevances dues ;
- 13° Ukuriha amafaranga ategerejwe ;
- 14° l'information sur les conditions contractuelles de fourniture du service et la protection des utilisateurs ;
- 14° Ibimenyeshwa vyerekeye ibisabwa kugira ishira hamwe rigiranire n'ababikeneye amasezerano y'ugukoresha ubuhinga bwaryo bw'uguhanahana amakuru n'ingene ababukoresha bakingirwa ;
- 15° l'acheminement gratuit des appels d'urgence ; à cet effet, les opérateurs sont tenus d'assurer l'accès gratuit des services d'urgence à l'information relative à la localisation de l'équipement du terminal de l'utilisateur, dans la mesure où cette information est disponible.
- 15° Ukurungika ku buntu ubutumwa bujanye n'ugutabaza; kubera ivyo amashirahamwe y'uguhanahana amakuru ategerezwa kwemerera ibisata bitabara gukoresha ku buntu ibituma hamenyekana ahari icuma cakira ubutumwa ubwa nyuma cakoreshejwe n'uwutabaza mu gihe ubwo buryo butuma hamenyekana ahari icuma cakoreshejwe buhari.

Article 19

Le contrat de concession portant sur l'installation et/ou l'exploitation des réseaux radioélectriques ouverts au public précise, en outre, les éléments suivants d'utilisation des fréquences ou de la bande de fréquences :

- 1° La nature et les caractéristiques techniques des équipements, des réseaux et des services qui peuvent utiliser les fréquences ou la bande de fréquences ainsi que leurs conditions de qualité et de disponibilité et, le cas échéant, leur calendrier de déploiement

Ingingo ya 19

Amasezerano y'intizo mu vyerekeye ugushiraho n'ugukoresha imihora ikoreshwa mu vyerekeye amaradiyo igenewe gukoreshwa na bose, aratomora kandi ibisabwa kugira hakoreshwe imirongo canke agace k'umuhora. Na vyo ni nk'ibi bikurikira :

- 1° Ubwoko n'ibiranga ubuhinga bw'ibikoresho, imihora ikoreshwa mu vyerekeye amaradiyo n'ubuhinga bushobora gukoresha imirongo canke uduce tw'imihora hamwe n'ibitegerejwe kugira vyame bikora neza kandi ubudahengeshanya, kandi, bikenewe, ikirangamisi c'ingene bizokwiragizwa mu

et leurs zones de couverture ;

2° Les conditions techniques nécessaires pour éviter les brouillages préjudiciables et limiter l'exposition du public aux champs électromagnétiques ;

3° Les obligations résultant d'accords internationaux ayant trait à l'utilisation des fréquences ;

4° Les engagements pris par l'opérateur ayant obtenu sa licence dans le cadre d'un appel à candidatures.

gihugu n'akarere vyerekeye ;

2° Ibisabwa bijanye n'ubuhinga bikenewe kugira icyo mirongo ntivogere icyindi mirongo no kugira hagabanywe ingorane abantu bogira ziturutse ku mishwarara birungika mu karere birimwo ;

3° Ibitegerejwe biri mu masezerano mpuzamakungu vyerekeye ikoreshwa ry'imirongo ;

4° Ivyo uwahawe uburengazira yiyemeje, mu gihe yaburonse biciye mw'ihiganwa.

Article 20

Les licences portant sur l'installation et/ou l'exploitation des réseaux radioélectriques ouverts au public sont délivrées pour une durée maximale de vingt ans.

La durée peut être plus courte en cas d'établissement et d'exploitation de réseaux expérimentaux, ou lorsque le demandeur le propose.

Article 21

A la fin de la période pour laquelle la concession est octroyée, le renouvellement n'est pas tacite. La demande de renouvellement est introduite au moins 18 mois avant l'expiration de la licence.

Le renouvellement est accordé ou refusé par le Gouvernement après avis technique de l'ARCEP. Le demandeur en est informé au moins 12 mois avant l'expiration de sa licence.

Paragraphe 2. Le régime d'autorisation

Article 22

Le régime d'autorisation s'applique aux services de communications électroniques autres que ceux mentionnés à l'article 11 et utilisant des fréquences hertziennes. Il concerne notamment :

Ingingo ya 20

Ubarenganzira bw'ugukora bwerekeye ishirwaho n'ikoreshwa ry'imihora ikoreshwa mu vyerekeye amaradiyo igenewe gukoreshwa na bese bufise ikiringo kitarenza imyaka mirongo ibiri.

Ico kiringo gishobora kudashikana icyo myaka mu gihe uwusaba ubarenganzira abisavye agomba gushiraho canke gukoresha imihora ikigeragezwa canke mu gihe abisavye gusa.

Ingingo ya 21

Ikiringo c'intizo kirangiye, ubarenganzira bw'ugukora ntibutegetezwa kwongerwa ikindi kiringo. Ugasaba kwongerwa ikindi kiringo bigirwa n'imiburuburi mu mezi 18 imbere yuko ubarenganzira bw'ugukora burangira.

Reta irongera ikindi kiringo canke nticongere, Urwego ARCEP rumaze kugira icyo rushikirije mu vyerekeye ubuhinga. Uwusaba ubarenganzira arabimenyeshwa n'imiburuburi hagasigaye amezi 12 imbere yuko ikiringo ubarenganzira bumara kirangira.

Agahimba ka 2. Amategeko agenga itangwa ry'uruhusha rw'ugukora

Ingingo ya 22

Amategeko agenga itangwa ry'uruhusha rw'ugukora akurikizwa ku bisata vy'uguhanahana amakuru mu buhinga bwa none atari ibisata bivugwa mu ngingo ya 11 kandi bikoresha imirongo ica mu kirere. Ayo mategeko yerekeye canecane :

- | | |
|--|---|
| 1° l'établissement d'un réseau radioélectrique
Indépendant non commercial ; | 1° Ugushiraho imihora ikoresheya mu vyerekeye
amaradiyo yiharijwe na bamwabamwe atari mu
ntumbero y'urudandazwa ; |
| 2° l'exploitation de tout service-support destiné
à transporter et à transmettre des données
brutes, sans traitement particulier ; | 2° Ugukoresha ubuhinga bwose bw'ukurungika inkuru
bugenewe gutwara no gushikiriza ibitororokanywa
ata kivuyeko, ata kibanje gukorwa kuri vyo ; |
| 3° l'installation de station de radiodiffusion
sonore et télévisuelle pour la réception
collective ou de réception aux fins de
rediffusion ; | 3° Ugushiraho ivyuma bikoresheya mu kurungika
amajwi n'amasanamu mu ntumbero y'ukuronswa
amakuru mu kivunga canke kuyakira mu ntumbero
y'ukuyakwiragiza ; |
| 4° les installations de radiocommunications
établies à bord des navires, bateaux ou
aéronefs immatriculés au Burundi ; | 4° Ivyuma bikoresheya mu guhanahana amakuru
hakoreshejwe amaradiyo biri mu bwato canke
ibigendajuru bifise inomero ibiranga yo mu Burundi
; |
| 5° les installations de radiocommunications
établies à bord des navires, bateaux ou
aéronefs, en vue d'assurer les
communications soit avec d'autres navires,
bateaux ou aéronefs, soit avec des postes
terrestres situés au Burundi. | 5° Ivyuma bikoresheya mu guhanahana amakuru
hakoreshejwe amaradiyo biri mu bwato canke
ibigendajuru mu ntumbero y'uguhanahana
amakuru n'ubundi bwato canke n'ibindi
bigendajuru canke mu guhanahana amakuru
n'ibibanza vyo kw'isi biri mu Burundi. |

Article 23

Toute personne physique ou morale désireuse d'exploiter un service à valeur ajoutée ou autres services doit obtenir préalablement une autorisation auprès de l'ARCEP.

Les services à valeur ajoutée sont déterminés par décret.

Les autorisations délivrées sont valables pour une durée maximum de cinq ans. La durée peut être plus courte en cas d'installation et d'exploitation de réseaux expérimentaux, ou lorsque le demandeur le propose.

Article 24

Les conditions dans lesquelles les autorisations peuvent être demandées, refusées, accordées, suspendues ou retirées sont précisées par décret et le début de l'exploitation est conditionné par le paiement des frais et redevances prévues à cet effet.

Ingingo ya 23

Umuntu wese canke ishishamwe ryose ryipfuzwa gukoresha ubuhinga butuma ubuhasanzwe bwongereza agaciro canke ubundi buhinga ritegerezwa kubanza guhabwa uruhusha n'Urwego ARCEP.

Ubuhinga butuma ubuhasanzwe bwongereza agaciro butomorwa n'itegeko ry'Umukuru w'Igihugu.

Impusha zitangwa zemerwa mu kiringo kitarenze imyaka itanu. Ikiringo gishobora kuba gito mu gihe hashinzwe hakongerwa hagakoresheya imihora ikigeragezwa canke mu gihe uwusaba uruhusha abisavye.

Ingingo ya 24

Ibisabwa kugira izo mpusha zishobore gusabwa, kudatangwa, gutangwa, guhagarikwa canke kwakwa bitomorwa n'itegeko ry'Umukuru w'Igihugu kandi ibisabirwa uruhusha bitangura gukora ari uko harishwe amafaranga asabwa bijanywe.

L'autorisation est assortie d'un cahier des charges qui porte notamment sur l'utilisation des fréquences allouées et sur les redevances et les frais dus.

Article 25

L'instruction du dossier ne peut excéder un mois à compter du jour de la réception de la demande.

Article 26

L'autorisation ne peut être refusée que pour l'un des motifs suivants :

- 1° Le non-paiement des frais de dossier ;
- 2° La sauvegarde de l'ordre public ou les besoins de la défense nationale et de la sécurité publique ;
- 3° L'incapacité technique ou financière du demandeur ;
- 4° La condamnation du demandeur à l'une des sanctions prévues par la présente loi ;
- 5° Les antécédents découlant de l'exécution des contrats antérieurs ;
- 6° L'indisponibilité des ressources en fréquences ou en numérotage.

Le refus d'autorisation est motivé et notifié par écrit au demandeur.

Article 27

Lorsqu'un exploitant décide de connecter son réseau indépendant à un réseau ouvert au public, il en informe l'ARCEP. Celle-ci peut à tout moment demander à l'exploitant de justifier les moyens mis en place pour que cette connexion ne permette pas l'échange de communications entre des personnes autres que celles auxquelles l'usage du réseau est réservé.

Uruhusha rujana n'ibitegerezwa gukorwa bijanye n'ingene imirongo itanzwe izokoresha hamwe n'amafaranga ategerezwa kurihwa.

Ingingo ya 25

Idosiye ntishobora kwihwezwa mu ikirango kirenza ukwezi kumwe giharurwa kuva umusi idosiye y'ugusaba uruhusha yakiririweko.

Ingingo ya 26

Uruhusha rureka gutangwa gusa ku mvo imwe muri izi zikurikira :

- 1° Amafaranga y'idosiye atarishwe ;
- 2° Ukubungabunga umutekano w'abanyagihugu canke ku mvo z'ibijanye no kwivuna abansi n'ibijanye n'umutekano mu gihugu ;
- 3° Uwusaba uruhusha adafise ubushobozi mu vyerekeye ubuhinga canke amafaranga akwiye y'ugushobora kwama arangura ivyo ategerejwe ;
- 4° Uwusaba uruhusha yarahanishijwe kimwe mu bihano bitegekanijwe muri iri bwirizwa ;
- 5° Uwusaba uruhusha hari ivyo atubahirije mu gushira mu ngiro amasezerano yari yarapfunditse ;
- 6° Ata mirongo canke inomero vy'ugutangwa bihari.

Uruhusha rudatanzwe biratangirwa imvo kandi bikamenyeshwa nyene kurusaba biciye mu rwandiko.

Ingingo ya 27

Mu gihe uwukoresha umuhora ashatse gufatanya umuhora yiharije n'umuhora ukoresha na bese, arabimenyeshya Urwego ARCEP. Urwo rwego rurashobora igihe ico ari co cose gusaba ko uwukoresha uwo muhora yerekana uburyo afise kugira uguhana imihora ntibitume abahanahana amakuru ku buhinga bwa none baguma gusa ari abo uwo muhora wagenewe.

Article 28

L'exploitant d'un réseau indépendant doit prendre toute mesure pour préserver l'intégrité et la sécurité des réseaux ouverts au public auxquels son réseau est connecté. A ce titre, il veille à ce que les terminaux destinés à être connectés indirectement à un réseau ouvert au public soient conformes à la réglementation en vigueur.

Lorsque l'équipement d'interface n'apporte pas les garanties nécessaires, l'ARCEP ordonne la suspension de la connexion à un réseau ouvert au public, notamment à la demande de l'exploitant dudit réseau, au cas où cette connexion est susceptible de porter atteinte à l'intégrité ou à la sécurité de fonctionnement du réseau ouvert au public.

Article 29

Un exploitant de réseau indépendant ne peut conférer à son réseau le caractère de réseau ouvert au public sans licence préalable délivrée par le Gouvernement.

A défaut, l'exploitant peut être sanctionné dans les conditions prévues par la présente loi.

Article 30

En cas de nécessité imposée par l'ordre public, la sécurité publique ou la défense nationale, l'exploitant d'un réseau indépendant est tenu de se conformer aux instructions des autorités judiciaires, militaires ou de police.

Article 31

L'implantation des réseaux indépendants doit respecter les prescriptions édictées par les autorités compétentes en matière d'environnement, d'aménagement du territoire et d'urbanisme.

Paragraphe 3. Le régime de déclaration**Article 32**

Le régime de déclaration concerne les activités de communications électroniques autres que

Ingingo ya 28

Uwukoresha umuhora yiharije ategerezwa gufata ingingo iyo ari yo yose ikenewe kugira imihora ikoresha na bose ifatanijwe n'uwuwe ntihagire ico iba kandi ikaguma ikora neza. Kubera ivyo, aritwararika ko ivyuma vyakira ubutumwa ubwa nyuma bigenewe gufatanywa n'umuhora ukoresha na bose biciye mu bundi buryo, bihura n'uko amategeko asanzwe akurikizwa abisaba.

Mu gihe ivyuma bihuza imihora yiharijwe na bamwebamwe n'imihora ikoresha na bose bitizewe bikwiye, Urwego ARCEP ruca rutegeka ko ivyo vyuma bitabandanya bifatanijwe na canecane iyo bisabwe n'uwukoresha ivyuma bitanga imihora ikoresha na bose mu gihe uguhana imihora bishobora kugira ico bihinduye ku kuntu imihora ikoresha na bose isanzwe imeze canke ku kuntu isanzwe ikora.

Ingingo ya 29

Ishirahamwe ritanga imihora ryiharije ntirishobora guhindura iyo mihora ngo ritange imihora ikoresha na bose ritabanje kubironkera uruhusha rutangwa na Reta.

Ribikoze ata ruhusha, rishobora guhanwa nk'uko bitegekanijwe n'iri bwirizwa.

Ingingo ya 30

Mu gihe bibaye ngombwa ko habungabungwa umutekano w'abanyagihugu, umutekano mu gihugu canke ku mvo z'ukwivuna abansi, uwukoresha imihora yiharije ategerezwa kwubahiriza ivyo ategetswe n'abajejwe ubutungane, igisirikare canke igiporisi.

Ingingo ya 31

Imihora yiharijwe na bamwebamwe itegerezwa gushirwaho hubahirijwe ibisabwa n'abategetsi babifitiye ububasha mu bijanye n'ibidukikije, itunganywa ry'amatongo n'ibisagara.

Agace ka 2. Amategeko agenga ukumenyeshya ibikorwa

Ingingo ya 32

Amategeko agenga ukumenyeshya ibikorwa yerekeye ibikorwa vy'uguhanahana amakuru mu buhinga bwa

celles soumises aux deux régimes précédents. Il s'agit notamment des activités ci-après :

- 1° La fourniture de services à valeur ajoutée ;
- 2° L'établissement des stations de radiocommunication exclusivement composées d'appareils de faible puissance inférieure ou de faible portée ;
- 3° L'installation ou l'exploitation d'une station terrienne de réception individuelle.

none atari ivyerekeye aya mategeko abiri ahejeje kuvugwa. Ivyo bikorwa ni nk'ibi bikurikira:

- 1° Ugutanga ubuhinga butuma ubwari buhasanzwe bwongereza agaciro;
- 2° Ugushiraho imihora ikoresheya mu guhanahana amakuru gusa hakoreshejwe amaradiyo igizwe n'ibikoresho bifise inguvu ziri musu y'izemewe canke zidashika kure;
- 3° Ugushiraho canke ugukoresha umuhora wo hasi wakira amajwi wonyene.

Les services à valeur ajoutée sont déterminés et mis à jour régulièrement par l'ARCEP.

Ubuhinga butuma ubwari buhasanzwe bwongereza agaciro butomorwa kandi bukajya burashirwa ku gihe n'Urwego ARCEP.

Article 33

La déclaration relative à des services à valeur ajoutée doit contenir en particulier les informations suivantes :

- 1° Les modalités d'ouverture du service ;
- 2° La couverture géographique du service ;
- 3° La nature du service à offrir ;
- 4° Les tarifs à appliquer aux utilisateurs.

Ingingo ya 33

Urwandiko rumenyeshya ibijanye n'ubuhinga butuma ubwari buhasanzwe bwongereza agaciro rutegerezwa kuba rurimwo canecane ibi bikurikira:

- 1° Ibikurikizwa mu gutanguza ubuhinga;
- 2° Akarere ubwo buhinga bukoreshwamwo;
- 3° Ubwoko bw'ubuhinga butangwa ;
- 4° Ibiciro bikurikizwa ku babukoresha.

Article 34

L'opérateur soumis au régime de déclaration notifie à l'ARCEP l'ensemble des informations requises.

L'ARCEP accuse réception du dossier de déclaration et informe l'opérateur du caractère complet ou incomplet de ce dossier.

La décision de l'ARCEP est motivée et notifiée par écrit au demandeur dans un délai de quinze jours.

Article 35

L'ARCEP s'oppose à l'exercice des activités déclarées si elle est convaincue que l'opérateur n'a pas la capacité technique ou financière de faire face durablement aux exigences

Ingingo ya 34

Ishirahamwe rigengwa n'amategeko ajanye n'ukumenyeshya ibikorwa rirangura rirashikiriza Urwego ARCEP ivyo vyose bitegerezwa kumenyeshwa.

Urwego ARCEP ruratanga urwandiko rwemeza ko rwakiriye idosiye y'ukumenyeshya ibikorwa birangurwa; rugaca rumenyeshya ishirahamwe ryayishikirije ko ikwiye canke idakwiye.

Ingingo y'Urwego ARCEP iratangirwa imvo ikongera ikamenyeshwa biciye mu rwandiko uwasavye kumenyeshya ibikorwa mu kiringo c'imisi icumi n'itanu.

Ingingo ya 35

Urwego ARCEP rurabuza ishirahamwe kurangura ibikorwa ryamenyeshwe iyo rufise ivyemeza ko iryo shirahamwe ridafise ubushobozi bukwiye mu vyerekeye ubuhinga canke amafaranga akwiye kugira

essentielles ou à d'autres exigences d'intérêt public précisées dans la réglementation nationale.

La décision doit être motivée et notifiée par écrit à l'opérateur concerné.

Article 36

Les opérateurs soumis au régime de déclaration sont assujettis au paiement de redevances dont la nature et les montants sont fixés par décret.

Section 2. Des régimes applicables aux ressources rares

Paragraphe 1. La Gestion, l'attribution et l'exploitation des ressources en fréquences

Article 37

Les fréquences radioélectriques sont gérées selon le plan national d'attribution des bandes de fréquences radioélectriques.

Le plan établi par l'Autorité de régulation des communications électroniques conformément au plan international des bandes de fréquences de l'Union internationale des télécommunications contient :

- 1° la répartition des bandes de fréquences radioélectriques entre les besoins de la défense nationale d'une part et les besoins civils et communs d'autre part ;
- 2° la répartition des bandes de fréquences radioélectriques attribuées aux besoins civils sur les différentes utilisations en respectant, notamment les besoins des opérateurs autorisés.

rizoshobore kwama ryubahiriza ibitegerejwe nyamukuru canke ibindi bitegerejwe vyerekeye ineza ya bose bitomowe mu mategeko y'igihugu.

Iyo ngingo itegerezwa gutomora imvo zitumye ifatwa kandi ikamenyeshwa ishirahamwe yerekeye biciye mu rwandiko.

Ingingo ya 36

Amashirahamwe agengwa n'amategeko ajanye n'ukumenyeshwa ibikorwa arangura ategerezwa kuja arariha amafaranga uko yitwa n'uko angana bigashingwa n'itegeko ry'Umukuru w'Igihugu.

Agace ka 2. Amategeko akurikizwa ku matungo adahuta araboneka

Agahimba ka 1. Itunganywa ry'imirongo ikoreshwa mu guhanahana amakuru mu buhinga bwa none, ingene itangwa n'ingene ikoreshwa

Ingingo ya 37

Imirongo ikoreshwa mu vyerekeye amaradiyo itunganywa hisunzwe indinganizo y'igihugu yerekeye itangwa ry'uduce tw'imihora ikoreshwa mu vyerekeye amaradiyo.

Indinganizo ikorwa n'Urwego rujewe gucungera ivyerekeye uguhanahana amakuru ku buhinga bwa none hisunzwe indinganizo y'ugutanga imihora ku rwego mpuzamakungu y'Ishirahamwe mpuzamakungu mu vyerekeye ugutumamanako amakuru mu buhinga bwa none ishirwamwo ibi bikurikira:

- 1° Ingene imihora y'imirongo ikoreshwa mu vyerekeye amaradiyo igabanganijwe hisunzwe ibikenewe mu vyerekeye ukwivuna abansi, ibikenewe n'abasivire n'ibikenewe na bose ;
- 2° Ingene hagabanganijwe imihora y'imirongo igenewe ibikorwa vy'abasivire na canecane hubahirijwe ivyo amashirahamwe yahawe uruhusha akeneye.

Article 38

Les bandes de fréquences radioélectriques affectées par l'ARCEP aux besoins de défense nationale et de sécurité publique sont exclusivement gérées par les ministères concernés. Elles ne peuvent être utilisées que pour lesdits besoins.

Article 39

Les bandes de fréquences radioélectriques attribuées aux besoins civils et aux besoins communs sont exclusivement gérées par l'ARCEP.

Article 40

L'ARCEP attribue les autorisations d'utilisation des fréquences radioélectriques dans des conditions objectives, transparentes et non discriminatoires.

Les règles d'attribution et de gestion desdites autorisations sont précisées dans le décret organisant l'ARCEP.

Article 41

L'ARCEP veille à la bonne utilisation des fréquences et des bandes de fréquences.

En cas de non-utilisation des fréquences dans le délai prévu dans la décision d'attribution, l'ARCEP en exige la restitution.

Article 42

L'attribution de fréquences donne lieu au paiement des redevances annuelles prévues par la réglementation en vigueur.

Article 43

Hormis les bandes de fréquences affectées aux besoins de défense et de sécurité, l'ARCEP exerce un contrôle permanent sur les conditions techniques et d'exploitation des stations et réseaux radioélectriques de toutes catégories ainsi que sur l'exploitation du spectre des fréquences radioélectriques.

A cet effet, tous les opérateurs doivent permettre à l'ARCEP l'accès aux données, aux

Ingingo ya 38

Imihora y'imirongo y'amaradiyo yatanzwe na ARCEP ku bikenewe mu vyerekeye ukwivuna abansi no mu vyerekeye umutekano mu gihugu itunganywa gusa n'ubushikiranganji vyerekeye. Iyo mihora ikoreshwa muri ivyo vyonyene gusa.

Ingingo ya 39

Imirongo y'ukurungika imishwarara ikoreshwa mu vyerekeye amaradiyo igenewe ibikorwa vy'abasivire n'iyikenewe mu bindi bintu rusangi itunganywa gusa n'Urwego ARCEP.

Ingingo ya 40

Urwego ARCEP rutegerezwa gutanga impusha z'ugukoresha imirongo y'ukurungika imishwarara ikoreshwa mu vyerekeye amaradiyo ata nkunzi, ku mugaragaro kandi ata gukumira.

Amategeko yerekeye ugutanga n'ugutunganya ivyerekeye izo mpusha atomorwa n'itegeko ry'Umukuru w'igihugu riringaniza Urwego ARCEP.

Ingingo ya 41

Urwego ARCEP ruritwararika ko imirongo n'imihora bikoreshwa neza.

Mu gihe imirongo idakoreshejwe mu kiringo gitegekanijwe mu ngingo yerekeye ugutanga imirongo, Urwego ARCEP rurategeka ko iyo mirongo isubizwa.

Ingingo ya 42

Uwuhawe umurongo aca aja arariha ku mwaka ku mwaka amafaranga atagekanijwe n'amategeko ahasanzwe.

Ingingo ya 43

Kiretse imihora igenerwa ivyerekeye ukwivuna abansi n'ivyerekeye umutekano, Urwego ARCEP ruguma rusuzuma ibijanye n'ubuhinga n'ingene hakoreshwa ivyuma bikoresha imishwarara vy'iyindi migwi yose hamwe n'ingene urukurikirane rw'imirongo y'iradiyo rukoreshwa.

Kubera ivyo, amashirahamwe yose ategerezwa kureka Urwego ARCEP rukiweweza ivyo atororokanya, gushika

locaux et aux installations, en présence du propriétaire du réseau ou de son représentant.

Article 44

Les stations radioélectriques de réception ne doivent être la cause d'aucune gêne pour les postes récepteurs voisins.

En cas de brouillages causés par les stations radioélectriques de réception, l'ARCEP prescrit toute disposition technique pour y remédier.

Article 45

L'ARCEP procède à toute vérification afin de s'assurer que les équipements et appareils sortant ou entrant au Burundi sont conformes à la réglementation en vigueur.

Article 46

Aucun appareil radioélectrique servant à l'émission ou à la réception de signaux et de correspondances ne peut être importé ou commercialisé en vue de son utilisation au Burundi s'il n'a fait l'objet d'une autorisation de l'ARCEP.

Article 47

En raison des contraintes techniques inhérentes à la rareté des fréquences radioélectriques, l'ARCEP peut soumettre les ressources disponibles à une procédure d'appel à concurrence ouverte.

Article 48

Le mécanisme d'appel à la concurrence retenu doit être non-discriminatoire, objectif et transparent. A cet égard, il fait l'objet d'une publicité suffisante afin de permettre à tous les opérateurs intéressés de présenter leur candidature.

Article 49

Lorsque l'appel à la concurrence s'avère infructueux, l'ARCEP en informe aussitôt les candidats.

L'ARCEP peut alors demander à l'institution

mu nyubakwa n'aho yashize ivyuma vyayo, nyene vyo canke uwumuserukira ari ho ari.

Ingingo ya 44

Ivyuma vyakira imishwarara bitegerezwa kutabuza ibindi vyuma bitobito vyakira ubutumwa biri mu micungararo gukora neza.

Mu gihe ivyuma vyakira imishwarara bitumye ibindi vyuma bitobito vyakira ubutumwa bidakora neza, Urwego ARCEP rurafata ingingo yose ijanye n'ubuhinga kugira bitorerwe inyishu.

Ingingo ya 45

Urwego ARCEP rurasuzuma ibikoresho n'ivyuma vyose bisohoka n'ivyinjira mu Burundi kugira ruhinyuze ko bikurikije amategeko ahasanzwe.

Ingingo ya 46

Nta cuma na kimwe kirungika canke cakira imishwarara hamwe n'icakira canke ikirungika ubutumwa gishobora kwinjizwa mu gihugu canke kudandazwa kugira gikoreshe, Urwego ARCEP rutatanze uruhusha.

Ingingo ya 47

Kubera ingorane z'ubuhinga zivuye ku kuntu imirongo y'ukurungika imishwarara ikoreshe mu vyerekeye amaradiyo ari mike, Urwego ARCEP, rurashobora gushinga ko imirongo ihari itangwa habanje kugirwa ku mugaragaro ihiganwa.

Ingingo ya 48

Uburyo bwo kugira ihiganwa bukoreshwa butegerezwa kuba budakumira, butagira nkunzi kandi bikagirwa ku mugaragaro. Kubera ivyo, ihiganwa ritegerezwa gutangazwa bikwiye kugira amashirahamwe yose y'uguhanahana amakuru avyipfuzashobore kuja mw'ihiganwa.

Ingingo ya 49

Mu gihe ihiganwa ataco ryavuyemwo, Urwego ARCEP ruca rubimenyesha ubwo nyene amashirahamwe yahiganywe.

Urwego ARCEP rumaze kubitangaza, rurashobora

habilité une dérogation de passer à une procédure exceptionnelle conformément à la législation en vigueur.

Paragraphe 2. La gestion, l'attribution et l'exploitation des ressources en numérotage

Article 50

L'ARCEP établit et gère le plan national de numérotation. Celui-ci garantit un accès simple et égal des utilisateurs aux différents réseaux et services de communications électroniques ainsi que l'équivalence des formats de numérotation.

Article 51

L'ARCEP procède aux attributions des préfixes, des codes, des numéros ou des blocs de numéros aux opérateurs qui en font la demande, dans des conditions objectives, transparentes et non discriminatoires.

La durée de l'attribution ne peut être supérieure à vingt ans. Les règles d'attribution et de gestion des ressources en numérotage sont précisées par ordonnance du Ministre en charge des communications électroniques.

Article 52

Lorsque la bonne utilisation des ressources en numérotage l'exige, l'ARCEP décide de limiter, dans une mesure permettant d'assurer les conditions de concurrence effective, le nombre d'autorisations. La décision est rendue publique.

Article 53

L'allocation de ressources en numérotage donne lieu au paiement de redevances destinées à couvrir les frais d'attribution, les coûts de gestion du plan national de numérotation ainsi que le contrôle de leur utilisation.

gusaba urwego rubifitiye ububasha ko rutogirisha ihiganwa ryugururiwe bose ryisunga amategeko agenga itangwa ry'amasoko ya Reta .

Agahimba ka 2. Ivyerekeye itunganywa, itangwa n'ikoreshwa ry'inomero

Ingingo ya 50

Urwego ARCEP rurashiraho rukongera rugatunganya indinganizo y'igihugu y'ugutanga inomero. Urwo Rwego ruratuma abakoresha imihora itandukanye n'ubuhinga bw'uguhanahana amakuru biciye mu buhinga bwa none bakoresha iyo mirongo vyoroshe kandi bagafatwa kumwe hamwe no mu kunganisha uburyo bw'ugutanga inomero.

Ingingo ya 51

Urwego ARCEP ruraha amashirahamwe y'uguhanahana amakuru abisavye ibiharuro bitangurira inomero, ibiharuro n'indome bipfinitse, inomero canke imigwi y'inomero bikagirwa ata nkunzi, ku mugaragaro kandi ata gukumira.

Ikiringo c'ugukoresha inomero zatanzwe ntigishobora kurenza imyaka mirongo ibiri. Amategeko yerekeye itangwa n'ikoreshwa ry'inomero atomorwa n'itegeko nshikiranganji ry'Umuskikiranganji ajejwe ivyerekeye uguhahanahana amakuru ku buhinga bwa none.

Ingingo ya 52

Mu gihe inomero zishobora gutangwa atari nyinshi, Urwego ARCEP rurafata ingingo y'ukugabanya igitigiri c'impusha z'ugukoresha inomero ku buryo zitangwa habanje kuba ihiganwa. Iyo ngingo iratangazwa icese.

Ingingo ya 53

Uwuhawe inomero aca aja arariha amafaranga agenewe gukoresha mu bijanye n'ugutanga inomero, mu bijanye n'ugutunganya indinganizo y'igihugu yerekeye ugutanga inomero hamwe n'ayakoresha mu gusuzuma ingene izo nomero zikoresha.

Article 54

L'ARCEP attribue, dans les mêmes conditions, les codes utilisés pour l'acheminement des communications électroniques qui ne relèvent pas du système de l'adressage de l'Internet.

Article 55

L'ARCEP veille à la bonne utilisation des préfixes, des numéros, des blocs de numéros et des codes attribués.

En cas de non-utilisation des préfixes, des numéros, des blocs de numéros ou des codes attribués dans le délai prévu dans la décision d'attribution, l'ARCEP en exige la restitution.

Section 3. Des régimes applicables aux noms de domaine, aux points d'échange internet et aux centres d'alerte et de réaction aux attaques informatiques

Paragraphe 1. La Gestion, l'attribution et l'exploitation des noms de domaine

Article 56

Le Ministre en charge des communications électroniques désigne, sur proposition de l'ARCEP, les organismes, dénommés offices d'enregistrement, chargés d'attribuer et de gérer les noms de domaine, au sein des domaines de premier niveau du système d'adressage, correspondant au territoire national.

L'exercice d'une telle mission ne confère pas de droits de propriété intellectuelle sur les noms de domaine aux offices d'enregistrement.

Article 57

Les offices d'enregistrement sont désignés, pour une durée de cinq ans au minimum et de dix ans au maximum, au terme d'un appel à candidature publié aux journaux officiels et sur le site web du Ministère en charge des communications électroniques, précisant notamment la partie du territoire national

Ingingo ya 54

Urwego ARCEP, nk'uko rutanga inomeru, ruratanga ibiharuro n'indome bipfinditse bikoreshwa mu gutwara amakuru ku buhinga bwa none bitari ibikoreshwa mu buhinga ngurukanabumenyi.

Ingingo ya 55

Urwego ARCEP ruritwararika ko ibiharuro bitangurira inomeru, inomeru, imigwi y'inomeru n'ibiharuro bipfinditse vyatanzwe bikoreshwa nk'uko bitegerejwe.

Mu gihe ibiharuro bitangurira inomeru, inomeru, imigwi y'inomeru n'ibiharuro bipfinditse ata co vyakoreshejwe mu kiringo gitegekanijwe n'ingingo ibitanga, Urwego ARCEP rurategeka ko rubisubizwa.

Agace ka 3. Amategeko akurikizwa ku mazina yerekana urubuga mvajuru, ibibanza vy'uguhanahaniramwo ubutumwa biciye ku buhinga ngurukanabumenyi no mu bigo bijejwe kugabisha no gutorera inyishu ibibangamira ubuhinga bwa none

Agahimba ka 1. Itunganywa, itangwa n'ikoreshwa ry'amazina yerekana urubuga mvajuru

Ingingo ya 56

Umushikiranjanji ajejwe uguhanahana amakuru mu buhinga bwa none aragena, abishikirijwe n'Urwego ARCEP, amashirahamwe, yiswe ibiro vy'iyandikiro, ashinzwe gutanga no gutunganya ivyerekeye amazina yerekana urubuga mvajuru yo ku rugero rwa mbere akoreshwa mu buryo bw'ukwerekana ahabarizwa urubuga mvajuru bihuye n'ayakoreshwa mu Burundi.

Ukurangura uwo murimo ntibituma ivyo biro bica bihabwa uburenganzira bw'ukwitirirwa itunga mvabwenge rijanye n'amazina yerekana urubuga mvajuru.

Ingingo ya 57

Iburo vy'iyandikiro biragenwa ngo bikore mu kiringo c'imyaka itanu n'imiburuburi kandi ntikirenze imyaka icumi, habanje gushirwa mu binyamakuru vyemewe mu Burundi no ku rubuga mvajuru rw'Ubushikiranjanji bujejwe ivyerekeye uguhanahana amakuru mu buhinga bwa none itangazo rihamagarira amashirahamwe guhiganira iryo soko, iryo tangazo

concernée ainsi que les obligations qui leur incombent.

rigatomora canecane akarere ivyo biro bizokoreramwo mu gihugu hamwe n'ivyo bitegerejwe.

Article 58

La désignation d'un office d'enregistrement est assortie d'obligations portant notamment sur :

Ingingo ya 58

Igena ry'ibiro vy'iyandikiro rijana n'ishirwaho ry'ivyo ivyo biro bitegerejwe, na vyo bikaba vyerekeye canecane:

- | | |
|---|---|
| 1° les règles de désignation et d'enregistrement des noms de domaine ; | 1° Ivyisungwa mu gutora no mu kwandika amazina yerekana urubuga mvajuru ; |
| 2° les critères d'éligibilité à l'attribution des noms de domaine ; | 2° Ibifatirwako kugira abasaba amazina yerekana urubuga mvajuru bayahabwe ; |
| 3° les termes dont l'enregistrement n'est pas autorisé, notamment en raison de leur caractère illicite ou contraire à l'ordre public, ou est réservé à l'office ou aux pouvoirs publics ; | 3° Amazina atarekuriwe kwandikwa nk'ayatemewe n'amategeko, nk'ayateye kubiri n'umutekano canke nk'ayagenewe gusa ibiro vy'iyandikiro canke inzego za Reta ; |
| 4° les procédures d'accès aux services des bureaux d'enregistrement ; | 4° Ibikurikizwa mu kwandikisha amazina yerekana urubuga mvajuru ku biro vy'iyandikiro ; |
| 5° les dispositions nécessaires pour assurer la concertation avec l'ensemble des parties intéressées par les décisions de l'office, notamment les bureaux d'enregistrement, les demandeurs des noms de domaine et les utilisateurs d'Internet ; | 5° Ibitegekanywa kugira abo bose berekewe n'ingingo zifatwa n'ibiro vy'iyandikiro bagishwe inama, abo na bo bakaba ari nk'ibiro amazina yandikishwamwo, abasaba amazina yerekana urubuga mvajuru n'abakoresha ubuhinga ngurukanabumenyi ; |
| 6° la mise en place de règlement de différends ; | 6° Ugushinga amategeko yerekeye ugutatura amatati ; |
| 7° les exigences de permanence, de qualité et de disponibilité du service ; | 7° Ukwama bikora, ugukora neza n'ukuronsa abavyitura ivyo bakeneye ; |
| 8° la mise en place d'un dispositif permettant à toute personne de porter à la connaissance de l'office un nom de domaine illicite ou contraire à l'ordre public. | 8° Ugushiraho uburyo butuma umuntu wese ashobora kumenyesha ibiro vy'iyandikiro izina ryerekana urubuga mvajuru ritemewe n'amategeko canke riteye kubiri n' umutekano. |

Deux ans avant la date d'expiration de la période pour laquelle l'office a été désigné, le Ministre en charge des communications électroniques lui notifie les conditions de renouvellement de sa désignation ou les motifs de refus, après avis technique de l'ARCEP.

Hasigaye imyaka ibiri ngo ikiringo ibiro vy'iyandikiro vyagenewe gukoramwo ngo kirangire, Umushikiranangaji ajejwe ivyerekeye uguhanahana amakuru mu buhinga bwa none aramenyesha ivyo biro ibisabwa kugira vyongerwe ikindi kiringo canke imvo zituma kitongerwa, Urwego ARCEP rumaze kugira ico rubivuzeko ku vyerekeye ubuhinga.

Article 59

Chaque office d'enregistrement est tenu de rendre publics les prix des prestations et de gestion des noms de domaine.

Les prix des noms de domaine sont communiqués à l'ARCEP.

Article 60

Au plus tard le 31 juillet de chaque année, chaque office d'enregistrement remet un rapport détaillant son activité de l'année fiscale précédente à l'ARCEP avec copie pour information au Ministère en charge des communications électroniques.

Article 61

Les noms de domaine sont attribués et gérés dans le respect des principes d'objectivité, de transparence et de non-discrimination.

Article 62

Les offices d'enregistrement veillent au respect par les demandeurs des droits de la propriété intellectuelle.

Article 63

Les offices d'enregistrement sont tenus de répondre à toute demande de l'ARCEP, tendant au contrôle du respect de leurs obligations.

Article 64

En cas d'incapacité technique ou financière ou en cas de non-respect des dispositions de la présente section, l'ARCEP adresse une mise en demeure à l'office d'enregistrement en cause. Celui-ci dispose d'un délai de trente jours à compter de la notification pour présenter ses observations.

Article 65

Lorsque le titulaire d'un office d'enregistrement ne présente pas ses observations dans le délai prescrit à l'article 64 ou si celles-ci ne sont pas jugées satisfaisantes, le Ministère en charge des communications électroniques procède au

Ingingo ya 59

Ibiro vy'iyandikiro bimwebimwe vyose bitegerezwa gutangaza ibiciro vy'ivyo bikora n'ivy'itunganywa ry'ivyerekeye amazina yerekana urubuga mvajuru.

Ibiciro vy'amazina yerekana urubuga mvajuru biramenyeshwa Urwego ARCEP.

Ingingo ya 60

Hatarenze kw'igenekerezo rya 31 Mukakaro ku mwaka ku mwaka, ibiro vy'iyandikiro bimwebimwe vyose birashikiriza Urwego ARCEP icegeranyo cerekana ido n'ido ry'ibikorwa caranguye mu mwaka ikori ritozwamwo urangiye, bigaha ikopi Umushikiranganji ajejwe ivyerekeye uguhanahana amakuru mu buhinga bwa none.

Ingingo ya 61

Amazina yerekana urubuga mvajuru aratangwa akongera agakoresha hafatiwe ku bintu bishobora gutangirwa insiguro, ku mugaragaro kandi ata gukumira.

Ingingo ya 62

Ibiro vy'iyandikiro birasuzuma ko abasaba kwandikisha amazina yerekana urubuga mvajuru bubahiriza uburenganzira kw'itunga mvabwenge.

Ingingo ya 63

Ibiro vy'iyandikiro bitegerezwa gukora ico cose bisabwe n'Urwego ARCEP kijanye n'ugusuzuma ko ivyo biro vyubahiriza ivyo bitegerejwe.

Ingingo ya 64

Mu gihe ibiro vy'iyandikiro ry'amazina yerekana imbuga mvajuru bidafise ubushobozi mu vyerekeye ubuhinga canke mu bijanye n'amafaranga canke mu gihe bitubahirije ibitegekanijwe mu ngingo zo muri aka gace, Urwego ARCEP ruragabisha ivyo biro. Ivyo biro bifise ikiringo c'imisi mirongo itatu giharurwa kuva bigabishijwe kugira vyisigure.

Ingingo ya 65

Mu gihe uwujwe ibiro vy'iyandikiro ry'amazina yerekana urubuga mvajuru adatanze insiguro mu kiringo gitegekanijwe mu ngingo ya 64 canke mu gihe izo nsiguro zidashemeye, Ubushikiranganji bujwe ivyerekeye uguhanahana amakuru mu buhinga bwa

retrait de la désignation de l'office d'enregistrement visé après avis technique de l'ARCEP.

Les conditions et les modalités dans lesquelles les noms de domaine sont gérés, demandés, refusés, accordés, retirés sont précisées par l'ordonnance du Ministre en charge des communications électroniques.

Paragraphe 2. La gestion et l'exploitation des points d'échanges internet

Article 66

Les organismes chargés de gérer et d'exploiter les points d'échange internet au Burundi sont des personnes morales régulièrement constituées conformément à la législation en vigueur.

Article 67

Les organismes chargés de gérer et d'exploiter les points d'échange internet sont tenus de garantir la confidentialité des communications et des données qui y transitent.

Article 68

L'ARCEP définit les lignes directrices sur la gestion et l'exploitation des points d'échange internet.

Paragraphe 3. La création et la gestion des centres d'alerte et de réaction aux attaques informatiques

Article 69

Le Gouvernement met en place, sur proposition du Ministre en charge des communications électroniques, le Centre national d'alerte et de réaction aux attaques informatiques, appelé « Computer Emergency Response Team », CERT en sigle.

none buca bukura ivyo biro ku rutonde rw'ibiro vyagenywe kwandika amazina yerekana urubuga mvajuru, Urwego ARCEP rumaze kugira ico rubivuzeko mu bijanye n'ubuhinga.

Ibisabwa n'ibikurikizwa kugira amazina yerekana urubuga mvajuru akoreshwe, asabwe, yankirwe gukoreshwa, atangwe, yakwe abayahawe bitomorwa n'itegeko ry'Umushikiranganji ajejwe ivyerekeye uguhanahana amakuru mu buhinga bwa none.

Agahimba ka 2. Itunganywa n'ikoreshwa ry'ibibanza vy'uguhanahaniramwo ubutumwa biciye mu buhinga ngurukanabumenyi

Ingingo ya 66

Amashirahamwe ajejwe gutunganya no gukoresha ibibanza vy'uguhanahaniramwo ubutumwa biciye mu buhinga ngurukanabumenyi mu Burundi ni amashirahamwe yashinzwe hisunzwe amategeko asanzwe akurikizwa.

Ingingo ya 67

Amashirahamwe ajejwe gutunganya no gukoresha ibibanza vy'uguhanahaniramwo ubutumwa biciye mu buhinga ngurukanabumenyi ategerezwa kugumiza mw'ibanga amakuru ahanahanwa hamwe n'ibitorokanywa bihacishwa.

Ingingo 68

Urwego ARCEP ruratanga intumbero ngenderwako mu vyerekeye itunganywa n'ikoreshwa ry'ibibanza vy'uguhanahaniramwo ubutumwa biciye mu buhinga ngurukanabumenyi.

Agahimba ka 3. Ishingwa n'itunganywa ry'ikigo kijejwe kugabisha no gutorera inyishu ibibangamira ikoreshwa ry'imashini nyabwonko

Ingingo ya 69

Reta irashiraho, bishikirijwe n'Umushikiranganji ajejwe ivyerekeye uguhanahana amakuru mu buhinga bwa none, Ikigo c'igihugu kijejwe kugabisha no gutorera inyishu ibibangamira ikoreshwa ry'imashini nyabwonko ciswe « Computer Emergency Response Team », CERT mu mpfunyapfunyo y'icongereza.

D'autres centres sectoriels d'alerte et de réactions aux attaques informatiques peuvent être mis en place notamment dans les secteurs financier et sécuritaire.

Article 70

Placé sous la responsabilité de l'ARCEP, le centre national d'alerte et de réactions aux attaques informatiques est chargé notamment de coordonner et d'aider dans la mise en œuvre des services proactifs afin de réduire les risques d'incidents de sécurité informatique, ainsi que de répondre à de tels incidents lorsqu'ils se produisent.

La gestion et le fonctionnement des centres d'alerte et de réaction aux attaques informatiques sont fixés par décret.

Section 4. Des régimes applicables aux équipements radioélectriques et aux terminaux

Article 71

Les équipements radioélectriques et terminaux ne peuvent être fabriqués pour le marché intérieur, importés, détenus en vue de la vente, mis en vente, distribués à titre gratuit ou onéreux, connectés à un réseau de communications électroniques ouvert au public ou faire l'objet de publicité que s'ils ont été préalablement agréés par l'ARCEP.

Les équipements terminaux exploités sur le territoire national doivent être enregistrés conformément à la procédure et aux modalités fixées par une ordonnance du Ministre en charge des communications électroniques.

Article 72

L'ARCEP dispose d'un délai de quinze jours à compter de la réception du dossier de demande

lbindi bigo vyo mu bisata bitandukanye bijejwe kugabisha no gutorera inyishu ibibangamira ikorehwa ry'imashini nyabwonko birashobora gushingwa nko mu bisata vyerekeye amafaranga n'umutekano.

Ingingo ya 70

Gicungerewe n'Urwego ARCEP, Ikigo c'igihugu kijejwe kugabisha no gutorera inyishu ibibangamira ikorehwa ry'imashini nyabwonko gishinzwe canecane gukurikiranira hafi no gufasha mu gushiraho ubuhinga butuma ibibangamira ikorehwa ry'imashini nyabwonko bica bitorerwa umuti ubwo nyene kugira hagabanuke ibishobora kubangamira ikorehwa ry'imashini nyabwonko hamwe no kubitorera inyishu mu gihe bishitse.

Ingene ibigo vy'igihugu bijejwe kugabisha no gutorera inyishu ibibangamira ikorehwa ry'imashini nyabwonko bitunganijwe n'ingene bikora bishingwa n'itegeko ry'Umukuru w'igihugu.

Agace ka 4. Amategeko akorehwa ku vyuma birungika imishwarara ikorehwa mu vyerekeye amaradiyo no ku bikoresho vyakira ubutumwa ubwa nyuma

Ingingo ya 71

Ivyuma birungika imishwarara ikorehwa mu vyerekeye amaradiyo n'ibikoresho vyakira ubutumwa ubwa nyuma ntibishobora gukorwa kugira bigurishirizwe mu gihugu, vyinjizwe mu gihugu, bitungwe kugira bigurishwe, kugurishwa, gutangwa ku buntu canke harishwe amafaranga, gufatanywa n'ivyuma bitanga imihora y'uguhanahana amakuru mu buhinga bwa none ikorehwa na bese canke ngo bimenyekanishwe bitabanje kwemezwa n'Urwego ARCEP.

Ibikoresho vyakira ubutumwa ubwa nyuma bikorehwa ku gataka k'Uburundi bitegerezwa kwandikwa hisunzwe uburyo n'ibikurikizwa bishingwa n'itegeko ry'Umushikiraniganji ajejwe ivyerekeye uguhahanahana amakuru mu buhinga bwa none.

Ingingo ya 72

Urwego ARCEP, kugira rumenyeshye ingingo rwafashe, rufise ikiringo c'imisi icumi n'itanu giharurwa kuva

d'agrément, attestée par un accusé de réception, pour faire connaître sa décision.

Article 73

L'agrément est accordé de plein droit si après évaluation, il s'avère que lesdits équipements sont conformes aux exigences essentielles.

En cas de besoin, l'évaluation de ladite conformité peut être conduite par un organisme désigné par l'ARCEP, conformément aux procédures en vigueur.

Article 74

Lorsque l'agrément est attribué pour un modèle d'équipements terminaux, il est valable pour toute unité du modèle correspondant.

Section 5. Du régime applicable aux redevances

Article 75

Il est institué des redevances d'instruction, d'attribution, de déclaration, de gestion et de contrôle facturées par l'Autorité de régulation des communications électroniques et des postes.

D'autres types de redevances peuvent être institués par une ordonnance ministérielle conjointe du Ministre en charge des finances et celui en charge des communications électroniques, qui en détermine la procédure et les modalités de recouvrement.

Article 76

Les redevances d'instruction sont payées par les opérateurs de communications électroniques au titre de l'instruction au moment de l'introduction du dossier de :

1° demandes d'autorisation d'installer et/ou d'exploiter des réseaux de communications électroniques ouverts au public ;

2° demandes d'autorisation d'installer et/ou

umusi rwashikirijweko idosiye y'ugusaba kwemererwa gukora, vyemejwe n'urwandiko rwemeza ko idosiye yakiriwe.

Ingingo ya 73

Ibikoresho bica vyemezwa iyo idosiye ivyerekeye, imaze kwihwezwa, bigaragaye ko bikwije ibisabwa nyamukuru.

Bikenewe, ugusuzuma ko ibikoresho bikwije ibisabwa bishobora kugirwa n'ishirahamwe rigenwa n'Urwego ARCEP, hakurikijwe ingene amabwirizwa n'amategeko asanzwe akurikizwa abitegekanya.

Ingingo ya 74

Mu gihe ibikoresho vyakira ubutumwa ubwa nyuma vy'umugwi kanaka vyemewe, ikindi gikoresho cose co muri uwo mugwi kiba cemewe.

Agace ka 5. Amategeko akurikizwa ku mafaranga aja ararihwa

Ingingo ya 75

Harashinzwe amafaranga aja ararihwa kugira idosiye yigwe, impusha zitangwe, ibikorwa bimenyeshwe, hatunganywe kandi hasuzumwe ivyo Urwego rujewe gucungera ivyerekeye uguhanahana amakuru mu buhinga bwa none n'amaposita rutoza.

Ayandi mafaranga atangishwa arashobora gushingwa n'itegeko rusangi rishirwako umukono n'Umushikiranaji ajejwe ikigega ca Reta hamwe n'Umushikiranaji ajejwe ivyerekeye uguhanahana amakuru mu buhinga bwa none, ritomora uburyo n'ibikurikizwa mu kuyishuza.

Ingingo ya 76

Amafanga arihwa n'amashirahamwe y'uguhanahana amakuru ku buhinga bwa none mu gihe c'ugushikiriza idosiye zikurikira kugira zigwe :

1° Idosiye zisaba impusha zo gushiraho no gukoresha imihora y'uguhanahana amakuru mu buhinga bwa none bishobora gukoresha na bose ;

2° Idosiye zisaba impusha zo gushiraho no

d'exploiter des réseaux indépendants ;

3° demandes d'autorisation d'utiliser des ressources en fréquences, en numérotation et en adressage ;

4° demandes d'agrément pour les équipements terminaux de communications électroniques ;

5° déclarations au titre de l'examen des demandes d'ouverture de services soumis au régime de déclaration.

gukoresha imihora yiharijwe na bamwebamwe ;

3° Idosiye zisaba impusha zo gukoresha imirongo, inomero hamwe n'inomero zituma imashini nyabwonko ishobora gukorana n'iyigaburira izindi;

4° Idosiye zisaba ko ivyuma vy'uguhanahana amakuru ku buhinga bwa none vyakira ubutumwa ubwa nyuma vyemererwa ;

5° Idosiye zimenyesha ibikorwa vyerekeye ubuhinga bugomba gushirwaho butegerezwa kubanza kumenyeshwa.

Article 77

Les redevances d'attribution correspondent à un droit d'entrée à payer lors de l'attribution des autorisations ou des agréments. Elles sont payées par les personnes physiques ou morales au titre de l'attribution des :

1° autorisations d'installer et/ou d'exploiter des réseaux de communications électroniques ouverts au public ;

2° autorisations d'utiliser des ressources en fréquences, en numérotation et en adressage ;

3° agréments délivrés en vue de l'importation et de la vente des équipements destinés à être connectés à un réseau ouvert au public ainsi que des équipements radioélectriques.

Ingingo ya 77

Amafaranga arihwa ajanye n'uguhabwa uruhusha ni amafaranga atanga uburenganzira bw'ugukora arihwa mu gihe c'uguhabwa uruhusha canke mu gihe c'ukwemererwa gukora. Ayo mafaranga arihwa n'abantu canke amashirahamwe y'uguhanahana amakuru mu buhinga bwa none kugira ahabwe impusha zikurikira :

1° Impusha zo gushiraho canke izo gukoresha imihora y'uguhanahana amakuru ku buhinga bwa none ikoresha na bese ;

2° Impusha zo gukoresha imirongo, inomero hamwe n'inomero zituma imashini nyabwonko ishobora gukorana n'iyigaburira izindi ;

3° Impusha zitangwa kugira hinjizwe mu gihugu hongere hadandazwe ivyuma bigenewe gufatanywa n'imihora y'uguhanahana amakuru ikoresha na bese hamwe n'ibikoresho bikoresha mu vyerekeye amaradiyo.

Article 78

Les redevances de déclaration sont payées par les personnes physiques ou morales en cas de non-opposition par l'ARCEP aux activités déclarées.

Les redevances de gestion et de contrôle sont payées par les opérateurs au titre de la gestion et du contrôle des :

1° autorisations d'installer et/ou d'exploiter des réseaux de communications électroniques

Ingingo ya 78

Amafaranga arihwa kw'idosiye yo kumenyesha ibikorwa atangwa n'abantu canke amashirahamwe mu gihe Urwego ARCEP rutabujije ko birangurwa.

Ayo mafaranga ararihwa kandi n'amashirahamwe kugira hatunganywe kandi hasuzumwe ibi bikurikira :

1° Impusha zo gushiraho canke izo gukoresha imihora y'uguhanahana amakuru ku buhinga bwa

- | | |
|---|--|
| ouverts au public ; | none ikoresha na bese ; |
| 2° autorisations d'installer et/ou d'exploiter des réseaux indépendants ; | 2° Impusha zo gushiraho canke izo gukoresha imihora yiharijwe na bamwebamwe ; |
| 3° autorisations d'utiliser des ressources en fréquences, en numérotage et en adressage ; | 3° Impusha zo gukoresha imirongo, inomero hamwe n'inomero zituma imashini nyabwonko ishobora gukorana n'iyigaburira izindi ; |
| 4° déclarations d'ouverture de services soumis à déclaration. | 4° Idosiye zimenyesha ibikorwa vyerekeye ubuhinga bugomba gushirwaho butegerezwa kubanza kumenyeshwa. |

Article 79

Les montants des redevances précitées sont fixés par décret, sur proposition de l'ARCEP.

Ingingo ya 79

Ibitigiri vy'amafaranga arihwa yavuzwe bishingwa n'itegeko ry'Umukuru w'Igihugu, bishikirijwe n'Urwego ARCEP.

Article 80

Toute modification du montant des redevances précitées doit être décidée de manière transparente, dans le respect du principe de non-discrimination et en tenant compte de la nécessité d'assurer le développement des services innovateurs et de la concurrence.

Ingingo ya 80

Ingingo iyo ari yo yose y'uguhindura igitigiri c'amafaranga arihwa yavuzwe itegerezwa gushingwa hubahirijwe ingendo yo gukorera ku mugaragaro, ata gukumira kandi hisunzwe ko ubuhinga bushasha n'ihiganwa bikeneye gutezwa imbere.

CHAPITRE III. DES REGLES D'INTERCONNEXION, D'ACCES, DE SERVITUDES ET DE PARTAGE D'INFRASTRUCTURES

IGICE CA III. AMATEGEKO YEREKEYE UGUHANA IMIHORA, UGUSHOBORA GUKORESHA IMIHORA Y'ISHIRAHAMWE RY'UGUHANAHANA AMAKURU KU BUHINGA BWA NONE, INGABANYABUBASHA N'UGUSANGIRA IVYUBATSWE

Section 1. Des règles d'interconnexion

Agace ka 1. Amategeko yerekeye uguhana imihora

Article 81

Les opérateurs des réseaux de communications électroniques ouverts au public sont tenus de faire droit aux demandes d'interconnexion émanant des autres exploitants de réseaux ouverts au public ou des fournisseurs de services de communications électroniques au public.

Ingingo ya 81

Amashirahamwe akoresha imihora y'uguhanahana amakuru mu buhinga bwa none ishobora gukoresha na bese aremerera ayandi mashirahamwe akoresha bene iyo mihora canke ayandi mashirahamwe akora ibikorwa bijanye n'uguhanahana amakuru ku buhinga bwa none ivyo ayasaba vyerekeye uguhana imihora n'ayo mashirahamwe.

Les modalités techniques et financières des services d'interconnexion, notamment la qualité technique des prestations, les délais de mise à disposition et la disponibilité de ces prestations,

Ivyerekeye ubuhinga n'amafaranga bisabwa mu guhana imihora nk'ingene ubuhinga bw'uguhana imihora butegerezwa kuba bumeze, ikiringo imihora izomara ifatanijwe n'ukuntu imihora izobandanya

doivent être offertes par les opérateurs dans des conditions transparentes et non-discriminatoires, et à tout le moins équivalentes à celles retenues, le cas échéant, pour leurs propres services ou ceux de leurs filiales ou partenaires.

Article 82

Les opérateurs des réseaux de communications électroniques ouverts au public qui reçoivent une demande d'interconnexion doivent négocier de bonne foi.

La durée des négociations ne peut excéder soixante jours calendaires à compter de la date de réception de la demande d'interconnexion.

Article 83

L'interconnexion ne peut être refusée que si la demande n'est pas raisonnable, notamment au regard de l'interopérabilité ou de la compatibilité des équipements ou si l'exploitant n'a pas la capacité technique de la satisfaire.

Article 84

En cas de contestation, l'ARCEP peut demander, sous astreintes financières le cas échéant, à ce que l'interconnexion soit réalisée immédiatement dans l'attente de la conclusion d'une convention d'interconnexion, si elle estime urgent d'agir, afin de préserver la concurrence et de protéger les intérêts des utilisateurs.

La décision prise par l'ARCEP est motivée et ne peut être prise qu'après que les parties aient pu faire valoir leurs observations.

Article 85

Les opérateurs disposant d'informations dans le cadre d'une négociation ou de la mise en œuvre

iboneka, bitegerezwa gushingwa ku mugaragaro kandi ata gukumira, hagasabwa n'imiburiburi ibiri ku rugero rungana n'ivyo amashirahamwe yari asanzwe asaba, mu gihe bimaze gukorwa, ishirahamwe rigasaba ibiri ku rugero rw'ivyo risanzwe risaba ku bisata vyaryo canke ku amashami yaryo canke ku mashirahamwe bisanzwe bifashanya.

Ingingo ya 82

Amashirahamwe akoresha imihora y'uguhanahana amakuru ku buhinga bwa none ishobora gukoreshwa na bose amaze kuronka urwandiko ruyasaba ko ahana imihora n'ayandi mashirahamwe ategerezwa kuvyumvikanako ata buryarya.

Ikiringo c'ukuvyumvikana ntigishobora kurenza imisi mirongo itandatu ikurikirana iharurwa kuva kw'igenekerezo urwandiko rusaba ko amashirahamwe ahana imihora rwashikirirjweko.

Ingingo ya 83

Amashirahamwe ashobora kutemererwa guhana imihora ari uko hasabwe ibitoroshe gushirwa mu ngiro, nk'igihe hari agahaze kugira ivyuma bikeneye gufatanywa bishobore gukorana canke ngo ubuhinga bukoreshwa n'ibikoresho vyavyo bushobore guhura canke iyo uwukoresha iyo mihora isabirwa gufatanywa n'iyindi adafise ubuhinga bukwiye bw'ukwubahiriza ivyumvikanywe.

Ingingo ya 84

Mu gihe ishirahamwe ryankiwe, Urwego ARCEP rurashobora gutegeka ko iyo mihora ifatanywa ubwo nyene mu kurindira ko hagirwa amasezerano avyerekeye, bikenewe ishirahamwe ryari ryavyanse rigategekwa kuja rirariha ihadabu ku musi wose urengako ritabikoze iyo urwo Rwego rubonye ko vyihutirwa kugira ihiganwa ribandanye rigirwa neza kandi kugira hakingirwe inyungu z'abakoresha imihora.

Ingingo ifashwe n'Urwego ARCEP iratangirwa imvo kandi ntishobora gufatwa abo yerekeye batabanje gutanga insiguro umwumwe wese mu bimwerekeye.

Ingingo ya 85

Amashirahamwe y'uguhanahana amakuru ku buhinga bwa none afise inkuru yamenye mu gihe c'ukugiranira

d'accords d'interconnexion ne les utilisent qu'aux seules fins explicitement prévues lors de leur communication.

Ces informations ne peuvent être communiquées à d'autres services, filiales ou partenaires.

Article 86

En cas de danger grave ou lorsqu'une interconnexion avec un tiers porte gravement atteinte au bon fonctionnement d'un réseau d'un opérateur ou au respect des exigences essentielles, l'exploitant d'un réseau de communications électroniques ouvert au public, après vérification technique de son réseau, prend les dispositions nécessaires pour la sauvegarde de son réseau et en informe immédiatement l'ARCEP et le cocontractant.

Dans ce cas, l'ARCEP réunit les deux parties en vue de fixer les conditions requises pour le rétablissement de l'interconnexion.

Article 87

Les accords d'interconnexion ont la nature de conventions de droit privé. Ces accords déterminent, dans le respect des dispositions législatives et réglementaires, les conditions techniques et financières de l'interconnexion.

Article 88

Les accords d'interconnexion sont communiqués à l'ARCEP dans un délai de quinze jours à compter de leur signature. Il en va de même des modifications qui y sont apportées.

Article 89

L'ARCEP s'assure que :

- 1° la convention respecte les dispositions des textes législatifs et réglementaires relatives à l'interconnexion ainsi que les contenus des contrats de concession des opérateurs ;

amasezerano y'uguhana imihora canke mu gihe c'ukuyashira mu ngiro, azikoresha gusa mu ntumbero y'ico zari zitegekanirijwe igihe zatangwa.

Izo nkuru ntizishobora kumenyeshwa ibindi bisata, amashami y'amashirahamwe canke amashirahamwe bifashanya.

Ingingo ya 86

Mu gihe hashobora kuba impanuka ikomeye canke mu gihe uguhana imihora n'irindi shirahamwe bigize ingaruka mbi ku kugene imihora y'ishirahamwe isanzwe ikora canke ku vyerekeye ukwubahiriza ibitegerejwe nyamukuru, uwukoresha imihora ikoresheya na bose, amaze gusuzuma imihora yiwe, arafata ingingo zikenewe kugira akingire iyo mihora agaca abimenyeshya ubwo nyene Urwego ARCEP n'ishirahamwe bari bagiraniye amasezerano y'ugufatanya imihora .

Muri ico gihe, Urwego ARCEP ruca rukoranya ayo mashirahamwe abiri mu ntumbero yo gushinga ibisabwa kugira asubire guhana imihora.

Ingingo ya 87

Amasezerano y'uguhana imihora afatwa nk'amasezerano agirwa hagati y'abantu bigenga. Ayo masezerano aratomora, hisunzwe ibitegekanijwe mu mabwirizwa no mu mategeko, ibisabwa mu vyerekeye ubuhinga n'amafaranga kugira amashirahamwe ahane imihora.

Ingingo ya 88

Amasezerano yerekeye uguhana imihora aramenyeshwa Urwego ARCEP mu kiringo c'imisi icumi n'itanu giharurwa kuva ashizweko umukono. Ni ko kw'uko no mu gihe hagize ibihindurwa muri ayo masezerano.

Ingingo ya 89

Urwego ARCEP rurasuzuma ko :

- 1° Amasezerano yagizwe yubahirije ibitegekanijwe mu mabwirizwa n'amategeko ajanye n'uguhana imihora hamwe n'ibiri mu masezerano ayo mashirahamwe asanzwe akorerako;

2° les dispositions de la convention ne contiennent pas de mesures discriminatoires de nature à favoriser ou défavoriser une des parties par rapport à d'autres opérateurs ou fournisseurs de services de communications électroniques.

A cet effet, il est procédé à une comparaison entre la convention relative à l'interconnexion et les autres conventions faisant intervenir au moins l'une des parties.

Article 90

Aux fins de garantir le respect de la loyauté de la concurrence, le principe de non-discrimination entre opérateurs ou encore l'interopérabilité des services, l'ARCEP peut, dans un délai n'excédant pas trente jours calendaires à compter de la réception de la convention :

- 1° exiger des parties qu'elles modifient ladite convention dans un délai de trente jours calendriers à compter de la demande de modification pour adapter la convention d'interconnexion ;
- 2° imposer aux parties de manière objective, transparente, non-discriminatoire et proportionnée, les modalités de l'interconnexion.

Article 91

Si l'ARCEP n'a pas formulé de demande de modification de la convention dans le délai prévu au point 1 de l'article 90, les demandes de modification adressées postérieurement aux parties ne portent que sur les adaptations visant à garantir à l'une des parties un traitement non discriminatoire au regard des conventions plus récentes impliquant l'autre partie.

2° Ibiri mu masezerano bitarimwo ingingo zikumira zishobora kworohereza canke kubangamira ishishirahamwe rimwe mu yagiraniye amasezerano kuruta ayandi mashishirahamwe canke ayandi akora ibikorwa bijanye n'uguhanahana amakuru mu buhinga bwa none.

Kubera ivyo, haragereranywa ayo masezerano n'ayandi masezerano yagizwe arimwo n'imiburiburi ishishirahamwe rimwe muri ayo.

Ingingo ya 90

Mu ntumbero y'ukwubahiriza ihiganwa mu budandaji riciye mu mategeko, ukudakumirana hagati y'amashishirahamwe canke ugukorana kw'ubuhinga, Urwego ARCEP rurashobora, mu kiringo kitarenza imisi mirongo itatu ikurikirana iharurwa kuva gishikiriye amasezerano yerekeye uguhana imihora:

- 1° Gutegeka amashishirahamwe guhindura ayo masezerano mu kiringo c'imisi mirongo itatu ikurikirana iharurwa kuva asabwe kuyahindura kugira yubahirize ibisabwa mu masezerano yerekeye uguhana imihora ;
- 2° Gutegeka amashishirahamwe agiranira amasezerano ivyo ategerezwa gukurikiza bikagirwa mu buryo busobanutse, ku mugaragaro, ata gukumirana kandi ku buryo ishishirahamwe rimwerimwe ryose risabwa ibihuye n'ubushobozi bwaryo.

Ingingo ya 91

Iyo Urwego ARCEP rudasavye amashishirahamwe guhindura amasezerano mu kiringo gitegekaniye mu karongo ka 1 k'ingingo ya 90, ugusaba amashishirahamwe guhindura ibiri mu masezerano bigizwe inyuma y'ikiringo categekaniye vyerekeraga gusa ibihinyanyurwa bijanye n'uko umwe mu bagiraniye amasezerano atarenganywa, hafatiwe ku masezerano iryo rindi shishirahamwe riheruka kugiranira n'irindi.

Article 92

L'ARCEP intervient d'office ou à la demande des parties, pour définir les rubriques qui doivent être couvertes par une convention d'interconnexion.

Article 93

L'ARCEP peut, d'office ou à la demande des tiers, communiquer des informations contenues dans les conventions d'interconnexion, sous réserve du respect de la confidentialité des affaires.

Article 94

Les liaisons louées fournies entre opérateurs de communications électroniques relèvent du régime de l'interconnexion. Elles sont fournies dans des conditions objectives, transparentes et non discriminatoires.

Article 95

Les exploitants des réseaux de communications électroniques ouverts au public qui figurent sur la liste des opérateurs dominants sur le marché de l'interconnexion établie par l'ARCEP en application de l'article 127 publient chaque année un catalogue d'interconnexion.

Les projets de catalogues d'interconnexion sont soumis à l'ARCEP au plus tard le 30 avril de l'année en cours et l'ARCEP dispose d'un délai maximal de trente jours calendaires pour l'approuver ou émettre un avis.

Le catalogue est publié avant le 30 juin de chaque année et demeure valable du 1^{er} juillet jusqu'au 30 juin de l'année suivante.

La publication est annoncée par une insertion au moins dans un quotidien de diffusion nationale ainsi que sur le site Internet de l'ARCEP. Ces insertions précisent le lieu où le catalogue pourra être retiré ainsi que le montant à payer au titre des frais d'édition.

Ingingo ya 92

Urwego ARCEP rurafasha ruvuyibwirije canke bisabwe n'amashirahamwe agiranira amasezerano, gutomora ibitegerezwa kwerekerwa n'amasezerano yerekeye uguhana imihora.

Ingingo ya 93

Urwego ARCEP rurashobora, ruvuyibwirije canke rubisabwe n'abandi bantu, kumenyesha ibiri mu masezerano yerekeye uguhana imihora, hatirengagijwe ko hubahirizwa ivyerekeye ukugumiza mw'ibanga ibijanye n'urudandazwa.

Ingingo ya 94

Ugukota imirongo bigirwa hagati y'amashirahamwe y'uguhanahana amakuru mu buhinga bwa none bigengwa n'amategeko yerekeye uguhana imihora. Bigirwa ata nkunzi, ku mugaragaro kandi ata gukumira.

Ingingo ya 95

Amashirahamwe akoresha imihora y'uguhanahana amakuru mu buhinga bwa none ishobora gukoreshwa na bese ari ku rutonde rw'amashirahamwe akomeye y'uguhana imihora rwagizwe n'Urwego ARCEP hisunzwe ibitegekanijwe mu ngingo ya 127, arashikiriza ku mwaka ku mwaka igitabu c'itororokanirizo ry'ivyerekeye uguhana imihora.

Integuro z'ibitabu vy'itororokanirizo ry'ivyerekeye uguhana imihora zishikirizwa Urwego ARCEP hatarenze igenekerezo rya 30 Ndamukiza ry'umwaka vyerekeye kandi Urwego rufise ikiringo kitarenze imisi mirongo itatu kugira ruzemeze canke rugire ico ruzivuzeko.

Igitabu c'itororokanirizo ry'ivyerekeye uguhana imihora gitangazwa imbere y'igenekerezo rya 30 Ruheshi ku mwaka ku mwaka, kigakoreshwa kuva kw'igenekerezo rya mbere Mukakaro gushika kw'igenekerezo rya 30 Ruheshi ry'umwaka ukurikira.

Itangazo rimenyesha ko igitabu casohotse rishirwa n'imiburiburi mu kinyamakuru gikwiragizwa mu gihugu cose gisohoka ku musu ku musu hamwe no ku rubuga mvajuru rw'Urwego ARCEP. Ayo matangazo aratomora ikibanza ico gitabu kibarizwamwo hamwe n'igitigiri c'amafaranga arihwa ahuye n'ayakoreshejwe

mu kugisohora.

Article 96

L'ARCEP demande la modification du catalogue d'interconnexion lorsqu'elle estime que les conditions de concurrence et d'interopérabilité des réseaux et des services de communications électroniques ne sont pas garanties.

L'ARCEP peut également ajouter ou supprimer des prestations inscrites au catalogue d'interconnexion pour mettre en œuvre les principes d'orientation des tarifs d'interconnexion vers les coûts, si cela s'avère justifié au regard des besoins de la communauté des exploitants de réseaux ouverts au public et des fournisseurs de services de communications électroniques.

Article 97

L'ARCEP veille à l'introduction de la sélection du transporteur dans sa forme appel par appel, au minimum, pour installer une concurrence plus efficace et permettre à l'utilisateur de choisir librement son opérateur de boucle locale et d'avoir accès aux services d'un opérateur alternatif.

Article 98

L'ARCEP est habilitée à affecter les préfixes aux opérateurs dits transporteurs et peut aussi statuer sur :

- 1° le type de sélection de transporteur ;
- 2° les opérateurs éligibles pour offrir le transport ;
- 3° les opérateurs ayant l'obligation d'offrir la sélection du transporteur ;

Ingingo ya 96

Urwego ARCEP rurasaba ko igitabu c'itororokanirizo ry'ivyerekeye uguhana imihora gihindurwa iyo rubona ko ibisabwa mu guhiganwa mu budandaji n'ibijanye n'ugukorana hagati y'imihora hamwe no hagati y'ubuhinga butandukanye mu bijanye n'uguhanahana amakuru bitubahirijwe.

Urwego ARCEP rurashobora kandi kwongereza canke gufuta ibikorwa vyanditswe mu gitabu c'itororokanirizo ry'ivyerekeye uguhana imihora mu ntumbero y'ukurororisha igitigiri c'amafaranga arihwa mu guhana imihora n'ibiguzi canke iyo hari imvo zumvikana zifatye ku bikenewe n'abakoresha imihora ikoresha na bese hamwe n'abakora ibikorwa bijanye n'uguhanahana amakuru mu buhinga bwa none.

Ingingo ya 97

Urwego ARCEP ruritwararika ko hashirwaho uburyo bw'ugushobora guhitamwo ishirahamwe ritwara ubutumwa mu kindi gihugu bituma uwukeneye guhamagara wese ashobora n'imiburiburi guhamagara uwo ashaka igihe cose abishakiye mw'ishirahamwe aba arimwo iryo ari ryo ryose kugira hagirwe ihiganwa ribereye kandi kugira abakoresha ubuhinga bw'uguhanahana amakuru boroherezwe mu kwihitiramwo mu mwidegemvyo ishirahamwe ribaha inzira ya terefone y'ahantu n'ugushobora gukoresha ubuhinga bw'irindi shirahamwe.

Ingingo ya 98

Urwego ARCEP rurafise ububasha bwo guha ibiharuro bitangurira inomero z'amaterafone amashirahamwe y'uguhanahana amakuru yiswe ko afise imihora ishikana ubutumwa kikongera kigashobora gufata ingingo kuri ibi bikurikira :

- 1° Uburyo bw'uguhitamwo ishirahamwe rifise umuhora ushikana ubutumwa;
- 2° Amashirahamwe akwije ibisabwa kugira ashikane ubutumwa;
- 3° Amashirahamwe ategerezwa gutanga ubuhinga butuma uwubikeneye ashobora guhitamwo ishirahamwe rifise umuhora ushikana ubutumwa;

4° les types d'appels transportés ;

5° les problèmes inhérents à la sélection du transporteur tels que la facturation et l'offre de l'identification de l'abonné ;

6° les problèmes de concurrence déloyale.

4° Ubwoko bw'ubutumwa bushikanwa;

5° Ingorane zijanye n'uguhitamwo ishira hamwe rifise umuhora ushikana ubutumwa nk'uguharura ikiguzi cavyo hamwe n'ugushobora kumenya ibiranga umunywanyani ;

6° Ingorane ziterwa n'ihiganwa ridakurikije amategeko .

Article 99

La prestation d'itinérance nationale en radiocommunications fixes ou mobiles est assurée dans des conditions objectives, transparentes et non discriminatoires.

La prestation fait l'objet d'une convention de droit privé qui détermine les conditions techniques et financières de fourniture de la prestation d'itinérance nationale.

La convention est communiquée dans un délai de trente jours calendaires à compter de la date de sa signature. Il en va de même des modifications qui y sont apportées.

L'ARCEP s'assure que les opérateurs de radiocommunications autorisés offrent le service d'itinérance nationale aux opérateurs qui en font la demande, à des tarifs raisonnables.

Article 100

L'ARCEP peut, pour garantir l'égalité des conditions de concurrence ou l'interopérabilité des services, demander la modification des accords d'itinérance locale déjà conclus.

Article 101

La conclusion d'accords d'itinérance nationale ne dispense pas les opérateurs de radiocommunications autorisés du respect de leurs obligations de couverture du territoire national.

Ingingo ya 99

Uguhana imihora mu turere two mu gihugu hakoreshejwe amaradiyo itunguruzwa canke ishobora kunguruzwa bigirwa ata nkunzi, ku mugaragaro kandi ata gukumira.

Uguhana imihora bica mu masezerano afatwa nk'ayagirwa hagati y'abantu bigenga ari yo atomora ibisabwa vyerekeye ubuhinga n'amafaranga arihwa kugira icyo mihora itangwe.

Ayo masezerano aramenyeshwa Urwego ARCEP mu kiringo c'imisi mirongo itatu ikurikirana iharurwa kuva kw'igenekerezo ashiriweko umukono. Ni ko kw'uko no mu gihe hagize ibihindurwa muri ayo masezerano.

Urwego ARCEP rurasuzuma ko amashirahamwe akoresha imihora y'uguhanahana amakuru hakoreshejwe amaradiyo abifitiye uruhusha aja arahana imihora mu turere two mu gihugu amashirahamwe abisavye, ku biciro bigereranye.

Ingingo ya 100

Kugira amashirahamwe ahiganwe mu buryo bumwe canke ubuhinga butandukanye bushobore gukorana mu buryo bumwe, Urwego ARCEP rurashobora gusaba ko amasezerano yamaze kugirwa y'uguhana imihora mu karere kanaka ahindurwa.

Ingingo ya 101

Igihe amasezerano y'uguhana imihora mu turere two mu gihugu apfunditswe ntibituma amashirahamwe akoresha imihora y'uguhanahana amakuru hakoreshejwe amaradiyo abifitiye uruhusha atubahiriza ivyo asanzwe ategerejwe vyerekeye ugukwiza imihora mu gihugu cose.

Article 102

Les opérateurs des radiocommunications autorisés sont tenus de communiquer à leurs abonnés les informations nécessaires relatives aux tarifs d'itinérance nationale.

Article 103

En concertation avec les opérateurs des radiocommunications autorisés, l'ARCEP publie sur son site web les lignes directrices relatives à la gestion et aux conditions techniques et tarifaires de l'itinérance nationale.

Section 2. De l'accès à la boucle locale**Article 104**

Les opérateurs exploitant un réseau téléphonique public fixe ouvert au public publient chaque année une offre de référence pour l'accès dégroupé à leur boucle locale et aux ressources connexes.

Les ressources connexes recouvrent, notamment, les ressources associées à la fourniture de l'accès dégroupé à la boucle locale, telles que la colocalisation des câbles de connexion et les systèmes informatiques pertinents auxquels l'accès est nécessaire pour permettre à un bénéficiaire de fournir des services de base concurrentiels.

Article 105

Les offres de colocalisation doivent comporter les informations actualisées suivantes :

- 1° Les sites de colocalisation et leurs emplacements précis ;
- 2° Les types de colocalisation disponibles ;
- 3° Les caractéristiques des équipements, en ce compris les éventuelles restrictions portant sur leur utilisation ;

Ingingo ya 102

Amashirahamwe akoresha imihora y'uguhanahana amakuru hakoreshejwe amaradiyo abifitiye uruhusha aramenyeshya abanywanyi bayo ibikenewe bijanye n'ibiciro vy'uguhana imihora mu turere two mu gihugu.

Ingingo ya 103

Uwego ARCEP, rubigiye inama n'amashirahamwe akoresha imihora y'uguhanahana amakuru hakoreshejwe amaradiyo abifitiye uruhusha, ruratangaza rubicishije ku rubuga mvajuru intumbero nyamukuru zerekeye itunganywa ry'uguhana imihora mu turere two mu gihugu n'ibisabwa vyerekeye ubuhinga n'ibiciro bijanye.

Agace ka 2. Ivyerekeye ugushobora gukoresha inzira y'uguhanahana amakuru**Ingingo ya 104**

Amashirahamwe atanga imihora ya terefone zo mu nzu ishobora gukoresha na bese aratangaza ku mwaka ku mwaka ibikenewe bifatirwako mu kwugururira ayandi mashirahamwe inzira y'uguhanahana amakuru n'ibindi bijanye.

Ibijanye n'inzira z'uguhanahana amakuru bigizwe canecane n'ibikoresho bikoresha mu kwugururira ayandi mashirahamwe inzira z'uguhanahana amakuru, nk'ugushobora gukoresha intsinga z'irindi shirahamwe zo gufatanya imihora hamwe n'ubuhinga bw'imashini nyabwonko, biba bikenewe kugira ishirahamwe ryemerewe kubikoresha rishobore gukorera ubuzi abanywanyi baryo ku giciro kigereranye.

Ingingo ya 105

Ibikenewe kugira ishirahamwe rishobore gukorera mu vyubatswe vy'irindi bitegerezwa kuba bigizwe n'ibi bikurikira kandi bijanye n'igihe :

- 1° Ibibanza ishirahamwe rifise irindi shirahamwe rishobora gukoreramwo n'aho biri neza na neza ;
- 2° Ubwoko bw'ibishobora gukorerwa mu vyubatswe vy'irindi shirahamwe bihari ;
- 3° Ibiranga ibikoresho vy'ishirahamwe n'ahagarukira uburenganzira bw'ukubikoresha ;

- | | |
|---|---|
| 4° La disponibilité d'installations électriques et de climatisation sur les sites ; | 4° Ivyuma bitanga umuyagankuba n'ivyuma bitanga akayaga biri muri ivyo bibanza ; |
| 5° Les règles applicables à la sous-location de l'espace de colocalisation ; | 5° Amategeko ishira hamwe ryakose ikibanza rikurikiza kugira rigikoteshe ku bandi ; |
| 6° Le délai nécessaire pour l'étude de faisabilité de toute commande de colocalisation ; | 6° Ikiringo gikenewe kugira higwe ko bishoboka ko amashirahamwe asaba gukorera mu kibanza kimwe n'irindi shirahamwe ; |
| 7° Les mesures proposées pour garantir la sécurité des locaux, identifier et résoudre les problèmes ; | 7° Ingingo zitegekanijwe kugira umutekano w'ibibanza bikorerwamwo wubahirizwe n'uburyo bwo kwerekana ingorane zishobora gushika hamwe n'ukuzitorera inyishu ; |
| 8° Les conditions d'accès du personnel aux locaux des opérateurs. | 8° Ibisabwa kugira abakozi bashobore gukorera mu nyubakwa z'amashirahamwe. |

Article 106

Les opérateurs autorisés accèdent à toute demande raisonnable émanant des autres opérateurs autorisés à installer et/ou à exploiter un réseau de communications électroniques ouvert au public visant à obtenir un accès dégroupé à la boucle locale et aux ressources connexes, à des conditions transparentes, équitables et non discriminatoires.

Les demandes ne sont rejetées que sur la base de critères objectifs afférents à la faisabilité technique ou à la nécessité de préserver l'intégrité du réseau.

L'accès dégroupé à la boucle locale n'implique pas de changement en ce qui concerne la propriété de la boucle locale.

Article 107

La prestation d'accès à la boucle locale fait l'objet d'une convention de droit privé. Elle est communiquée à l'ARCEP dans un délai de trente jours à compter de sa signature. Il en va de même des modifications qui y sont apportées.

Ingingo ya 106

Amashirahamwe yemerewe gukora arakira urwandiko urwo ari rwose rusaba ibintu bishoboka bijanye n'ugukorerera mu vyubatswe vyayo rushikirizwa n'ayandi mashirahamwe arekuriwe gushiraho n'ugukoresha imihora y'uguhanahana amakuru mu buhinga bwa none ishobora gukoreshwa na bese asaba kwugururirwa inzira z'uguhanahana hamwe n'ibikoresho bijanye, ku mugaragaro, ata kurenganya kandi ata gukumira.

Impusha zireka gutangwa gusa iyo hari imvo zumvikana zerekana ko bidashoboka hafatiwe ku bijanye n'ubuhinga canke iyo ari nkenerwa ko imihora iguma ikora uko vyahora.

Ukwugururira ayandi mashirahamwe inzira z'uguhanahana amakuru ntibituma zitiriwa uwundi.

Ingingo ya 107

Ukwugururira ayandi mashirahamwe inzira z'uguhanahana amakuru bica mu masezerano afatwa nk'ayagirwa hagati y'abantu bigenga. Ayo masezerano aramenyeshwa Urwego ARCEP mu kiringo c'imisi mirongo itatu iharurwa kuva ashizweko umukono. Ni ko kw'uko no mu gihe hagize ibihindurwa muri ayo masezerano.

Article 108

L'ARCEP peut, pour garantir l'égalité des conditions de concurrence ou l'interopérabilité des services, demander la modification des accords d'accès à la boucle locale déjà conclus.

Article 109

L'ARCEP veille à ce que la tarification de l'accès dégroupé à la boucle locale favorise l'établissement d'une concurrence loyale et durable.

L'ARCEP peut imposer des modifications de l'offre de référence pour l'accès dégroupé à la boucle locale et aux ressources connexes, y compris les prix, lorsqu'elle estime que les conditions de concurrence et d'interopérabilité des réseaux et des services de communications électroniques ne sont pas garanties.

L'ARCEP peut demander aux opérateurs de lui fournir des informations pertinentes pour la mise en œuvre de l'accès à la boucle locale.

Section 3. De l'accès au domaine public et des servitudes**Paragraphe 1. Les droits de passage sur le domaine public et les servitudes d'accès aux propriétés privées****Article 110**

Les opérateurs titulaires d'autorisations d'installer et/ou d'exploiter un réseau de communications électroniques ouvert au public bénéficient des droits de passage sur le domaine public et de servitudes sur les propriétés privées nécessaires :

- 1° à l'installation et/ou à l'exploitation des infrastructures de communications électroniques ;
- 2° à la suppression et à la prévention des

Ingingo ya 108

Kugira amashirahamwe ahiganwe mu buryo bumwe canke ubuhinga butandukanye bushobore gukorana, Urwego ARCEP rurashobora gusaba ko amasezerano y'ukwugururira ayandi mashirahamwe inzira z'uguhanahana amakuru yamaze kugirwa ahindurwa.

Ingingo ya 109

Urwego ARCEP ruritwararika ko ishingwa ry'ibiciro rijanye n'ukwugururira abandi inzira z'uguhanahana amakuru vyorohereza ihiganwa mu budandaji riciye mu mategeko kandi ku buryo burama.

Urwego ARCEP rurashobora gushinga ko hahinduka ibikenewe bifatirwako mu kwugururira ayandi mashirahamwe inzira z'uguhanahana amakuru n'ibindi bikoresho bijanye, harimwo n'ibiciro, mu gihe rubona ko ibisabwa kugira habe ihiganwa mu budandaji n'ugukorana kw'imihora hamwe n'ubuhinga bw'uguhanahana amakuru mu buhinga bwa none bitubahirijwe.

Urwego ARCEP rurashobora gusaba ayo mashirahamwe kurumenyeshya ibikenewe kugirwa kugira amashirahamwe yose ashobore kwugururirwa inzira z'uguhanahana amakuru.

Agace ka 3. Ivyerekeye uburenganzira bw'ugukoresha amatongo ya Reta hamwe n'ingabanyabubasha**Agahimba ka 1. Uburenganzira bw'ukuronka inzira mu matongo ya Reta n'ingabanyabubasha ku matongo y'abantu****Ingingo ya 110**

Amashirahamwe afise impusha z'ugushiraho canke iz'ugukoresha imihora y'uguhanahana amakuru ishobora gukoresha na bese arahabwa uburenganzira bw'ukuronka inzira mu matongo ya Reta n'ingabanyabubasha zikenewe ku matongo y'abantu :

- 1° Mu gushiraho canke mu gukoresha ivyubakwa vy'uguhanahana amakuru ku buhinga bwa none ;
- 2° Mu gukuraho no mu gukinga ibishobora kugira

perturbations électromagnétiques ou des obstacles susceptibles de perturber la propagation et la réception des ondes électromagnétiques ;

3° au fonctionnement normal des réseaux de communications électroniques.

ico vyonona ku mishwarara canke ibindi bishobora kubuza ko imishwarara ishwarara mu kirere n'uko yakirwa ;

3° Mu gutuma imihora y'uguhanahana amakuru mu buhinga bwa none ikora uko itegerezwa.

Article 111

L'installation des infrastructures et des équipements doit être réalisée dans le respect de l'environnement et dans les conditions les moins dommageables possibles pour le domaine public et les propriétés privées.

Article 112

Les autorités concessionnaires ou gestionnaires du domaine public, lorsqu'elles donnent accès au domaine public à des opérateurs autorisés, doivent le faire dans des conditions transparentes et non discriminatoires et sous la forme de convention.

Article 113

L'occupation du domaine public donne lieu au versement de redevances à la collectivité publique concernée. Ces redevances sont fixées dans les conditions de non-discrimination en tenant compte du programme d'investissement de chaque opérateur.

Article 114

La mise en œuvre de servitudes sur des propriétés privées fait l'objet d'une convention entre le propriétaire et l'opérateur et est subordonnée au respect des normes environnementales et technologiques en la matière.

Article 115

Le bénéficiaire de la servitude est responsable de tous les dommages qui trouvent leur origine dans les équipements de réseau. Il est tenu d'indemniser l'ensemble des préjudices directs et certains causés tant par les travaux d'installation et d'entretien que par l'existence

Ingingo ya 111

Ivyubakwa n'ibikoresho vyerekeye uguhanahana amakuru mu buhinga bwa none bitegerezwa gushirwaho hubahirijwe ibidukikije kandi ku buryo ata vyinshi vyononekara ku matongo ya Reta no ku matongo y'abantu.

Ingingo ya 112

Abategetsi bafise uburenganzira bw'ugutiza amatongo ya Reta canke bw'ukuyatunganya, mu gihe bahaye amashirahamwe y'uguhanahana amakuru mu buhinga bwa none yemerewe gukora uburenganzira bw'ugukoresha ayo matongo, bategerezwa kubikorera ku mugaragaro, ata gukumira kandi bigaca mu masezerano.

Ingingo ya 113

Ugukoresha itongo rya Reta bituma haja harihwa amafaranga mu nzego z'intango z'aho iryo tongo riri. Ayo mafaranga aja ararihwa ashingwa hisunzwe ingingo y'ukudakumira hafatiwe ku mugambi w'ukwiteza imbere y'ishirahamwe rimwerimwe.

Ingingo ya 114

Mu gushira mu ngiro ingabanyabubasha ku matongo y'abantu bica mu masezerano agirwa hagati ya nyene itongo n'ishirahamwe ririkeneye kandi hubahirijwe amategeko agenga ibidukikije n'ayerekeye ubuhinga bijanye.

Ingingo ya 115

Uwaronse uburenganzira bw'ugukoresha ingabanyabubasha ni we abazwa ivyononekara vyose biturutse ku bikoresho yashizeho. Ategerezwa kuriha agahombo kwose, kaba agaturutse ku bikorwa vy'ugushiraho ivyo bikoresho n'ukubibungabunga canke akavuye ku kuba biri muri ico kibanza canke ku

ou le fonctionnement des ouvrages.

kuntu bikora.

Paragraphe 2. Les servitudes de protection

Agahimba ka 2. Ingabanyabubasha zijanye n'ugukingira imihora y'uguhanahana amakuru mu buhinga bwa none

Article 116

Les exploitants de réseaux ouverts au public bénéficient de servitudes radioélectriques pour la protection des réseaux de communications électroniques dans les conditions précisées dans le présent paragraphe.

Ingingo ya 116

Amashirahamwe akoresha imihora ishobora gukoreshwa na bose araronswa uburenganzira bw'ugukoresha ingabanyabubasha zijanye n'ugukingira imihora yayo hubahirijwe ibisabwa bitomowe muri aka gahimba.

Les propriétés voisines des stations radioélectriques peuvent être grevées de servitudes destinées à assurer une bonne propagation des ondes.

Amatongo yegereye ahari imihora ikwiragiza imishwarara mu kirere arashobora gushirwako ingabanyabubasha zituma imishwarara ishwarara neza.

Article 117

L'opérateur bénéficiaire de la servitude élabore un plan de protection contre les perturbations radioélectriques, définit pour chaque station les servitudes radioélectriques et détermine les terrains sur lesquels elles s'exercent.

Ingingo ya 117

Ishirahamwe ryaronse ingabanyabubasha rirategura indinganizo y'ugukinga ivyotuma imishwarara ihungabana, iratomora ku kibanza kimwekimwe cose kirimwo imihora ikwiragiza imishwarara mu kirere, ingabanyabubasha zijanye n'ugukingira imishwarara kandi ikerekana n'amatongo ashirwako izo ngabanyabubasha.

Le plan élaboré selon le modèle fourni par l'ARCEP lui est soumis pour approbation. La décision d'approbation, d'amendement ou de rejet doit intervenir dans un délai ne dépassant pas trente jours calendaires à compter de la réception dudit plan. Passé ce délai, le plan est réputé approuvé.

Indinganizo ishishirahamwe ritegura hakurikijwe uko Urwego ARCEP rwabitegekanije irashikirizwa urwo Rwego kugira ruyemeze. Ingingo y'ukwemeza iyo ndinganizo, ukuyihinyanyura canke ukutayemeza bitegerezwa gufatwa mu kiringo kitarenza imisi mirongo itatu ikurikirana iharurwa kuva umusi indinganizo yashikiririjweko. Ico kiringo kirangiye ata co urwo Rwego rubivuzeko, indinganizo ica ifatwa ko yemejwe.

Article 118

Les exploitants des réseaux ouverts au public bénéficient de servitudes pour la protection des réseaux de communications électroniques contre les perturbations radioélectriques dans les conditions précisées dans le présent paragraphe.

Ingingo ya 118

Amashirahamwe akoresha imihora ishobora gukoreshwa na bose araronswa uburenganzira bw'ugukoresha ingabanyabubasha kugira imihora y'uguhanahana amakuru mu buhinga bwa none bikingirwe imishwarara yobihungabanya, ivyo bikagirwa hubahirijwe ibitegekanijwe muri aka gahimba.

Les abords des centres exploités par les opérateurs autorisés peuvent être grevés de servitudes destinées à éviter les perturbations électromagnétiques.

Article 119

Les servitudes comportent l'interdiction de mettre en service ou d'utiliser des équipements installés postérieurement au centre protégé, susceptibles de perturber les réceptions radioélectriques.

Article 120

L'établissement d'une servitude radioélectrique ouvre droit au profit du propriétaire ou de l'utilisateur à une indemnité compensatoire du dommage direct, matériel et certain qui en résultent.

Section 4. Du partage d'infrastructures et des biens fonciers

Article 121

Dans le but de favoriser le développement de la concurrence saine et loyale et de garantir une qualité optimale dans la fourniture de services de communications électroniques, tout opérateur permet dans la mesure du possible aux autres opérateurs agréés au Burundi de partager ses infrastructures, notamment les poteaux, les pylônes, les conduits, les équipements électriques et radioélectriques, les biens fonciers, les points hauts.

L'ARCEP, en accord avec les opérateurs, adopte les lignes directrices sur le partage d'infrastructures en invitant notamment les opérateurs à appliquer les tarifs non discriminatoires dans le partage des infrastructures.

L'ARCEP fixe la liste des points stratégiques pour lesquels les opérateurs doivent accepter le dimensionnement des infrastructures de manière qu'elles soient partagées dans des conditions objectives, transparentes et non discriminatoires.

Uturere twegereye ibigo bikoreshwa n'amashirahamwe yemewe turashobora gushirwako ingabanyabubasha zigenewe kugira imishwarara n'ihungabane.

Ingingo ya 119

Ingabanyabubasha zibuza kandi kwatsa canke gukoresha mu kibanza gisanzwe gikingiwe ibindi bikoresho bishirwaho mu nyuma bishobora guhungabanya ingene imishwarara yakirwa.

Ingingo ya 120

Ugushira kw'itongo ingabanyabubasha zerekeye ugukingira imishwarara bituma nyene itongo canke uwurikoresha aronka indishi ikwiranye n'agahombo k'ibintu bifadika kandi kagaragara gaturutse kuri icyo ngabanyabubasha.

Agace ka 4. Ugusangira ivyubatswe hamwe n'amatongo

Ingingo ya 121

Mu ntumbero yo guteza imbere ihiganwa ribereye kandi rikurikiza amategeko mu buhinga bwa none n'ugutuma ivyerekeye uguhanahana amakuru mu buhinga bwa none bigirwa neza kuruta, ishira hamwe ryose rirorohereza uko bishoboka kwose ayandi mashirahamwe yemerewe gukorera mu Burundi kugira asangire ivyubatswe vyayo nk'amapoto, ivyuma bishirwako antene, imiringoti, ibikoresho vy'umuyagankuba n'ibikoresha imishwarara, amatongo hamwe n'ibanza bikirurutse.

Urwego ARCEP, ruvumvikanye n'amashirahamwe, rurashiraho intumbero ngenderwako zikurikizwa mu gusangira ivyubatswe nko mu gusaba amashirahamwe gukoresha ibiciro bidakumira amashirahamwe amwamwe mu gusangira ivyubatswe.

Urwego ARCEP ruragira urutonde rw'ibanza ngirakamaro amashirahamwe ategerezwa gushiramo ivyubakwa bifise uburinganire butuma bishobora gusangirwa ata nkunzi, ku mugaragaro kandi ata wukumiriwe.

A défaut du redimensionnement des infrastructures existantes, l'ARCEP incite, par les mesures qu'elle juge utiles, à la conclusion d'accords de co-investissement entre opérateurs.

Article 122

Les conventions de partage des infrastructures ont la nature d'accords de droit privé. Elles sont communiquées pour approbation à l'ARCEP avant leur signature. Il en va de même des modifications qui y sont apportées.

Les conventions précisent les règles de répartition des coûts de partage de la ressource du bien foncier ou des travaux ainsi que les conditions d'accès aux informations nécessaires pour leur mise en œuvre.

CHAPITRE V. DE LA PROHIBITION DES PRATIQUES ANTICONCURRENTIELLES

Article 123

Les actions et les pratiques qui ont pour objet ou qui peuvent avoir pour effet d'empêcher, de restreindre ou de fausser la concurrence dans le secteur des communications électroniques sont prohibées, notamment lorsqu'elles tendent à :

- 1° limiter l'accès à un segment de marché ou le libre exercice de la concurrence par d'autres entreprises ;
- 2° faire obstacle à la fixation des prix par le libre jeu du marché en favorisant artificiellement leur hausse ou leur baisse ;
- 3° limiter ou contrôler la production, les investissements ou le progrès technique ;
- 4° répartir les marchés ou les ressources d'approvisionnement.

lyo hadasubiwemwo uburinganire bw'ivyubatswe bihasanzwe, Urwego ARCEP rurahimiriza amashirahamwe kugiranira amasezerano y'ugufadikanya kuvyubaka biciye mu ngingo rubona ko zibereye.

Ingingo ya 122

Amasezerano y'ugusangira ivyubatswe ni amasezerano afatwa nk'ayagirwa hagati y'abantu bigenga. Ayo masezerano arashikirizwa Urwego ARCEP kugira ruyemeze imbere y'uko ashirwako umukono. Ni ko kw'uko no mu gihe hagize ibihindurwa muri ayo masezerano.

Ayo masezerano aratomora ingene amafaranga arihwa kugira hashobore gusangirwa itongo canke ayasabwa ku bikorwa birangurwa hamwe n'ibisabwa kugira hamenyeshwe ibikenewe mu gushira mu ngiro ayo masezerano.

IGICE CA V. IVYEREKEYE UKUBUZA IBIKORWA BITUBAHIRIZA IHIGANWA

Ingingo ya 123

Ibikorwa bifise intumbero canke bishobora kubuza, kugabanya uburenganzira bw'uguhiganwa canke gutuma ihiganwa rikorwa ukutari ko mu gisata c' uguhahanana amakuru mu buhinga bwa none, birabujijwe nko mu gihe bifise intumbero yo:

- 1° Kugabanya uburenganzira bw'ayandi mashirahamwe bwo guhiganirwa amasoko amwamwe canke ubwo guhiganwa mu mwidegemyo ;
- 2° Kubera intambanyi ishingwa ry'ibiciro ryategerezwa kwisunga uko isoko rimeze, mu gutuma ibiciro biduga canke bigabanuka ata mvo ;
- 3° Kugabanya canke gukurikirana umwimbu, imitahe canke iterambere mu buhinga;
- 4° Kugabura amasoko canke uburyo bukoreshwa.

Article 124

Est prohibée, dans le secteur des communications électroniques, l'exploitation abusive par un opérateur ou un groupe d'opérateurs :

- 1° d'une position dominante sur le marché ou un segment de marché ;
- 2° de l'état de dépendance économique dans lequel se trouve, à son égard, une personne cliente ou fournisseur qui ne dispose pas de solution équivalente.

Article 125

Les pratiques anticoncurrentielles, notamment celles visées aux articles 123 et 124 sont sanctionnées conformément à la législation en vigueur au Burundi.

Article 126

Tout engagement, convention ou clause contractuelle se rapportant à une pratique visée par les articles 123 et 124, est nul et de nul effet. Cette nullité est d'ordre public.

CHAPITRE V. DES OBLIGATIONS SPECIFIQUES AUX OPERATEURS DOMINANTS

Article 127

L'ARCEP détermine, au regard notamment des obstacles au développement d'une concurrence effective, les marchés pertinents du secteur des communications électroniques.

L'ARCEP établit la liste des opérateurs dominants et dresse chaque année la liste des marchés pertinents ainsi que les opérateurs qui y exercent une influence significative.

Article 128

Dans un délai n'excédant pas deux ans à compter de l'établissement de la liste des opérateurs exerçant une influence significative sur le marché de l'interconnexion, les opérateurs mettent en place une comptabilité

Ingingo ya 124

Birabujijwe, mu gisata c'uguhanahana amakuru mu buhinga bwa none, ko ishirahamwe canke umugwi w'amashirahamwe acinyiza ayandi mu buryo bukurikira :

- 1° Ukwitwaza ikibanza gikomeye ishirahamwe rifise ku masoko yose canke ku masoko amwamwe ;
- 2° Ugutuma abantu ata handi bashobora kugurira canke gushorera atari muri iryo shirahamwe canke muri uwo mugwi w'amashirahamwe;

Ingingo ya 125

Ibikorwa bitubahiriza ihiganwa mu budandaji, na canecane ibivugwa mu ingingo ya 123 n'ya 124 bihanwa hisunzwe amategeko asanzwe akurikizwa mu Burundi.

Ingingo ya 126

Ico cose amashirahamwe yiyemeje, amasezerano yose agiranira canke ingingo yose iri mu masezerano ijanye n'igikorwa kibujijwe mu ingingo ya 123 n'ya 124, ni impfagusa kandi nta nkurikizi bifise. Iyo ingingo yerekeye abantu bose.

IGICE CA V. IVYO AMASHIRAHAMWE AKOMEYE Y'UGUHANAHANA AMAKURU ATEGEREJWE

Ingingo ya 127

Urwego ARCP, rufatiye nko ku ntambamyi zibuza ko ihiganwa nyaryo ritera imbere, rurerekana amasoko ahambaye mu gisata c'uguhanahana amakuru mu buhinga bwa none.

Urwego ARCP ruragira ku mwaka ku mwaka urutonde rw'amasoko ahambaye y'uguhanahana amakuru hamwe n'amashirahamwe afise uruhara runini muri ayo masoko.

Ingingo ya 128

Mu kiringo kitarenza imyaka ibiri giharurwa kuva hakozwe urutonde rw'amashirahamwe afise uruhara runini ku masoko yerekeye uguhana imihora, ayo mashirahamwe arashinga uburyo bw'uguharura amafaranga butuma hamenyekana ikiguzi

analytique pour les besoins de la régulation.

c'ikirangurwa kimwekimwe cose kugira bifatirweko mu gucungera ivyerekeye uguhanahana amakuru.

Les comptes sont présentés par activité, audités chaque année aux frais desdits opérateurs par un cabinet d'audit indépendant de renommée et soumis au secret des affaires.

Igikorwa kimwekimwe cose cisangiza ikonte, ayo makonte agasuzumwa ku mwaka ku mwaka n'ishirahamwe ryigenga bizwi neza ko ribishoboye bikagirwa ku mafaranga arihwa n'ayo mashirahamwe kandi agategerezwa kugumizwa mw'ibanga.

Article 129

En attendant la mise en place d'une comptabilité analytique prévue à l'article 128, les tarifs d'interconnexion des opérateurs exerçant une influence significative sont calculés selon les recommandations suivantes :

Ingingo ya 129

Mu kurindira ko hashirwaho uburyo bw'uguharura amafaranga butuma hamenyekana ikiguzi c'ikirangurwa kimwekimwe cose butegekanijwe mu ngingo ya 128, ibiciro vy'uguhana imihora ku mashirahamwe y'uguhanahana amakuru afise uruhara runini bitegerezwa guharurwa hisunzwe ibisabwa bikurikira :

1° L'utilisation d'une référence régionale ;

1° Ugukoresha ibiguzi bisanzwe bikoreshwa mu karere ;

2° L'utilisation d'un outil de calcul de coûts existants ;

2° Ugukoresha uburyo bwari busanzwe bukoreshwa mu guharura ibiguzi ;

3° La référence aux données du marché pour la fixation du taux de rentabilité du capital ;

3° Ugufatira ku vyatorokanijwe vyerekeye amasoko kugira hashingwe urugero kw'ijana rw'amafaranga umutahe wunguka ;

4° L'utilisation du modèle d'équilibre des actifs financiers, MEDAF en sigle.

4° Ugukoresha ubuhinga MEDAF bisugura uburyo bw'ugushinga ibiciro butuma ishirahamwe rironka amafaranga y'inyungu ryari ryategekanije kwinjiza.

CHAPITRE VI. DES REGLES D'ENCADREMENT TARIFAIRE

IGICE CA VI. AMATEGEKO YISUNGWA MU GUKURIKIRANA ISHINGWA RY'IBICIRO

Article 130

Les tarifs des services d'interconnexion offerts par les exploitants de réseaux de communications électroniques ouverts au public, qu'ils soient prévus dans leur catalogue ou offerts en plus, rémunèrent l'usage effectif du réseau de transport et de desserte et respectent le principe d'orientation vers les coûts pertinents.

Ingingo ya 130

Ibiciro bishingwa n'amashirahamwe ahana imihora ishobora gukoreshwa na bese ku bikorwa vy'ugufatanya iyo mihora, vyaba bitegekanijwe mu gitabu c'itorokanirizo ry'ivyerekeye uguhana imihora canke ibidasanzwe bitegekanijwe muri ico gitabu, bigenewe kuriha amafaranga akoreshwa mu gutwara amakuru n'ukuyakwiragiza kandi bitegerezwa kwubahiriza ingingo y'ukubiroranya n'ikiguzi kijanye n'imihora.

Article 131

Les coûts pertinents sont liés par une forme de causalité, directe ou indirecte, au service d'interconnexion rendu. Ils comprennent :

- 1° les coûts de réseau général qui correspondent aux éléments de réseaux utilisés à la fois par l'opérateur pour les services à ses propres clients et pour les services d'interconnexion ;
- 2° les coûts spécifiques aux services d'interconnexion qui sont des coûts directement induits par ces seuls services.

Les coûts spécifiques aux services de l'opérateur autres que l'interconnexion sont exclus de l'assiette des coûts des services d'interconnexion.

Sont par conséquent exclus les coûts de l'accès à une boucle locale et les coûts commerciaux tels que la publicité, le marketing, la vente, l'administration des ventes hors interconnexion, la facturation et le recouvrement hors interconnexion.

Les coûts pris en compte doivent tendre à accroître l'efficacité économique à long terme et notamment les investissements de renouvellement de réseau, dans une perspective de maintien de la qualité de service. Ils incluent le coût de rémunération du capital investi.

Article 132

Les opérateurs des réseaux de communications électroniques ouverts au public qui sont déclarés dominants sur le marché de l'interconnexion identifient, dans le cadre de leur comptabilité analytique, les coûts énumérés à l'article 131 pour leurs activités d'interconnexion.

Ingingo ya 131

Ibiguzi bijanye n'imihora bihuye n'ivyakozwe biharurwa bifatiye ku gikorwa c'uguhana imihora kiranguye, vyaba bivuye kuri ico gikorwa nyene canke ku bindi bijanye. Ivyo biguzi bigizwe n'ibi bikurikira:

- 1° Ibiguzi vy'imihora vyose bikaba bihuye n'ibigize imihora vyakoreshejwe n'ishirahamwe ku bikorwa rirangurira abanywanyi baryo no ku bikorwa bijanye n'uguhana imihora ;
- 2° Ibiguzi bijanye n'ibikorwa vy'uguhana imihora bitumwe n'ivyo bikorwa vyonyene.

Ibiguzi bijanye n'ibikorwa vy'ishirahamwe atari ivy'uguhana imihora ntibishirwa mu biguzi vy'ibikorwa vy'uguhana imihora.

Kubera ivyo, ibiguzi bidaharurwamwo bitegerezwa kuba ibiguzi vy'ugushobora gukoresha inzira y'uguhanahana amakuru hamwe n'ibijanye n'ibiguzi vy'urudandazwa nk'ukumenyekanisha ibidandazwa, ugukwegakwegaga abaguzi, ukugurisha, ugutunganya ibigurishwa atari ibijanye n'uguhana imihora, uguharura n'ukwishuza amafaranga arihwa atari ayajanye n'uguhana imihora.

Ibiguzi bifatirwako bitegerezwa kuba bifise intumbero y'uguteza imbere ubutunzi mu kiringo kirekire, harimwo canecane ugutegekanya amafaranga y'ugusubiriza imihora kugira ubuzi burangurwa bugume bumeze neza. Ivyo biguzi birimwo amafaranga y'ukuriha umutahe wakoreshajwe.

Ingingo ya 132

Amashirahamwe akoresha imihora ishobora gukoreshwa na bose yemejwe ko ari amashirahamwe akomeye mu vyerekeye uguhana imihora arerekana, mu buryo bw'uguharura amafaranga butuma hamenyekana ikiguzi c'ikirangurwa kimwekimwe cose, ibiguzi bidondaguwe mu ngingo ya 131 bijanye n'ibikorwa vyerekeye uguhana imihora.

Article 133

Indépendamment des tarifs d'interconnexion prévus aux articles 130 et 131, les opérateurs exploitant un réseau de communications électroniques ouvert au public ou fournissant des services de communications électroniques établissent leurs tarifs de détail dans le respect des principes de transparence, d'objectivité et en tenant compte de leur programme d'investissement.

Le traitement proportionnel au programme d'investissement n'exclut pas des :

- 1° réductions de tarifs liées à des promotions limitées dans le temps, à des conditions d'abonnement spécifiques ou à des volumes de trafic importants, sous réserve que ces conditions soient publiées avec les tarifs et que les réductions soient applicables sans discrimination à tout client remplissant ces conditions ;
- 2° suppléments de tarifs liés à des demandes spécifiques des clients, notamment les abonnements spécifiques ou la location d'équipements terminaux. Ces compléments font obligatoirement l'objet de devis détaillés qui sont remis aux clients pour accord, préalablement à l'exécution du contrat.

Article 134

Les opérateurs exploitant un réseau de communications électroniques ouvert au public ou fournissant des services de communications électroniques communiquent leurs tarifs à l'ARCEP, au moins quinze jours avant leur application. Cette communication doit présenter l'ancien et le nouveau tarif.

L'ARCEP veille à ce que les tarifs des services soient orientés vers leurs coûts de revient résultant d'une gestion efficiente et ne soient pas abusivement bas.

Ingingo ya 133

Hatisunzwe ibiciro vyerekeye uguhana imihora bitegekanijwe mu ngingo ya 130 n'ya 131, amashirahamwe akoresha imihora ishobora gukoreshwa na bese canke ayarangura ubuzi bujanye n'uguhanahana amakuru mu buhinga bwa none arashinga ibiciro vyayo ku gikorwa kimwekimwe cose ku mugaragaro, mu buryo busobanutse kandi hafatiwe ku ndinganizo y'umugambi w'iterambere wayo.

Ugutunganiriza amashirahamwe hisunzwe umugambi w'iterambere yashikirije ntibibuza :

- 1° Ukugabanya ibiciro mu ntumbero y'ugutuma mu kiringo gito ibidandazwa bihurumbirwa, y'ukubigabanya hari ibisabwe abanywanyi canke bivuye ku rugero runini rw'uguhanahana amakuru, hatirengagijwe ko ivyo bisabwa bitegerezwa gutangarizwa hamwe n'ibiciro kandi ibiciro bikagabanywa ku munywanyi wese akwije ivyo bisabwa ata wukumiriwe ;
- 2° Ukwongereza amafaranga ku biciro bivuye ku vyo abanywanyi basaba bidasanzwe nko mu gihe basavye kuba abanywanyi badasanzwe canke basavye gukora ibikoresho vyakira ubutumwa ubwa nyuma. Ayo mafaranga yiyongera ku biciro ategerezwa kugirirwa urwandiko rwerekana neza igikorwa agenewe rugashikirizwa abanywanyi imbere y'uko amasezerano y'ukubirangura ashirwa mu ngiro.

Ingingo ya 134

Amashirahamwe akoresha imihora ishobora gukoreshwa na bese canke ayarangura ubuzi bujanye n'uguhanahana amakuru mu buhinga bwa none aramenyesha ibiciro vyayo mu kiringo gito Urwego ARCEP, n'imiburiburi imisi icumi n'itanu imbere yuko bikurikizwa. Urwandiko rubimenyesha rutegerezwa kuba rurimwo ibiciro vyahahora na bishasha.

Urwego ARCEP ruriwararika ko ibiciro vy'ibikorwa birangurwa vyisungira ibiguzi bijanye n'imihora biva kw'itunganywa ribereye ry'ishirahamwe kandi ntibirenze urugero mu kuba bito.

A cet effet, l'ARCEP s'assure de l'absence de subventions croisées entre des services distincts.

Article 135

Par dérogation à l'article 134, les tarifs promotionnels sont communiqués à l'ARCEP au moins sept jours avant leur annonce au public. La durée des offres promotionnelles ne peut excéder quinze jours.

L'ARCEP s'assure que ces tarifs ne sont pas abusivement fixés à la baisse.

Article 136

Les opérateurs notifient à leurs clients toute modification de tarifs au moins quinze jours calendaires avant sa mise en application.

La notification peut être effectuée par courrier adressé à chacun de leurs clients ou par annonce publiée dans au moins deux quotidiens d'information nationaux.

Article 137

Les conditions dans lesquelles l'ARCEP exerce l'encadrement des tarifs sont fixées par ordonnance du Ministre en charge des communications électroniques.

CHAPITRE VII. DE L'ACCES AU SERVICE UNIVERSEL

Article 138

Le service universel correspond à la principale composante du service public des communications électroniques ayant pour objet de fournir à tous, y compris les populations non couvertes par les opérateurs agréés un service de qualité à un prix abordable.

Le service universel est offert de façon ininterrompue et dans le respect des principes d'égalité, de continuité, d'adaptabilité et de transparence.

Kubera ivyo, Urwego ARCEP ruritwararika ko amafaranga y'igikorwa kanaka adakoreshwa mu mu bindi bikorwa bitandukanye.

Ingingo ya 135

Hirengagijwe ingingo ya 134, ibiciro bituma ibidandazwa bihurumbirwa bimenyeshwa Urwego ARCEP n'imiburiburi umusi umwe imbere y'uko bitangazwa. Ikiringo c'ukugurisha ibidandazwa kuri ivyo biciro ntigishobora kurenza imisi icumi n'itanu.

Urwego ARCEP ruritwararika ko ivyo biciro bitaba bito birenze urugero.

Ingingo ya 136

Amashirahamwe akoresha imihora aramenyeshya abanywanyi bayo ico cose kiba cahindutse ku biciro n'imiburiburi mu misi icumi n'itanu ikurikirana imbere y'ukubikurikiza.

Bishobora kumenyeshwa umwumwe wese mu banywanyi vyaba biciye mu rwandiko canke bitangajwe n'imiburiburi mu binyamakuru bibiri vyo mu gihugu bisohoka ku musi ku musi.

Ingingo ya 137

Ingene Urwego ARCEP rukurikiranira hafi ibiciro bitomorwa n'itegeko ry'Umushikiranaganji ajejwe ivyerekeye uguhanahana amakuru mu buhinga bwa none.

IGICE CA VII. IVYEREKEYE UGUSHOBORA GUKORESHA UBHINGA BUTUMA BOSE BAHANAHANA AMAKURU

Ingingo ya 138

Ubuhinga butuma bose bashobora guhanahana amakuru ni bwo bugize ahanini ihanahanwa ry'amakuru ku buhinga bwa none kuri bose na bwo bukaba bufise intumbero yuko bose baronka neza amakuru ku giciro kitavuna, harimwo abanyagihugu bose batahora bayaronswa n'amashirahamwe yemewe.

Ubuhinga butuma bose bashobora guhanahana amakuru, abanyagihugu baburonswa igihe cose hubahirijwe ingingo y'ukubafata kumwe, ubuhinga bushasha ntibubuze ubwahahora gukora, ivyuma

bishasha bigashobora gukorana n'ivyahahora kandi bikagirwa ku mugaragaro.

Article 139

L'ARCEP s'assure que tout opérateur muni d'une licence respecte son cahier des charges de manière à disponibiliser le réseau à travers tout le pays afin que les services de base soient accessibles à la population.

Ingingo ya 139

Urwego ARCEP ruriwararika ko ishirahamwe ryose ry'uguhanahana amakuru rifise uruhusha ryubahiriza ivyo ritagerejwe gukora ku buryo imihora y'uguhanahana amakuru mu buhinga bwa none biguma bikora mu gihugu cose kugira abanyagihugu bashobore kuronka ibikenewe bijanye n'uguhanahana amakuru bitagoranye.

Article 140

Dans le souci de rendre effectif le service universel, le Gouvernement met en place, un Fonds de financement dudit service.

Ingingo ya 140

Mu ntumbero yo gutuma ubuhinga butuma abantu bose bashobora guhanahana amakuru ku buhinga bwa none bushobora gukoreshwa n'abanyagihugu, Reta irashiraho ikigega kijejwe gutanga uburyo kugira ubwo buhinga bushobore gukoreshwa.

Les missions, l'organisation, le fonctionnement et les règles de gestion du Fonds de financement du service universel sont déterminés par décret.

Imirimo y'ico Kigega, ingene gitunganyijwe, ingene gikora n'amategeko akurikizwa mu kugitunganya bitomorwa n'itegeko ry'Umukuru w'Igihugu.

CHAPITRE VIII. DES TRANSACTIONS ELECTRONIQUES

IGICE CA VIII. IYEREKEYE UKUGURA N'UKUGURISHA BICIYE MU BUHINGA BWA NONE

Section 1. DE LA RECONNAISSANCE DE LA VALEUR JURIDIQUE DES MESSAGES DE DONNEES

AGACE KA 1. UKWEMEZA AGACIRO UBUTUMWA BUCIYE MU BUHINGA BWA NONE BUFISE IMBERE Y'AMATEGEKO

Article 141

Lorsque la loi exige la signature d'une personne, ou prévoit des conséquences en l'absence de signature, cette exigence est satisfaite dans le cas où une signature électronique avancée basée sur un certificat qualifié est utilisée.

Ingingo ya 141

Mu gihe amategeko asaba ko umuntu ashira umukono ku butumwa canke ategukanywa ko haba inkurikizi igihe ata mukono uba uri ku butumwa, ubutumwa buciye mu buhinga bwa none bufatwa ko bwubahirije iyo ngingo mu gihe hakoreshejwe kuri bwo umukono wo mu buhinga bwa none wo ku rugero ruhanitse wisungwa iseredifika ikwije ibisabwa.

Sans préjudice des dispositions prévues à l'alinéa 1 du présent article, une signature électronique ne peut pas se voir refuser une valeur juridique au seul motif :

Hatirengagijwe ibitegekanijwe mu gahimba ka 1 k'iyi ngingo, umukono wo mu buhinga bwa none ntushobora gufatwa ko utagira agaciro imbere y'amategeko kubera gusa:

1° qu'elle se présente sous une forme électronique ;

1° Ko ugizwe buciye mu buhinga bwa none;

2° qu'elle n'est pas basée sur un certificat qualifié.

2° Ko utisunze iseredifika ikwije ibisabwa.

Article 142

Aucune règle d'administration de la preuve ne peut être invoquée dans une procédure légale contre l'admissibilité d'un message de données produit comme preuve :

1° au motif qu'il s'agit d'un message de données ;

2° s'il s'agit du moyen de preuve le plus à même de soutenir sa demande que celui qui la présente peut raisonnablement escompter obtenir, au motif que le message n'est pas sous sa forme originale.

L'information prenant la forme d'un message de données est admise comme preuve, au même titre que l'écrit sur support papier.

Sa force probante s'apprécie en fonction notamment de la fiabilité du mode de création, de conservation, de communication du message du mode de préservation de l'intégrité de l'information ou de la manière dont l'expéditeur a été identifié.

SECTION 2. DE LA FORMATION DES CONTRATS SOUS FORME ELECTRONIQUE

Article 143

La validité ou la force exécutoire d'une communication ou d'un contrat ne peut être contestée au seul motif que cette communication ou ce contrat est sous forme électronique.

Article 144

Pour la relation entre l'expéditeur et le destinataire d'un message de données, l'effet juridique, la validité ou la force exécutoire d'une manifestation de volonté ou autre déclaration ne sont pas déniés au seul motif que cette

Ingingo ya 142

Nta ngingo n'imwe yerekeye ugutanga icemezo ishobora kwishimikizwa mu rubanza kugira ubutumwa bugizwe n'ibitorokanywa bipfindurwa n'imashini nyabwonko bureke kwemerwa nk'icemezo:

1° Ku mvo yuko ari ubutumwa bugizwe n'ibitorokanywa bipfindurwa n'imashini nyabwonko ;

2° Ku mvo yuko ubutumwa bwacishijwe mu buhinga bwa none atari urwandiko nkomoko, iyo ari co cemezo nyamukuru umuburanyi yizera gushobora kuronka yishimikiza mu gushikiriza ivyo asaba.

Ubutumwa busa n'ubutumwa bugizwe n'ibitorokanywa bipfindurwa n'imashini nyabwonko burakirwa nk'icemezo co kimwe nk'ivyanditswe ku rupapuro.

Urugero ubutumwa bugizwe n'ibitorokanywa bipfindurwa n'imashini nyabwonko bwizerwako ruvana canecane n'uko haba hizewe ingene butegurwa, bubikwa, butangwa, ingene bushobora kugumizwa uko buri canke ingene hamenyekanye uwaburungitse.

AGACE KA 2. IVYEREKEYE UKUGIRA AMASEZERANO BICIYE MU BUHINGA BWA NONE

Ingingo ya 143

Agaciro k'ubutumwa canke k'amasezerano bicishijwe mu buhinga bwa none canke ububasha bwavyo bw'ugutegerezwa gukurikizwa, ntibireka kwemerwa kubera gusa bicishijwe mu buhinga bwa none.

Ingingo ya 144

Ku vyerekeye imigenderanire hagati y'uwurungika ubutumwa bugizwe n'ibitorokanywa bipfindurwa n'imashini nyabwonko n'uwo bugenewe, ububasha urwandiko rumenyeshya icipfuzo c'ukugurisha canke ukugura canke urundi rwandiko rw'ukumenyeshya ibintu

manifestation de volonté ou autre déclaration prend la forme d'un message de données.

Article 145

Lorsque l'expéditeur n'a pas convenu avec le destinataire que l'accusé de réception est donné sous une forme ou selon une méthode particulière, la réception peut être accusée par toute communication automatisée ou émanant du destinataire ou par tout acte du destinataire, suffisant pour indiquer à l'expéditeur que le message de données a été reçu.

Un décret définit les données mentionnées à l'alinéa premier et détermine la durée et les modalités de leur conservation.

Article 146

Quiconque propose à un consommateur, à titre professionnel, par voie électronique, la fourniture de biens ou la prestation de services, met à disposition les conditions contractuelles applicables d'une manière qui permette leur conservation et leur reproduction. Sans préjudice des conditions de validité mentionnées dans l'offre, son auteur reste engagé par elle tant qu'elle est accessible par voie électronique de son fait.

SECTION 3. DU COMMERCE ELECTRONIQUE

Article 147

L'activité de commerce électronique est soumise à la loi de l'Etat sur le territoire duquel la personne qui l'exerce est établie, sous réserve de la commune intention de cette personne et de celle à qui sont destinés les biens ou les services.

rufise imbere y'amategeko, agaciro karwo canke ububasha bw'ugutegerezwa gukurikizwa rufise, ntibireka kwemerwa kubera gusa bicishijwe mu butumwa bugizwe n'ibitororokanywa bipfindurwa n'imashini nyabwonko.

Ingingo ya 145

Mu gihe uwurungika ubutumwa ataba yarumvikanye n'uko aburungikira ko icemeza ko ubutumwa bwakiriwe gitangwa mu buryo canke mu buhinga kanaka, ubutumwa bushobora kwemezwa ko bwakiriwe biciye mu butumwa ubwo ari bwo bwose burungikwa n'imashini ivyibwirije canke mu butumwa burungikwa n'ugarungikiwe ubutumwa canke bikemezwa n'ikindi cose uwaburungikiwe agira gikwiye ibitegerejwe ku buryo uwarungitse ubutumwa bugizwe n'ibitororokanywa bipfindurwa n'imashini nyabwonko amenya ko bwakiriwe.

Itegeko ry'Umukuru w'Igihugu rirashinga ibitororokanywa bivugwa mu gahimba ka mbere k'iyi ngingo rikongera rigatomora ikiringo n'ibikurikizwa kugira bibikwe.

Ingingo ya 146

Uwo wese yemereye umuguzi kumuronsa ibidandazwa canke kumurangurira ubuzi, bijanye n'umwuga akora, abicishije mu buhinga bwa none, arerekana ibisabwa biri mu masezerano bikurikizwa ku buryo butuma bibikika kandi bishobora kwimurwa. Hatirengangijwe ibisabwa biri mu bimenyeshwa mu ntumbero y'ukugurisha bituma ibimenyeshwa biguma vyemewe, uwubimenyeshwa aguma avyitirirwa mu gihe uwubikeneye ashobora kubironka biciye mu buhinga bwa none.

AGACE KA 3. URUDANDAZWA RUKORWA BICIYE MU BUHINGA BWA NONE

Ingingo ya 147

Urudandazwa rukorwa biciye mu buhinga bwa none rwisunga amategeko y'igihugu uwurukora abamwo, hatirengangijwe ivyo uwukora urwo rudandazwa n'uwugura ibidandazwa canke uwukorerwa ubuzi bashobora kwumvikanako.

L'application de l'alinéa précédent ne peut avoir pour effet de :

- 1° priver un consommateur ayant sa résidence habituelle sur le territoire national de la protection que lui assure le droit burundais ;
- 2° déroger aux règles de forme impératives prévues par le droit burundais pour les contrats créant ou transférant des droits sur un bien immobilier situé sur le territoire national.

Article 148

Toute personne qui exerce une activité de commerce électronique assure aux destinataires de la fourniture de biens ou la prestation de services un accès facile, direct et permanent utilisant un standard ouvert aux informations suivantes :

- 1° S'il s'agit d'une personne physique, ses nom(s) et prénom(s) et, s'il s'agit d'une personne morale, sa raison sociale ;
- 2° L'adresse géographique où elle est établie, son adresse de courrier électronique ainsi que des coordonnées téléphoniques permettant d'entrer effectivement en contact avec elle ;
- 3° Si elle est assujettie aux formalités d'inscription au registre de commerce et des sociétés ou au répertoire des métiers, le numéro de son inscription, son capital social et l'adresse de son siège social ;
- 4° Si elle est assujettie à la taxe sur la valeur ajoutée et identifiée par un numéro individuel, son numéro d'identification fiscale ;
- 5° Si son activité est soumise à un régime d'autorisation, le nom et l'adresse de l'autorité ayant délivré celle-ci ;

Ikurikizwa ry'ibitegekaniywe mu gahimba gahejeje kuvugwa ntirishobora kugira inkurikizi yo :

- 1° Kubuza umuguzi aba mu Burundi gukingirwa n'amategeko y'Uburundi ;
- 2° Kudakurikiza ingingo zifise intumbero y'ugutegeka zitegekaniywe mu mategeko y'Uburundi ku vyerekeye amasezerano ashiraho canke aha uwundi uburenganzira ku kitimuka kiri mu Burundi.

Ingingo ya 148

Umuntu wese akora urudandazwa biciye mu buhinga bwa none ategerezwa gutuma abagenewe ibidandazwa canke abakorerwa ubuzi baronka ubutumwa buvyerekeye bitabagoye, ata handi burinze guca kandi bukama buboneka hakoreshejwe ubuhinga bushobora gukoreshwa na bose burimwo ibi bikurikira :

- 1° Iyo ari umuntu, izina n'amatazirano vyawe, iyo ari ishirahamwe naho, izina ry'ishirahamwe ;
- 2° Akarere akoreramwo, agasandugu k'amakete ko mu buhinga ngurukanabumenyi hamwe n'inomero za terefone bituma umuntu ashobora kumuronka ;
- 3° Iyo ari ishirahamwe ritegerezwa kwandikwa mu gitabu c'ubudandaji n'amashirahamwe canke mu gitabu c'itororokanirizo ry'imyuga, inomero ryanditsweko, umutahe rifise n'ahabarizwa icicaro caryo ;
- 4° Iyo ategerezwa kuriha itagisi ku nyongeragaciro kandi akaba afise inomero imuranga, inomero ndangamutangakori ;
- 5° Iyo igikorwa akora gitegerezwa gusabirwa uruhusha, izina ry'umutegetsi yatanze uruhusha n'aho abarizwa ;

- 6° Si elle est membre d'une profession réglementée, la référence aux règles professionnelles applicables, son titre professionnel, l'état dans lequel il a été octroyé ainsi que le nom de l'ordre ou de l'organisme professionnel auprès duquel elle est inscrite ;
- 7° Si elle appartient à un mécanisme d'autorégulation, à une association professionnelle, à une organisation de règlement des litiges ou à tout autre organisme de certification pertinent, la personne fournit également les coordonnées adéquates et un moyen aisé de vérifier cette appartenance et d'accéder aux codes et pratiques applicables à l'organisme de certification.
- 6° Iyo ari mu mugwi w'abakora umwuga ufise amategeko awugenga, kwerekana amategeko y'umwuga akurikizwa ayo ari yo, ipete rijanye n'umwuga, ingene yarironse hamwe n'izina ry'urwego rw'abagize umwuga akora canke iry'ishirahamwe ry'umwuga akoramwo ;
- 7° Iyo ari mu rwego rucungera ibikorwa ari mu babirangura, ari mw'ishirahamwe ry'abanyamyuga, mw'ishirahamwe ritatura amatati canke mu rindi shirahamwe ryemeza ibidandazwa, uwo muntu aramenyesha kandi ivyotuma bamutora bitagoranye n'uburyo bworoshe bw'ugusuzuma ko ari muri ivyo, no gushobora kuronka ibimenyetso bipfanditse bikorehwa hamwe n'ibisanzwe bikurikizwa mw'ishirahamwe ryemeza ibidandazwa.

Article 149

Toute personne qui exerce une activité de commerce électronique fournit à tout cocontractant éventuel, avant la conclusion du contrat, les informations suffisantes sur les modalités, les conditions et les coûts associés à la transaction pour permettre aux consommateurs de s'engager en connaissance de cause dans la transaction et au minimum les informations suivantes :

- 1° Un descriptif exact et détaillé des biens ou services objet du contrat ;
- 2° Le mode d'emploi et notamment les mises en garde relatives à la sécurité et à la santé ;
- 3° Les restrictions, limitations ou conditions liées à l'achat, tel que l'accord des parents ou du tuteur, ou les restrictions géographiques ou dans le temps ;
- 4° Le détail de l'ensemble des coûts à payer et les modalités et conditions de paiement ; le détail doit notamment inclure les éventuelles taxes et frais de livraison à la charge du

Ingingo ya 149

Umuntu wese akora urudandazwa biciye mu buhinga bwa none aramenyesha uwo wese bashobora kugiranira amasezerano, imbere yuko amasezerano apfundikwa, ibikenewe vyose bijanye n'ingene ukugura n'ukugurisha biciye mu buhinga bwa none bigirwa, ibisabwa hamwe n'amafaranga akenewe mu kugura n'ukugurisha kugira abaguzi biyemeze kugura bazi ibiri mu masezerano. Arashikiriza kandi n'imiburiburi ibimenyeshwa bikurikira :

- 1° Ivyerekana neza uko ibidandazwa canke ubuzi vyerekewe n'amasezerano bimeze ;
- 2° Uko ibidandazwa bikorehwa na canecane ukugabisha ku vyerekeye impanuka zishobora gushika n'ibishobora kubangamira amagara ;
- 3° Ibitarekuwe kugurwa, ivyo uwugura atorenza canke ibisabwa bijanye n'ukugura, nk'ivyerekeye ukwemererwa n'abavyeyi canke umurezi, ibitarekuwe mu turere canke mu bihe kanaka ;
- 4° Ido n'ido ry'ibiguzi, ingene birihwa n'ibisabwa kugira birihwe, hakerekanwa nk'amatagisi n'ayandi mafaranga ashobora gutangwa n'umuguzi kugira ibidandazwa bimushikire ;

consommateur ;

- | | |
|---|--|
| <p>5° Les conditions de livraison ou d'exécution ; le fournisseur doit indiquer, avant la conclusion du contrat, la date limite à laquelle il s'engage à livrer le bien ou à exécuter la prestation de services ; à défaut, le fournisseur est réputé devoir délivrer le bien ou exécuter la prestation de services dès la conclusion du contrat ; en cas de non-respect de cette date limite, le consommateur peut obtenir la résolution de la vente ;</p> | <p>5° Ibisabwa kugira ibidandazwa birungikwe canke ubuzi bukorwe, ishirahamwe ritegerezwa kwerekana, imbere y'uko hafundikwa amasezerano, igenekerezo ntarengwa yiyemeje gutangirako ikidandazwa canke gukorerako ubuzi, bitagenze uko naho iryo shirahamwe rifatwa ko ryategerezwa gutanga ibidandazwa canke gukora akazi kuva hafunditswe amasezerano; mu gihe hatubahirijwe igenekerezo ntarengwa, umuguzi arashobora kwemererwa guhagarika amasezerano y'ukugurisha;</p> |
| <p>6° Les renseignements relatifs au service après-vente disponible ;</p> | <p>6° Inkuru zijanye n'ivyo uwugurisha akorera uwaguze ikidandazwa kimaze kugurishwa ;</p> |
| <p>7° Le détail et les modalités en matière de rétractation, de dénonciation, de renvoi, d'annulation et/ou de remboursement ;</p> | <p>7° Ido n'ido hamwe n'ibikurikizwa mu bijanye n'ukwisubirako, ukwidohora mu masezerano, ukwunguruza isango, ugufuta amasezerano na /canke ugusubiza amafaranga;</p> |
| <p>8° Les conditions de garantie.</p> | <p>8° Ivyizeza umuguzi.</p> |

Article 150

L'offre énonce également :

- | | |
|---|--|
| <p>1° les différentes étapes à suivre pour conclure le contrat sous forme électronique ;</p> | <p>1° Intambwe zitandukanye zikurikizwa mu kugiranira amasezerano biciye mu buhinga bwa none ;</p> |
| <p>2° les moyens techniques permettant à l'utilisateur, avant la conclusion du contrat, d'identifier les erreurs commises dans la saisie des données et de les corriger ;</p> | <p>2° Uburyo bufasha uwushaka kugura akoresha ubuhinga bwa none imbere y'ukugiranira amasezerano n'uwugurisha kubona amakosa yakozwe mu kwandika ibimenyeshwa mu kugurisha n'ukuyakosora ;</p> |
| <p>3° les langues proposées pour la conclusion du contrat ;</p> | <p>3° Indimi zokoresha mu kugiranira amasezerano ;</p> |
| <p>4° en cas d'archivage du contrat, les modalités de cet archivage par l'auteur de l'offre et les conditions d'accès au contrat archivé ;</p> | <p>4° Mu gihe amasezerano ashinguwe, hashirwamwo ivyo uwushaka kugurisha akurikiza mu kuyashingura n'ibisabwa kugira uwushaka kugura ashobore kuronka ayo masezerano abitswe;</p> |
| <p>5° les moyens de consulter par voie électronique les règles professionnelles</p> | <p>5° Uburyo bwo gusoma biciye mu buhinga bwa none amategeko ajanye n'akazi n'urudandazwa</p> |

Ingingo ya 150

Amasezerano yerekeye ukugurisha biciye mu buhinga bwa none aramenyeshwa kandi:

et commerciales auxquelles l'auteur de l'offre entend, le cas échéant, se soumettre.

uwushaka kugurisha yipfuza kwisunga, bikenewe.

SECTION 4. DU CYBER-GOUVERNEMENT

Article 151

L'Etat et ses démembrements s'engagent à promouvoir les communications électroniques en mettant en place des plateformes entre autres des applications, des sites internet et des moyens de communication par voie électronique conformes aux meilleures pratiques internationales et permettant aux usagers de l'administration d'effectuer des opérations en ligne.

Article 152

Sans préjudices des dispositions légales et réglementaires en vigueur, les modalités et procédures relatives au cyber-gouvernement sont déterminées par voie réglementaire.

CHAPITRE IX. DE LA PROTECTION DES UTILISATEURS

Article 153

Les opérateurs agréés fournissent en permanence aux utilisateurs des services de qualité.

Article 154

Les exploitants des réseaux de communications électroniques ouverts au public et les opérateurs fournissant au public des services de communications électroniques prennent, le cas échéant conjointement, des mesures d'ordre technique et organisationnel appropriées afin de garantir la permanence de la qualité de leurs réseaux et services.

Les opérateurs de la téléphonie prennent toutes les mesures appropriées pour garantir un accès ininterrompu aux services d'urgence.

AGACE KA 4. IVYEREKEYE URUBUGA MVAJURU RWA RETA

Ingingo ya 151

Reta n'ibisata vyayo vyiyemeje guteza imbere ivyerekeye uguhanahana amakuru mu buhinga bwa none mu gushiraho imihora y'uguhanahaniramwo amakuru nk'ubundi buhinga, imbuga mvajuru n'uburyo bw'uguhanahana amakuru biciye mu buhinga bwa none buhuye n'ibisanzwe bikorwa ku rwego mpuzamakungu bigatuma abitura inzego z'intwara bashobora kubironka biciye mu buhinga ngurukanabumenyi.

Ingingo 152

Hatirengagijwe ibitegekanijwe n'amabwirizwa hamwe n'amategeko bisanzwe bikurikizwa, ibikurikizwa hamwe n'ingene bikorwa bitomorwa biciye mu mategeko.

IGICE CA IX. IVYEREKEYE UGUKINGIRA ABAKORESHA UBUHINGA BW'UGUHANAHAANA AMAKURU

Ingingo ya 153

Amashirahamwe y'uguhanahana amakuru yemerewe gukora araronsa igihe cose ubuhinga bumeze neza ababukoresha.

Ingingo ya 154

Amashirahamwe akoresha ivyuma bitanga imihora ishobora gukoresha na bese n'ayarangura ubuzi bujanye n'uguhanahana amakuru mu buhinga bwa none, iyo bikenewe, arafatira hamwe ingingo zibereye zerekeye ubuhinga n'izerekeye gutunganya ibikorwa kugira ngo ivyuma bitanga imihora y'uguhanahana amakuru n'ubuzi burangurwa bigume bimeze neza.

Amashirahamwe arangura ibikorwa vyerekeye amaterefone arafata ingingo zose zibereye kugira ngo imirongo y'ibisata bitabara ivyihutirwa ntiyigere ihagarara.

Article 155

Les exploitants des réseaux de communications électroniques ouverts au public et les opérateurs fournissant au public des services de communications électroniques publient et mettent régulièrement à la disposition des utilisateurs, des informations transparentes et actualisées relatives à l'ensemble des services proposés et aux tarifs pratiqués ainsi qu'aux conditions générales de vente.

Article 156

La fourniture de services de communications électroniques à un utilisateur donne lieu à un contrat d'abonnement écrit. Le contrat écrit précise notamment :

- 1° l'identité et l'adresse du fournisseur ;
- 2° les services fournis, leur niveau de qualité et le délai nécessaire au raccordement initial ;
- 3° les services de maintenance offerts ;
- 4° le détail des prix et tarifs pratiqués ;
- 5° la durée du contrat, les conditions de renouvellement et d'interruption des services et du contrat ;
- 6° les compensations et les formules de remboursement ;
- 7° les conditions dans lesquelles il peut être procédé au recouvrement forcé des factures impayées ;
- 8° les modalités de règlement des litiges ;
- 9° les conditions dans lesquelles le consentement de l'abonné doit être donné avant toute modification contractuelle ;
- 10° les conditions dans lesquelles il peut être mis fin au contrat.

Ingingo ya 155

Amashirahamwe akoresha ivyuma bitanga imihora ishobora gukoreshwa na bese n'ayarangura ubuzi bujanye n'uguhanahana amakuru ku buhinga bwa none aja aratangaza ibimenyeshwa bese kandi bijanye n'igihe vyerekeye ibikorwa amashirahamwe yiyemeje kurangura n'ibiciro vyavyo hamwe n'ibisabwa muri rusangi kugira bigurishwe akongera akaja arabishira aho abakoresha ubuhinga bw'uguhanahana amakuru bashobora kubironka.

Ingingo ya 156

Uguha ubuhinga bw'uguhanahana amakuru uwubukoresha bituma hagirwa amasezerano yo kuba umunywanyi w'ishirahamwe biciye mu rwandiko. Ayo na yo atomora nk'ibi bikurikira :

- 1° Ibiranga uwutanga ubuhinga n'aho abarizwa ;
- 2° Ubuhinga butangwa, uko bumeze n'ikiringo gikenewe kugira butangure gukoreshwa ;
- 3° Ibikorwa vy'ukubungabunga ivyuma bijanye n'ubwo buhinga birangurwa n'ishirahamwe;
- 4° Ido n'ido ry'ibiguzi n'ibiciro bikurikizwa ;
- 5° Ikiringo amasezerano amara, ibisabwa mu kucongereza no mu guhagarika ubuhinga n'amasezerano ;
- 6° Ingene uruhombo rusubirizwa n'ingene amafaranga arihwa ;
- 7° Ibituma hashobora kwishuzwa ku nguvu amafaranga aheranywe ;
- 8° Uburyo bw'ugutatura amatati;
- 9° Igihe ishira hamwe ribanza kuvyumvikana n'umunywanyi imbere y'uguhindura ico ari co cose kiri mu masezerano ;
- 10° Ibituma amasezerano ashobora gufutwa.

Article 157

Les fournisseurs des services de communications électroniques au public font droit aux demandes raisonnables de services présentées par des utilisateurs.

Une demande est réputée raisonnable lorsqu'elle porte sur des services existants fournis par ledit fournisseur, pour lesquels l'utilisateur ne s'oppose pas aux conditions générales de vente.

Article 158

Les fournisseurs des services de communications électroniques au public établissent une tarification en fonction du service demandé par l'utilisateur, afin qu'il ne paie pas de compléments pour des services qui ne lui sont pas nécessaires.

Les abonnés reçoivent des factures détaillées.

Les mesures prises pour recouvrer les factures impayées d'utilisation du réseau de communications électroniques, sont proportionnées et non discriminatoires.

L'abonné reçoit un préavis l'avertissant qu'une interruption de service ou une déconnexion ainsi qu'un recouvrement peuvent résulter du défaut de paiement, du retard ou de la fraude.

Avant que le service ne soit complètement interrompu, les abonnés peuvent recevoir provisoirement la fourniture d'un service réduit dans le cadre duquel les appels d'urgence sont autorisés.

Article 159

L'ARCEP et l'opérateur garantissent, chacun en ce qui le concerne, la confidentialité des communications effectuées au moyen des réseaux de communications électroniques accessibles au public et la confidentialité des données relatives au trafic y afférant.

Ingingo ya 157

Amashirahamwe akora ibikorwa bijanye n'uguhanahana amakuru ku buhinga bwa none aremerera abakoresha ubwo buhinga ivyo basavye mu gihe vyumvikana.

Ivyasabwe bifatwa ko vyumvikana mu gihe vyerekeye ubuhinga busanzwe butangwa n'ishirahamwe rirangura ibikorwa bijanye n'uguhanahana amakuru ku buhinga bwa none, uwubisaba akaba atanka ibisabwa muri rusangi mu kubugurisha.

Ingingo ya 158

Amashirahamwe arangura ibikorwa bijanye n'uguhanahana amakuru ku buhinga bwa none arashinga ibiciro hisunzwe ivyo abakoresha ubwo buhinga basavye kugira ntibarihishwe amafaranga y'ibikorwa badakeneye.

Abanywanyi barashobora kuronswa inzandiko zemeza ibiguzi ku gikorwa kimwekimwe cose cakoze.

Ingingo zifatwa kugira hishuzwe amafaranga atarishwe ajanye n'ikoresha ry'ivyuma bitanga imihora zijanye n'urugero rw'ibirihishwa kandi zikurikizwa kuri bose.

Umunywanyi aragabishwa ko ubuhinga ariko arakoresha bugira buhagarikwe canke ko umurongo ugira ucibwe n'uko ashobora kwishuzwa amafaranga kubera atarariha, yacerewe kuriha canke yakoresheje ubusuma.

Imbere yuko ubuhinga buhagarikwa burundu, abanywanyi barashobora kuronka vy'imfatakibanza ubuhinga butuma bashobora guhamagara gusa ibisata bitabara ivyihutirwa.

Ingingo ya 159

Urwego ARCEP n'ishirahamwe ry'uguhanahana amakuru ku buhinga bwa none bitegerezwa, umwe wese mu bimwerekeye, kugumiza mw'ibanga ubutumwa buhanahanwa buciye mu vyuma bitanga imihora ishobora gukoresha na bose hamwe n'ivyerekana ibijanye n'uguhanahana ubutumwa

A ce titre, sauf autorisation accordée en vertu de la loi, il est interdit à toute personne autre que l'émetteur et le destinataire d'écouter, d'intercepter, de stocker les communications et les données ou de les soumettre à tout autre moyen d'interception ou de surveillance, sans le consentement préalable et éclairé des utilisateurs concernés.

La présente disposition ne fait pas obstacle au stockage technique nécessaire à l'acheminement d'une communication, sans préjudice du principe de confidentialité.

Article 160

Les opérateurs des communications électroniques, notamment les personnes dont l'activité est d'offrir au public un accès à des services de communication en ligne, effacent ou rendent anonyme toute donnée relative au trafic, sous réserve des dispositions de l'article 159.

Les personnes qui, au titre d'une activité professionnelle principale ou accessoire, offrent au public une connexion permettant une communication en ligne par l'intermédiaire d'un accès au réseau, y compris à titre gratuit, sont soumises au respect des dispositions applicables aux opérateurs de communications électroniques.

Article 161

Pour les besoins de la recherche, de la constatation et de la poursuite des infractions pénales, il peut être différé pour une durée maximale d'un an aux opérations tendant à effacer ou à rendre anonymes certaines catégories de données techniques.

Une ordonnance du Ministre en charge des communications électroniques détermine les catégories de données et la durée de leur

buciyeye muri ivyo vyuma.

Kubera ivyo, kiretse hatanzwe uruhusha hisunzwe amategeko, birabujijwe ko umuntu wese kiretse uwurungika ubutumwa canke uwuburungikirwa, yumviriza, yabura, abika amakuru ahanahanwa n'ibindi bijanye n'ayo makuru canke akoresha ubundi buryo bwose bw'ukuyabura canke ugukurikirana amakuru aca ku murongo kanaka, abawukoresha batabanje kuvyemera ngo berekane n'ingene vyogenda.

Iyi ngingo ntibuza ko amakuru abikwa kuko bikenewe mu vyerekeye ubuhinga kugira ashobore kurungikwa, hatirengagijwe ingingo y'ukuyagumiza mw' ibanga.

Ingingo ya 160

Amashirahamwe y'uguhanahana amakuru mu buhinga bwa none na canecane amashirahamwe amenyesha amakuru kuri bose hakoreshejwe ubuhinga ngurukanabumenyi arafuta canke akayoberanya ico cose cerekana ibijanye n'uguhanahana amakuru n'ubwo buryo bw'uguhanahana amakuru hatirengagijwe ibitegekanijwe mu ngingo ya 159.

Amashirahamwe afise igikorwa nyamukuru c'ugutanga imihora ituma hahanahanwa amakuru biciye mu buhinga ngurukanabumenyi hakoreshejwe ivyuma bitanga imihora canke kikaba ari igikorwa cyongera ku vyo asanzwe akora, n'aho yoba abikora hatarinze kurihwa amafaranga, ategerezwa kwubahiriza ibitegekanijwe bikurikizwa n'amashirahamwe y'uguhanahana amakuru mu buhinga bwa none hisunzwe ibitegekanijwe muri iyi ngingo.

Ingingo ya 161

Igihe bikenewe ko ivyaha bitohozwa, ukubona ko vyakozwe n'ukubukurikirana, harashobora kurindirizwa ibikorwa bijanye n'ugufuta canke kuyoberanya imigwi imwimwe y'ivyerekana ibijanye n'uguhanahana amakuru mu buhinga bwa none mu kiringo kitarenze umwaka umwe.

Itegeko ry'Umushikiranganji ajejwe ivyerekeye uguhahanahana amakuru mu buhinga bwa none riratomora imigwi y'ivyerekana ibijanye n'uguhanahana

conservation, selon l'activité des opérateurs et la nature des communications ainsi que les modalités de compensation, le cas échéant, des surcoûts identifiables et spécifiques des prestations assurées par les opérateurs à la demande de l'Etat.

Article 162

Sous réserve des nécessités des enquêtes judiciaires, les données permettant de localiser l'équipement terminal de l'utilisateur ne peuvent pas être utilisées pendant la communication à des fins autres que son acheminement, conservées ou traitées qu'après l'achèvement de la communication, moyennant le consentement de l'abonné.

L'abonné peut suspendre ou retirer à tout moment et gratuitement, hormis les coûts liés à la transmission de la suspension ou du retrait de son consentement.

Tout appel destiné à un service d'urgence vaut consentement de l'abonné jusqu'à l'aboutissement de l'opération de secours qu'il déclenche.

Article 163

Les données conservées et traitées dans les conditions définies aux articles 159 à 162 de la présente loi portent exclusivement sur l'identification des personnes utilisatrices des services fournis par les opérateurs, sur les caractéristiques techniques des communications assurées par ces derniers et sur la localisation des équipements terminaux.

Sous réserve des enquêtes judiciaires, elles ne peuvent en aucun cas porter sur le contenu des correspondances échangées ou des informations consultées, sous quelque forme que ce soit, dans le cadre de ces communications.

amakuru ku buhinga bwa none n'ikiringo c'ukubibika, bivanye n'igikorwa amashirahamwe akora n'ubwoko bw'amakuru ahanahanwa rigatomora n'uburyo bwo gusubiriza amafaranga arenga ku yo ayo mashirahamwe yategerezwa gukoresha kuri ivyo bikorwa, n'iyi bikenewe, rigatomora ayo mafaranga arenga mu gihe hashobora kwerekanwa ico vyavuyeko kandi akaba yerekeye ivyanguwe n'amashirahamwe kubera ivyo bikorwa, bisabwe na Reta.

Ingingo ya 162

Hatirengagijwe ibikenewe mu matohoza agirwa n'ubutungane, ivyerekanwa ibijanye n'uguhanahana amakuru bituma hamenyekana ahari igikoresho cakira ubutumwa ubwa nyuma c'uwuriko aragikoresha ntibishobora gukoresha mu gihe amakuru ariko arahahanwa kiretse ari mu ntumbero yo kuyarungika, kandi ntibishobora kubikwa n'ugukoresha ibindi amakuru amaze guhanahanwa kiretse umunywanyi avyemeye.

Umunywanyi arashobora guhagarika canke kwisubirako ku vyo yari yemeye, igihe ico ari co cose kandi ata mafaranga atanze, kiretse ayajanye n'ukubishikiriza.

Uwukoresha igikoresho cakira ubutumwa ubwa nyuma arungitse ubutumwa ubwo ari bwo bwose mu gisata c'ugutabara ivyihutirwa aba yemeye ko hamenyekana aho igikoresho ciwe kiri kugira bishobokeye ko igikorwa c'ugutabara yasavye kiranguka.

Ingingo ya 163

Ivyerekanwa ibijanye n'uguhanahana amakuru bibitswe kandi bikoresha nk'uko bitegekanijwe mu ngingo ziva ku ya 159 gushika ku ya 162 z'iri bwirizwa vyerekeye gusa ukumenya abakoresha ubuhinga butangwa n'amashirahamwe y'uguhanahana amakuru ku buhinga bwa none, ibiranga ubuhinga bw'amakuru ahanahanwa aciyemuri ayo mashirahamwe hamwe n'ahari ibikoresho vyakira ubutumwa ubwa nyuma.

Hatirengagijwe amatohoza agirwa n'ubutungane, ivyerekanwa ibijanye n'uguhanahana amakuru ku buhinga bwa none ntivyigera vyerekerana na rimwe ibiri mu butumwa bwahanahanywe canke amakuru yarondewe mu buryo ubwo ari bwo bwose bujanye n'uguhanahana amakuru ku buhinga bwa none.

Article 164

Sous la supervision du Ministère public, les agents dûment habilités des services de police peuvent exiger des opérateurs et personnes mentionnés à l'article 163, la communication des données conservées et traitées par ces derniers, afin de prévenir les actes de terrorisme.

Les données faisant l'objet de cette demande sont limitées aux données techniques relatives à l'identification des numéros d'abonnement ou de connexion à des services de communications électroniques, au recensement de l'ensemble des numéros d'abonnement ou de connexion d'une personne désignée, aux données relatives à la localisation des équipements terminaux utilisés ainsi qu'aux données techniques relatives aux communications d'un abonné portant sur la liste des numéros appelés et appelants, la durée et la date des communications.

Les surcoûts identifiables et spécifiques éventuellement exposés par les opérateurs et les personnes mentionnés à l'article 163 pour répondre à ces demandes font l'objet d'une compensation financière.

Article 165

L'ARCEP en concertation avec les opérateurs de la téléphonie mobile met en place un dispositif permettant le blocage des équipements terminaux volés ou des numéros utilisés dans l'intention de nuire.

Article 166

Le cahier des charges desdits opérateurs intègre les mesures de protection des consommateurs.

Les modalités d'application des dispositions des articles 163 à 165 sont précisées par décret.

Ingingo ya 164

Bihagarariwe n'Umushikirizamanza, abakozi bo mu giporisi babifitiye ububasha barashobora gutegeka amashirahamwe y'uguhanahana amakuru n'abantu bavugwa mu ngingo ya 163, kumenyesha ivyerekana ibijanye n'uguhanahana amakuru ku buhinga bwa none bibitswe kandi bikoreshwa n'ayo mashirahamwe mu ntumbero y'ugukinga ibikorwa vy'iterabwoba.

Ivyerekana ibijanye n'uguhanahana amakuru ku buhinga bwa none bisabwa n'abo bakozi b'igiporisi vyerekeye gusa ibituma hamenyekana inomero z'abanywanyi canke inomero zijanye n'ugushobora gukoresha ubuhinga bwa none bw'uguhanahana amakuru, inomero zose umunywanyi kanaka akoresha canke zijanye n'ivyuma vy'uguhanahana amakuru ku buhinga bwa none akoresha, ibituma hamenyekana ahari ibikoreho vyakira ubutumwa ubwa nyuma akoresha hamwe n'ibijanye n'amakuru umunywanyi ahanahana vyerekeye urutonde rw'inomero ahamagara n'izimuhamagara, umwanya uguhahanahana amakuru bimara n'igenekerezo biba vyabereyeko.

Amafaranga biboneka ko arenga ku yo amashirahamwe asanzwe akoresha mu gukora ivyo asabwa aba yerekanywe n'amashirahamwe n'abantu bavugwa mu ngingo ya 163 arasubizwa.

Ingingo ya 165

Urwego ARCEP rubigiye inama n'amashirahamwe akoresha amaterefone ngendanwa rurashiraho uburyo butuma amaterefone ngendanwa yibwe yugarwa canke inomero zikoreshwa mu ntumbero yo gukora ivyaha.

Ingingo ya 166

Igitabu cerekana ivyo ayo mashirahamwe ategerezwa gukurikiza kirashirwamwo ingingo z'ugukingira abanywanyi.

Ibikurikizwa mu gushira mu ngiro ibitegekanijwe mu ngingo ziva ku ya 163 gushika ku ya 165 bitomorwa n'itegeko ry'Umukuru w'Igihugu.

CHAPITRE X. DE LA CYBERSECURITE

IGICE CA X. IVYEREKEYE UGUCUNGERA UMUTEKANO W'UBUHINGA NGURUKANABUMENYI

Article 167

Les dispositions du présent chapitre s'appliquent sans préjudice des obligations des fournisseurs des services et des opérateurs des réseaux telles que déterminées par la loi n°1/10 du 16 mars 2022 portant prévention et répression de la cybercriminalité au Burundi.

Article 168

Les exploitants des systèmes d'information prennent toutes les mesures techniques et administratives afin de garantir la sécurité des services offerts. A cet effet, ils se dotent de systèmes normalisés leur permettant d'identifier, d'évaluer, de traiter et de gérer continûment les risques liés à la sécurité des systèmes d'information dans le cadre des services offerts directement ou indirectement.

Les exploitants des systèmes d'information mettent en place des mécanismes techniques pour faire face aux atteintes préjudiciables à la disponibilité permanente des systèmes, à leur intégrité, à leur authentification, à leur non répudiation par des utilisateurs tiers, à la confidentialité des données et à la sécurité physique prévus à l'alinéa 1.

Les plates-formes des systèmes d'information font l'objet de protection contre d'éventuels rayonnements et des intrusions qui pourraient compromettre l'intégrité des données transmises et contre toute autre attaque externe notamment par un système de détection d'intrusions,

Article 169

Les personnes morales dont l'activité est d'offrir un accès à des systèmes d'information sont tenues d'informer les usagers :

1° du danger encouru dans l'utilisation

Ingingo ya 167

Ingingo zigize iki gice zirakurikizwa hatirengagijwe ibisabwa amashirahamwe akorera mu gisata c'ubuhinga bw'ukumenyeshya amakuru nk'uko bitegekaniywe mw'ibwirizwa inomero 1/10 ryo ku wa 16 Ntwarante 2022 ryerekeye gukinga n'uguhasha ubukozi bw'ikibi bukorwa biciye mu buhinga ngurukanabumenyi.

Ingingo ya 168

Amashirahamwe akoresha ubuhinga bw'ukumenyeshya amakuru arafata ingingo zose zijanye n'ubuhinga n'intworo kugira ubuzi akora bukingirwe bikwiye. Kubera ivyo, ayo mashirahamwe arafise ubuhinga bwisunga ibisabwa butuma amenya, asuzuma, yiga kandi yame atorera inyishu impanuka zijanye n'umutekano w'ubuhinga bw'ukumenyeshya inkuru zijanye n'ubuzi bakorera abandi bonyene canke bukorwa biciye kuri bo.

Amashirahamwe akoresha ubuhinga bw'ukumenyeshya amakuru arashiraho ubuhinga kugira ahangane n'ingaruka zoterwa n'uko ubuhinga butama bukorwa, bukorwa neza, ari ubw'imvaho, ko butankwa n'abandi babukoresha, ko ivyatororokaniywe bigumizwa mw'ibanga n'umutekano waryo utegekaniywe mu gahimba ka 1.

Imihora y'uguhahananiramwo amakuru y'ubuhinga bw'ukumenyeshya amakuru irakingirwa imishwarara yoshobora kuyishikira n'ivyitamwo vyoshobora gutuma ivyarungitswe bitaguma bimeze uko vyari no ku bindi vyose vyoza vyonona nk'ugushiraho ubuhinga bw'ugushobora gutora ivyitayemwo.

Ingingo ya 169

Amashirahamwe, umurimo wayo ari uwo gutuma ubuhinga bw'ukumenyeshya amakuru bukoreshwa ategerezwa kumenyeshya ababukoresha :

1° Ingorane zishobora gushikira uwubukoresha mu

- des systèmes d'information non sécurisés notamment pour les particuliers ;
- 2° de la nécessité d'installer des dispositifs de contrôle parental ;
- 3° des risques particuliers de violation de sécurité, notamment la famille générique des virus ;
- 4° de l'existence de moyens techniques permettant de restreindre l'accès à certains services et de leur proposer au moins l'un de ces moyens, notamment l'utilisation des systèmes d'exploitation les plus récents, les outils antivirus et contre les logiciels espions et trompeurs, l'activation des pare-feu personnels, de systèmes de détection d'intrusions et l'activation des mises à jour automatiques.
- gihe c'ikoresha ry'ubuhinga bw'ukumenyesha amakuru budakingiwe canecane ubwo abantu bakoresha ;
- 2° Ibikenewe ko habaho ibikoresho bituma abavyeyi bashobora gusuzuma amakuru atangwa ;
- 3° Ibishobora guhungabanya umutekano nk'aho imigera ikomoka ;
- 4° Ukuba hariho ubuhinga butuma hagamuka umuvuduko w'ibirangurirwa abantu bimwebimwe no kubereka n'imiburiburi ubuhinga bumwe muri ubwo, nk'ugukoresha ubuhinga bwa vuba, ibikoresho birwanya imigera n'ibirwanya amarojisiyeri yabura n'ayakoresha mu guhenda abantu, n'uko umuntu kanaka ashobora gushiraho ubuhinga butuma atawushobora kwinjira mu buhinga bwiwe, ubuhinga butuma ashobora gutora abinjije mu buhinga akoresha hamwe n'ugushiraho uburyo bw'ukwama ashira ku gihe ubuhinga akoresha.

Article 170

Les exploitants des systèmes d'information informent les utilisateurs de l'interdiction faite d'utiliser le réseau de communications électroniques pour diffuser des contenus illicites ou tout autre acte qui peut entamer la sécurité des réseaux ou des systèmes d'information.

L'interdiction porte également sur la conception de logiciel trompeur, de logiciel espion, de logiciel potentiellement indésirable ou de tout autre outil conduisant à un comportement frauduleux.

Article 171

Les exploitants des systèmes d'information ont l'obligation de conserver les données de connexion et de trafic de leurs systèmes d'information pendant une période de dix (10) ans.

Les exploitants des systèmes d'information sont tenus d'installer des mécanismes de surveillance de contrôle d'accès aux données

Ingingo ya 170

Amashirahamwe akoresha ubuhinga bw'ukumenyesha amakuru aramenyesha abakoresha ubwo buhinga ibibujijwe mu gukoresha umuhora w'uguhanahana amakuru biciye mu buhinga bwa none mu gukwiragiza ibitemewe n'amategeko canke ikindi gikorwa cose gishobora kubangamira umutekano w'imihora canke w'ubuhinga bw'ukumenyesha amakuru.

Ivyo bibujijwe vyerekeye kandi ugutegura irojisiyeri ikoresha mu guhenda abantu, irojisiyeri yabura, irojisiyeri ishobora kutemererwa gukora canke ikindi gikoresha cose gituma haba ubusuma.

Ingingo ya 171

Amashirahamwe akoresha ubuhinga bw'ukumenyesha amakuru ategerezwa kubika ivyatororokanijwe bituma abanywanyi baja ku murongo kandi bakoresha ubuhinga bwabo bw'ukumenyesha amakuru mu kiringo c'imyaka icumi (10).

Amashirahamwe akoresha ubuhinga bw'ukumenyesha amakuru ategerezwa gushiraho uburyo bw'ugucungera isuzuma ry'ingene ivyatororokanijwe

de leurs systèmes d'information. Les données conservées peuvent être accessibles lors des investigations judiciaires.

Les installations des exploitants des systèmes d'information peuvent faire l'objet de perquisition ou de saisie sur ordre d'une autorité judiciaire dans les conditions prévues par les lois et règlements en vigueur.

Article 172

Les exploitants des systèmes d'information évaluent, révisent leurs systèmes de sécurité et introduisent en cas de nécessité les modifications appropriées dans leurs pratiques, mesures et techniques de sécurité en fonction de l'évolution des technologies.

Les exploitants des systèmes d'information et leurs utilisateurs coopèrent entre eux pour l'élaboration et la mise en œuvre des pratiques, mesures et techniques de sécurité de leurs systèmes.

Article 173

Les fournisseurs de contenus des réseaux de communications électroniques et systèmes d'information sont tenus d'assurer la disponibilité des contenus, ainsi que celle des données stockées dans leurs installations.

Ils ont l'obligation de mettre en place des filtres pour faire face aux atteintes préjudiciables aux données personnelles et à la vie privée des utilisateurs.

Article 174

Les réseaux de communications électroniques et les systèmes d'information sont soumis à un régime d'audit de sécurité obligatoire et périodique de leurs systèmes de sécurité.

L'audit de sécurité et les mesures d'impact de gravité sont effectués chaque année ou lorsque les circonstances l'exigent.

vyo mu buhinga bwabo bw'ukumenyesha amakuru bikoreshwa. Ivyatororokanijwe bibitswe birashobora gukoreshwa mu gihe c'amatohoza y'ubutungane.

Ivyubatswe vy'amashirahamwe akoresha ubuhinga bw'ukumenyesha amakuru birashobora gusakwa canke bigafatwa kw'itegeko ry'umutegetsi wo mu butungane hisunzwe ibitegekanijwe n'amabwirizwa hamwe n'amategeko asanzwe akurikizwa.

Ingingo ya 172

Amashirahamwe akoresha ubuhinga bw'ukumenyesha amakuru arasuzuma, arasubiramwo ubuhinga bwayo bujanye n'umutekano akagira iyo bikenewe, ivyo ahinduye bibereye mu vyo asanzwe akora, ingingo afata no mu buhinga bijanye n'umutekano bivanye n'aho iterambere mu vy'ubuhinga rigeze.

Amashirahamwe akoresha ubuhinga bw'ukumenyesha amakuru n'ababukoresha barafashanya hagati yabo mu gutegura no mu gushira mu ngiro ivyo asanzwe akora, ingingo afata n'ubuhinga bijanye n'umutekano w'ubuhinga bwayo.

Ingingo ya 173

Amashirahamwe atanga ubutumwa bucishwa mu mihora y'uguhanahana amakuru mu buhinga bwa none n'ubuhinga bw'ukumenyesha amakuru ategerezwa kwitwararika ko ubwo butumwa bwamaho, hamwe n'ivyatororokanijwe bibitswe mu vyuma vyayo.

Ayo mashirahamwe ategerezwa gushiraho uburyo bw'ukuyungurura mu ntumbero yo gutorera umuti ibishobora kubangamira ibitororokanywa vyerekeye umuntu n'ibijanye n'ukwisuka mu buzima bw'abakoresha ubwo butumwa.

Ingingo ya 174

Imihora y'uguhanahana amakuru mu buhinga bwa none n'ubuhinga bw'ukumenyesha amakuru bitegerezwa kwisunga amategeko y'ukugirirwa isuzuma rijanye n'umutekano ritegerejwe kandi ryama riba ku gihe kanaka ry'ubuhinga bwayo bujanye n'umutekano.

Isuzuma rijanye n'umutekano n'ingingo zifatwa zerekana uburemere ingaruka zizogira biragirwa ku mwaka ku mwaka canke igihe uko ibintu bimeze bituma riba.

Les rapports d'audit sont confidentiels et adressés au Ministre chargé des communications électroniques.

Une ordonnance du Ministre chargé des communications électroniques fixe les conditions d'évaluation des niveaux d'impact de gravité.

CHAPITRE XI. DU REGLEMENT DES DIFFERENDS

Article 175

Les parties peuvent, de commun accord, soumettre leurs différends à l'ARCEP pour un règlement amiable les litiges entre exploitants de réseaux de communications électroniques ou les fournisseurs de services associés, et notamment ceux qui sont relatifs à l'interconnexion, à l'itinérance nationale, aux liaisons louées, à l'accès à la boucle locale, aux accords de partage d'infrastructures, aux accords de partage de biens fonciers et aux accords de coordination des travaux ainsi qu'aux autres accords commerciaux.

L'ARCEP règle également dans les mêmes conditions les litiges entre les abonnés ou les utilisateurs, d'une part, et les exploitants des réseaux de communications électroniques ou les fournisseurs des services associés, d'autre part.

En cas d'échec du règlement amiable, les parties peuvent emprunter la voie arbitrale ou la voie judiciaire.

Article 176

En cas de litige entre un opérateur établi au Burundi et un autre opérateur établi dans un autre pays, le premier peut soumettre le différend à l'ARCEP. Cette dernière consulte le Régulateur de l'autre pays concerné pour tenter de régler le litige à l'amiable.

Ibiri mu vyegeranyo vy'isuzuma bigumizwa mw'ibanga kandi bishikirizwa Umushikiranganji ajejwe ivyerekeye uguhanahana amakuru mu buhinga bwa none.

Itegeko ry'Umushikiranganji ajejwe ivyerekeye uguhanahana amakuru mu buhinga bwa none rirashinga ibisabwa mu gusuzuma urugero rw'uburemere ingaruka zishobora kugira.

IGICE CA XI. IVYEREKEYE UGUTATURA AMATATI

Ingingo ya 175

Abafitaniye amatati barashobora, bavyumvikanyeko, gushikiriza Urwego ARCEP kugira rutature biciye mu mwumvikano amatati yaduka hagati y'amashirahamwe akoresha ivyuma vy'uguhanahana amakuru ku buhinga bwa none canke hagati y'ayakorera abandi ubuzi bijanye, na canecane ayajanye n'uguhana imihora, uguhanahana imihora mu turere tw'igihugu, imirongo ikoteshejwe, ugukoresha inzira za terefone z'ahantu, amasezerano y'ugusangira ivyubatswe, amasezerano y'ugusangira amatongo n'amasezerano y'ugukurikiranira hafi ibikorwa hamwe n'ayandi masezerano yose ajanye n'ubudandaji.

Urwego ARCEP ruratatura rubicishije muri iyo nzira nyene amatati yaduka hagati y'abanywanyi canke abakoresha ubuhinga bwa none bwo guhanahana amakuru n'amatati hagati y'amashirahamwe akoresha ivyuma vy'uguhanahana amakuru ku buhinga bwa none canke hagati y'abakorera abandi ubuzi bijanye.

Mu gihe bidashobotse ko urwo rwego rwumvikanisha abafitaniye amatati, barashobora kwitura abahuzza canke ubutungane.

Ingingo ya 176

Mu gihe habaye amatati hagati y'ishirahamwe rikorera mu Burundi n'irikorera mu kindi gihugu, ishishirahamwe rikorera mu Burundi rirashobora gushikiriza ayo matati Urwego ARCEP. Urwo Rwego rurahanuza Urwego rwo mu kindi gihugu vyerekeye kugira rugerageze kumvikanisha abafitaniye amatati.

Article 177

En cas d'échec du règlement amiable, les parties peuvent emprunter la voie arbitrale ou la voie judiciaire.

Ingingo ya 177

Igihe bidashobotse ko Urwo rwego rwumvikanisha abafitaniye amatati, barashobora kwitura abahuza canke ubutungane.

CHAPITRE XII. DES POUVOIRS D'ENQUÊTES ET DES SANCTIONS

IGICE CA XII. UBUBASHA BW'UKUGIRA AMATOHOZA N'UGUTANGA IBIHANO

Section 1. Des pouvoirs d'enquêtes

Agace ka 1. Ububasha bw'ukugira amatohoza

Article 178

L'ARCEP peut recueillir auprès des opérateurs exerçant des activités de communications électroniques les informations ou les documents nécessaires pour s'assurer du respect par ceux-ci de leurs obligations sans qu'il puisse lui être opposé le secret des affaires.

Ingingo ya 178

Urwego ARCEP rurashobora kurondera inkuru canke inzandiko zikenewe ku mashirahamwe akora ivy'uguhanahana amakuru mu buhinga bwa none , kugira rumenye neza ko ayo mashirahamwe yubahiriza ivyo ategerejwe kandi ayo mashirahamwe ntashobora kwitwaza ingingo yo kugumiza mw'ibanga ibijanye n'urudandazwa.

L'ARCEP peut également procéder à des enquêtes auprès des mêmes opérateurs.

Urwego ARCEP rurashobora kandi kugira amatohoza muri ayo mashirahamwe nyene.

Article 179

En cas de besoin, l'ARCEP désigne des agents assermentés pour accéder aux locaux, terrains ou moyens de transport à usage professionnel utilisés par les personnes exerçant des activités de communications électroniques, demander la consultation de tous documents professionnels nécessaires, recueillir sur convocation ou sur place les renseignements et justifications nécessaires.

Ingingo ya 179

Mu gihe biba bikenewe, urwego ARCEP ruragenda abakozi babirahiriye kugira bashobore gushika mu nyubakwa, mu bibanza canke mu vyunguruza abantu n'ibintu bikorehwa mu kazi n'abantu bakora ibikorwa vy'uguhanahana amakuru ku buhinga bwa none, gusaba gushikirizwa inzandiko zose z'akazi zikenewe, gutororokanya inkuru n'ivyemezo bikenewe bahamagaje abo vyega canke bishikiye mu bibanza bagiramwo amatohoza.

L'ARCEP peut aussi, dans les mêmes lieux et les mêmes conditions, procéder à la saisie des matériels, à la perquisition ainsi qu'à la fermeture des locaux pour les besoins d'enquête et sur autorisation écrite du Ministère public. Cette fermeture ne peut excéder vingt-quatre heures.

Urwego ARCEP rurashobora kandi, muri ivyo bibanza no muri ubwo buryo nyene, gufata ibikoreho, gusaka hamwe no kwugaza inyubakwa ku mvo z'amatohoza kandi bibanje gutangirwa uruhusha rwanditse rw'umushikirizamanza. Iyo ingingo y'ukwugaza inyubakwa ntashobora kurenza amasaha mirongo ibiri n'ane.

Section 2. Des sanctions

Article 180

En cas d'atteinte grave et flagrante aux dispositions régissant le marché national des communications électroniques, l'ARCEP peut, après avoir demandé aux parties de présenter leurs observations, ordonner des mesures provisoires appropriées en vue d'assurer la continuité du fonctionnement des réseaux.

Article 181

Lorsqu'il est établi qu'un opérateur a failli à ses obligations découlant des accords internationaux, de la législation et de la réglementation nationales applicables aux communications électroniques ou des conditions attachées à sa licence, à son autorisation ou à sa déclaration, ou lorsqu'une action ou une pratique anticoncurrentielle peut lui être imputée, l'ARCEP peut, soit d'office, soit à la demande de sa tutelle, d'un opérateur, d'une organisation professionnelle, d'une association d'utilisateurs ou d'une personne physique ou morale intéressée, le mettre en demeure de se conformer à ses obligations dans un délai n'excédant pas un mois si le manquement est répété ou est grave.

Article 182

Lorsque l'opérateur en cause ne se conforme pas à la mise en demeure dans les délais fixés, l'ARCEP peut, compte tenu de la gravité du manquement, prononcer à son encontre l'une des sanctions suivantes :

- 1° Une astreinte dont le montant est proportionné à la gravité du manquement et aux avantages qui en sont tirés ;
- 2° La suspension ou le retrait de l'autorisation en cas de manquements graves ou répétés.

Agace ka 2. Ibihano

Ingingo ya 180

Mu gihe hatubahirijwe birenze urugero kandi bimwe bigaragara ingingo zigenga urudandazwa rujanye n'uguhanahana amakuru ku buhinga bwa none mu gihugu, Urwego ARCEP rurashobora, rumaze gusaba abo vyega gushikiriza ico babivuzeko, gufata ingingo mfatakibanza zibereye kugira ivyuma vy'uguhanahana amakuru ku buhinga bwa none bigume bikora.

Ingingo ya 181

Mu gihe vyemejwe ko ishirahamwe ritubahirije ivyo ritegerejwe bijanye n'amasezerano mpuzamakungu, amabwirizwa n'amategeko y'igihugu akurikizwa mu vyerekeye uguhanahana amakuru ku buhinga bwa none canke ritubahirije ivyo ryasabwe bijanye n'uruhusha ishirahamwe ryahawe canke ivyo ryamenyesheje, canke mu gihe ibikorwa vyaryo canke ivyo rigira bitubahiriza ihiganwa bishobora kuryagira, Urwego ARCEP ruyibwirije canke rubisabwe n'Ubushikiranganji rukukira, ishirahamwe ry'uguhanahana amakuru, ishirahamwe ry'abakora uwo mwuga, ishirahamwe ry'abakoresha ubuhinga bw'uguhanahana amakuru, umuntu canke ishirahamwe ribifisemwo inyungu, rurashobora kurigabisha ngo rihagarike ivyo bikorwa biteye kubiri n'amategeko mu kiringo kitarenza ukwezi kumwe mu gihe ishirahamwe risubiye gukora iryo kosa canke iyo ikosa rihambaye.

Ingingo ya 182

Mu gihe ishirahamwe ryagabishijwe ritubahirije iyo ngingo mu biringo vyashinzwe, Urwego ARCEP, bivanye n'uburemere bw'ikosa, rurashobora kurifatira ibihano bikurikira :

- 1° Ugutanga indishi y'amafaranga igitigiri cayo kikaringanira n'uburemere bw'ikosa ryakoze n'uturusho ryabikuyemwo ;
- 2° Ukurihagarika canke ukuryaka uruhusha ryahawe mu gihe ari amakosa ahambaye canke aza arisubiriza.

Ces mesures sont prises après que l'opérateur mis en cause ait reçu notification des griefs et mis à même de présenter ses observations écrites et /ou verbales.

Article 183

A titre exceptionnel et lorsque le manquement est particulièrement grave, notamment au regard de l'importance de la règle concernée ou des conséquences préjudiciables que sa violation entraîne pour le secteur ou lorsqu'il résulte de la non-exécution d'une décision de règlement de litige, l'ARCEP peut adopter des mesures provisoires, sans mise en demeure, en attendant de prendre des mesures définitives.

Les mesures provisoires ne peuvent produire d'effets que durant une période qui ne peut être supérieure à deux mois.

Les mesures prises par l'ARCEP sont motivées et notifiées à l'intéressé. Elles peuvent être rendues publiques.

Article 184

Toute personne physique ou morale qui, sans autorisation préalable, exerce l'une des activités soumises à l'un des régimes prévus par la présente loi, est mise en demeure. A l'issue d'une période n'excédant pas trente jours calendaires, l'ARCEP procède au démantèlement des installations nuisibles aux frais du mis en demeure.

Article 185

Toute personne qui, sans intention d'interrompre les communications électroniques, commande une action ayant eu pour effet d'interrompre les communications électroniques, est tenue de réparer les dommages causés conformément aux dispositions légales en vigueur.

Article 186

Sans préjudice des dispositions du code pénal et d'autres lois et règlements en vigueur au Burundi, l'ARCEP peut infliger aux contrevenants des amendes administratives

Izo ngingo zifatwa ari uko ishirahamwe ryagabishijwe rimaze kuronka urwandiko rurimenyesha ivyo ryagirizwa kandi rigahabwa akaryo ko gushikiriza ivyo yireguza mu nyandiko no mu mvugo.

Ingingo ya 183

Mu bihe bidasanze kandi mu gihe hakozwe ikosa rihambaye cane, hafatiwe ku buremere bw'ingingo yarenzwe canke ku nkurikizi z'amakosa yakozwe mu vyerekeye uguhanahana amakuru canke mu gihe ayo makosa avuye mu kudakurikiza ingingo yafashwe mu gutatura amatati, Urwego ARCEP rurashobora gufatira ishirahamwe ingingo mfatakibanza, rutarinze kurigabisha mu kurindira ko rufata ingingo ntabanduka.

Ingingo mfatakibanza zishobora kugira inkurikizi mu kiringo gito gusa, ico kiringo ntigishobora kurenga amezi abiri.

Ingingo zifatwa n'Urwego ARCEP ziratangirwa imvo kandi zikamenyeshwa ishirahamwe vyerekeye. Izo ngingo zirashobora gutangazwa.

Ingingo ya 184

Umuntu wese canke ishirahamwe ryose, riranguye ibikorwa bigengwa n'amwe mu mategeko ategemanyijwe n'iri bwirizwa, ritabifitiye uruhusha, rica ragabishwa. Ikiringo kitarenza imisi mironko itatu ikurikirana kirangiye, Urwego ARCEP ruca rusambura ivyubatswe bibabangamira abandi ku mafaranga we nyene canke ryo nyene ririha.

Ingingo ya 185

Umuntu wese asavye gukorerwa igikorwa gituma ibijanye n'uguhanahana amakuru ku buhinga bwa none bica bihagarara gukora ariko ata ntumbero yari afise yo kubihagarika, ategerezwa gusubiza mu buryo ivyononekaye hisunzwe ibitegekajijwe n'amategeko asanzwe akurikizwa.

Ingingo ya 186

Hatirengagijwe ibitegekanyijwe mw'ibwirizwa mpanavyaha n'ayandi mabwirizwa n'amategeko asanzwe akora mu Burundi, Urwego ARCEP rurashobora gutangisha abagirwa n'amakosa

fixées par voie réglementaire.

Article 187

Les décisions rendues par l'ARCEP peuvent être attaquées conformément aux règles applicables en matière de contentieux administratif.

Article 188

Les auteurs, co-auteurs et complices des infractions résultant de la violation des dispositions du titre II de la présente loi sont punis conformément au code pénal et à d'autres lois spéciales en vigueur au Burundi.

TITRE III. DES DISPOSITIONS REGISSANT LES POSTES

CHAPITRE I. DES PRINCIPES

Article 189

Le présent titre s'applique aux différentes activités relatives aux prestations et aux opérations réalisées sur le territoire national par tout opérateur postal, quel que soit son statut juridique, le lieu de son siège social ou de son principal établissement, la nationalité des actionnaires ou de ses dirigeants.

Article 190

Les activités postales s'exercent librement dans le respect des dispositions légales et réglementaires ainsi que des concessions, des autorisations et des déclarations dans des conditions objectives, transparentes, non discriminatoires et proportionnées aux objectifs poursuivis.

Article 191

Nonobstant les dispositions de l'article 189, la présente loi ne s'applique pas à l'acheminement des correspondances et des documents effectués :

1° entre les différents bureaux ou Agences

amahadabu rushinga biciye mw'itegeko.

Ingingo ya 187

Ingingo zifatwa n'Urwego ARCEP zirashobora kwitwarirwa hisunzwe amategeko akurikizwa ku vyerekeye amatati ajanye n'ivy'intwaro.

Ingingo ya 188

Abagiriye ivyaha bikoze bivuye ku guhonyanga ingingo zigize ikigabane ca II c'iri bwirizwa bahanwa hisunzwe ibwirizwa mpanavyaha n'ayandi mabwirizwa yose asanzwe akwirikizwa mu Burundi.

IKIGABANE CA III . INGINGO ZIGENGA IVYEREKEYE AMAPOSITA

IGICE CA I. INGINGO NGENDERWAKO

Ingingo ya 189

Iki kigabane cerekeye ibikorwa bitandukanye bijanye n'ibirangurirwa ku gataka k'Uburundi bigirwa n'ishirahamwe iryo ari ryo ryose rikora ibijanye n'amaposita, uko riba rifatwa kwose imbere y'amategeko, aho icicaro caryo canke ikigo gikuru caryo kiba kiri hose, ubwenegihugu ubwo ari bwo bwose bw'abarishizemwo umutahe canke ubwo abarirongoye.

Ingingo ya 190

Ibikorwa vy'amaposita birangurwa n'uwo ari we wese hubahirijwe amabwirizwa n'amategeko avyerekeye hamwe n'amasezerano y'intizo, impusha z'ukwemererwa gukora n'inzandiko zimenyeshya ibikorwa zitangwa kandi ata nkunzi, ku mugaragaro, ata gukumira kandi hisunzwe intumbero zipfuzwa gushikwako.

Ingingo ya 191

Hirengagijwe ibitegekaniye mu ngingo ya 189, iri bwirizwa ntirerekeye ugutwara amakete n'inzandiko bigirwa :

1° N'abakozi b'ishirahamwe hagati y'ibiro vy'iryo

d'une même entreprise par ses préposés ;

2° par les missions diplomatiques accréditées au Burundi et les organisations internationales, conformément aux conventions internationales en vigueur en la matière ;

3° à titre bénévole, sans caractère régulier, par une personne physique pour un parent ou une personne de connaissance.

shirahamwe n'ibindi biro vy'iryo shirahamwe nyene canke hagati y'amashami yaryo ;

2° N'abaserukira ibihugu vyabo mu Burundi hamwe n'amashirahamwe mpuzamakungu, hisunzwe amasezerano mpuzamakungu asanzwe akurikizwa avyerekeye ;

3° N'umuntu abikora ataco asavye, kandi atari ivy'igihe cose, abikorera incuti canke uwundi muntu bazinanye.

Article 192

L'Etat prend, dans des conditions objectives et transparentes, des mesures raisonnables et proportionnées aux objectifs de développement poursuivis en veillant notamment à :

1° assurer le libre exercice des activités postales dans le respect des termes des autorisations prévues par la présente loi ;

2° consacrer la séparation des fonctions de réglementation, de régulation, et d'exploitation dans le secteur postal ;

3° garantir l'égalité de traitement des opérateurs postaux et à la libre concurrence ;

4° attirer les investissements en vue d'assurer le développement technologique du secteur postal ;

5° respecter le secret des correspondances et le principe de neutralité au regard du contenu des envois postaux par les opérateurs postaux, ainsi que la protection des données à caractère personnel ;

6° protéger les consommateurs ;

7° assurer la sécurité publique ;

8° contrôler rigoureusement les envois postaux ;

Ingingo ya 192

Reta irafata, ata nkunzi kandi ku mugaragaro, ingingo zibereye kandi hisunzwe intumbero zifuzwa gushikwako mw'iterambere hitwararitswe nk'ibi :

1° Gutuma ibikorwa vy'amaposita bishobora kurangurwa n'uwo ari wese hubahirijwe ibiri mu mpusha zitegekanijwe n'iri bwirizwa ;

2° Gutandukanya imirimo ijanye n'ugushinga amategeko, ugucungera n'ugukorera mu gisata c'amaposita ;

3° Gufata kumwe amashirahamwe akora nk'iposita no gutuma haba ihiganwa muri ico gisata ata nzitizi ;

4° Gukwegakwega abanyamitahe kugira bateze imbere ubuhinga mu gisata c'amaposita ;

5° Gutuma amashirahamwe akora nk'iposita agumiza mw'ibanga ubutumwa burungikwa no kutagira aho ahengamiye hafatiwe ku butumwa burungikwa, hamwe no gukingira amabanga y'umuntu ;

6° Gukingira abarangurirwa ubuzi n'amaposita ;

7° Gukingira umutekano w'abanyagihugu ;

8° Gusuzuma bimwe bikomeye ibirungikwa biciye mu maposita ;

9° assurer la transparence des comptes des opérateurs.

9° Gutuma amakonte y'amashirahamwe atunganywa biciye mu muco.

CHAPITRE II. DES ACTIVITES POSTALES

IGICE CA II. IBIRANGURWA N'AMAPOSITA

Article 193

Les activités postales sont exercées dans le cadre des services postaux, du service postal universel, des services réservés, des services non réservés et d'autres services nécessités par l'accomplissement des missions des opérateurs postaux.

Ingingo ya 193

Ibirangurwa n'amaposita ni ibikorwa amaposita arangurira abantu, ibikorwa bituma bose bashobora gukoresha ivy'amaposita, ibikorwa birangurwa gusa n'amaposita yabigenewe, ibikorwa birangurwa n'amashirahamwe ayo ari yo yose akora nk'iposita hamwe n'ibindi bikorwa bikenewe kugira amashirahamwe akora ibijanye n'amaposita arangure imirimo yayo.

Les services, de qualité déterminée et contrôlée, doivent obligatoirement être offerts de manière permanente et régulière sur toute l'étendue du territoire national.

Ibirangurwa n'amaposita, uko bitegerezwa kurangurwa biba bitomowe neza kandi bigasuzumwa, bitegerezwa kuguma bikorwa nk'uko vyatomowe mu gihugu cose .

Section 1. Des services postaux

Agace ka 1. Ibikorwa amaposita arangurira abantu

Article 194

Le Service postal a pour objet notamment de :

Ingingo ya 194

Ibikorwa amaposita arangurira abantu vyerekeye canecane ibi bikurikira :

1° collecter, transporter ou faire transporter et distribuer sur toute l'étendue du pays les envois de la poste aux lettres ;

1° Kwegeranya ubutumwa bushirwa ku biro bitandukanye vy'amaposita, gutwara ubwo butumwa canke kubuha ababutwara no kubutanga mu gihugu cose ;

2° recevoir, transmettre et distribuer le courrier électronique pour le compte du public ;

2° Kwakira ubutumwa bw'abanyagihugu buciye mu buhinga ngurukanabumenyi, kuburungikira canke kubushikiriza abo bugenewe ;

3° faire imprimer les timbres-poste, les cartes postales, les brochures des tarifs postaux, les coupons-réponse internationaux, les valeurs philatéliques et autres imprimés de valeur en rapport avec ses activités ;

3° Gusohozza mu mashini amatembure, amakarata y'ubutumwa acishwa mw'iposita, udutabu turimwo ibiciro vya posita, impapuro zitangirwako inyishu zikoresha ku rwego mpuzamakungu, inzandiko z'agaciro za posita n'izindi mpapuro z'agaciro zisanzwe ziriko ivyandiko zijanye n'imirimo y'amaposita ;

4° emettre et payer les mandats postaux ;

4° Gusohora no kuriha imanda za posita ;

5° gérer les comptes chèques postaux ;

5° Gutunganya amakonte yugururirwa mu maposta ;

6° coopérer à l'exécution de tâches incombant au service des

6° Gufasha mw'irangurwa ry'imirimo ijanye n'ugutumatumako n'iyindi, hakurikijwe ibiri mu